**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**Қарақалпақ филологиясы факультети**

**Әдебият теориясы ҳәм оқытыў методикасы кафедрасы**

# Роман теориясы

**(Лекция текстлери)**

**Лекция-16**

**Әмелий-12**

**Семинар-12**

**Магистратура бағдары 5А120101-Әдебияттаныў**

**Әдебият теориясы ҳәм оқытыў методикасы кафедрасы баслығы: доц.Қ.Юсупов**

**ҚМУ оқыў ислери бойынша проректор: доц. М.Ибрагимов**

**Дүзген: ф.и.к. П.Нуржанов**

**Нөкис - 2011**

.

СЮЖЕТ-РОМАНДА ПОЭТИКАЛЫҚ ШЕБЕРЛИКТИҢ БАСЛЫ ШӘРТИ

1. Тарийхый шараят ҳәм сюжет поэтикасы
2. Заманагөй романда сюжет дүзиў поэтикасы ...
3. Фантастикалық сюжет ҳәм роман поэтикасы.

Хақыйқатында, ҳәр қандай роман жанрында дөретилген шығармалар ушын ең баслы шәртлердиң бири бул турмыс шынлығы менен дәўир хақыйқатлығын көлемли, базда эпопеялық сыпаттағы кең масштаблы ўақыялар менен шым-шытырық, қым-қыйғаш хәдийселерди кең түрде қамтып алып сүўретлеў болып есапланады. Пүткил дүнья әдебиятында даңқ қалдырған бундай көлемли сюжетлер менен тутас бир әсир ўақыяларын алып сүўретлеўши шығармалар көплеп ушырасады. Олардан Л.Толстойдың «Урыс ҳәм парахатшылық», М.Шолоховтың «Тынық дон», М.Әўезовтың «Абай жолы», Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ дәстаны», К.Мәмбетовтың «Поскан ел», «Түркстан» ҳәм Ш.Сейтовтың төрт китаптан ибарат болған «Халқабад» атлы эпопеялық шығармаларын атап өтиўимизге туўра келеди. Булардың барлығындағы ең баслы өзгешеликлер сыпатында пүткил ярым әсир, бир ямаса бир неше әсирлердеги ўақыяларды да кең қамтып алып, оларды белгили бир идеялық тематикалық бағдарларға бирлестирип сәўлелендириў көзге түседи. Мине, усылардың ишинде ХХ әсирдиң 70-80-жыллары жүзеге келген Ш.Сейтовтың «Халқабад»[1] роман-эпопеясында сюжет дүзиўдиң дәстүрий түрдеги кең көлемлилиги, олардың белгили бағдарға бирлестирилиўи менен сюжетлик раўажланыў ең дәслеп қаҳарманлар минез-қулқын тереңнен ашыўға жумсалады. Романда сюжет дүзиўдиң бурынғыдай тек ғана дәстүрий, избе-из түрдеги - ўақыяларды дизип, сада сүўретлеў арқалы емес, ал, олардың утымлы, тәсиршең поэтикалық формалары болған диалог, қаҳарманлардың аўызша гүрриң етип бериўлери, хат, кеңирек етип алынған аўыз еки әңгимелери сыяқлы түрлери, сондай-ақ, қызықлы, өзине тартымлы сатира-юморлық сыпаттағы ҳәрекет ҳәм қыймыл-қозғалыс түрлерин де қамтыў дыққатты айрықша өзине тартып турады. Әлбетте, соңғы айтылып атырған поэтикалық формалар қарақалпақ прозасының буннан алдыңғы дәўирлериндеги шығармаларында ушыраспайтуғын ямаса күтә аз ислетилген көркемлик усыллар болып есапланады. Сондай-ақ, жазыўшының аты аталған эпопеялық дөретпесинде әдебий қаҳарманлардың ис-ҳәрекетлерине берилген ҳәм олардың минез-қулық белгилерине тийисли болған қосымша авторлық сыпатлама-мағлыўматлар да қарақалпақ прозасының буннан алдыңғы тәжирийбелерине салыстырғанда, әмелий жақтан алып қарағанда, жүдә жанлы, тәсиршең, эмоциональ сыпатларға ийе. Сонлықтан да оларды улыўмаластырып, белгили бир теориялық жуўмақлар шығарыў үлкен әҳмийетке ийе деген пикирге келемиз.

Аты аталған Шаўдырбай Сейтов эпопеясы бир қанша әдебиятшы алымлардың мийнетлеринде сөз болды[2]. Бирақ ол монографиялық планда еле изертленген жоқ. Мине, усындай әмелий көркемлик ўазыйпалардан келип шыға отырып, бул дөретпени илимий талқыға тартқан мақсетке муўапық болады.

Жазыўшының роман-эпопеясы усы ўақытқа шекем халық душпаны деп есапланып келген Избасқан (Избан) атлы әдебий қаҳарманның түн жарпында өз шериклеси, Халқабад аўылында пайда болған жаңа бай Толыбайдың уйқы төсегинде жатырған жерине дийўалдан асырылып түсип, оған астыртын, қупыя тапсырмалар бериўге

---

[1] Сейтов Ш. Халқабад. I китап. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1977; II китап. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1982; III-IV китаплар. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1989 (ендиги мысаллар усы басылымлардан алынады, қаўыста тек бетлер көрсетиледи).

[2] Ахметов С. Проза ҳәм ўақыт талабы // Әмиўдәрья. 1984. -№1; Мақсетов Қ. Реализм менен толы көркем дөретпе // Әмиўдәрья. 1984. -№6; Алламбергенов Қ. Ығбал жағысы // Әмиўдәрья. 1989. -№1; Бахадырова С. «Китабы дедем қорқыт», «Қоблан», «Едиге» ҳәм ҳәзирги әдебият ҳаққында ойлар. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1992. Б. 152-157.

келиўинен басланады. Тап усы жерден баслап-ақ, жазыўшы өз қаҳарманына қосымша минезлеме бериўди мақул көреди ҳәм бизиңше ол орынлы болса керек. Себеби, бул қосымша мағлыўмат-минезлеме сюжеттиң раўажланыўын тезлетип ҳәм ықшамластырып бериўге де хызмет етип, оқыўшыларды усы әдебий қаҳарманларға байланыслы сюжетлик ўақыялардың раўажланыўын қызғынлы түрде гүзетип, бақлап барыўға жол силтейди. Өйткени, «Сюжет шығарманың текстинде биринши планға шығарылады, оның қурылысын (композициясын) анықлап берди ҳәм оқыўшының дыққатын пүтинлей өзине жәмлейди»[3].

Қараңыз:

«Избасқан сырт пишими мөҳмин, мүсәпир, ғәрипке усағаны менен, онда адамға питпеген шаққанлық, мергенлик, жаўызлық бар, нағыз жүрек жутқан жалмаўыз еди. Жайға өрмелеў ушын оған тек мүйеш болса болғаны, зәңгиниң кәжети жоқ, бул-оның өзинен басқа хеш ким билмейтуғын қәсийети. Бөренеге минип сым қырқыў дегениң усыннан келген бәле екенлигин қара пуқара түўе ГПУдағылар ойлады ма, сирә?!» (4-5-бб.).

Ҳақыйқатында да, бул мағлыўматлар барлық китапқумарлар менен жазыўшылық көз қарастағы практиклерди де, әдебий изертлеўшилерди де қызықтырып дыққатын қаратады. Олар усы арқалы Избасқанның өткендеги ислеген таң қаларлық ҳәдийселерин аз да болса болжап билген сыяқлы болады. Демек, оқыўшылар өз қыялында сюжетлик шегинислер жасаўға мүмкиншилик алады деген сөз. Бул сөзсиз түрде жазыўшының сюжет дүзиўдеги өзинше поэтикалық усылының бир қыры деп есаплаўға туўра келеди.

Солай етип, Избасқан тик пақсаның мүйешине қос пышақты алма гезек шаншып, соған асылып өрмелеўи менен оның төбесине қыйналмастан-ақ шығып алады ҳәм Толыбайлардың үстинен қарап турады... Мине, бул-былайынша қарағанда, таң қаларлық, яғный, абсурд ўақыялардың кишкене бир түри сыяқлы. Романдағы сюжетлик раўажланыўдың Избасқанға байланыслы келешек басқышларында биз буннан да бетер ҳайран қаларлық ис-ҳәрекетлер менен ушырасамыз. Сонлықтан, жазыўшы бул бағытта реализмниң мүмкиншиликлеринен өнимли пайдаланғанлығын атап өтиўимиз керек.

Ҳақыйқатында да, Избасқан өз ислерине оғыры пуқта, шаққанлылығы да, өзинше болжағышлығы менен билгишлиги де, басым бир мақсетке қаратылған гүресшеңлиги де күшли инсан екенлиги, оның Толыбайға қарата айтылған мына сөзлеринен-ақ белгили болады:

«-Нөкис, Үсен жап, Халқабад, Жалпақ жап... Аўыл басына бир қызыл шәпектен қарамайды, солардың да қайда жүргенин билмейсизлер, ләтте пәмлер!... Бир қотыр ешкиңиз жойтылса, пах, излеп бүлер едиңиз-аў, қайда жүргенин, симсиклер!... «Олар сизлердиң қазаныңызда неше мәш қайнағанын биледи!» (10-бет).

Избасқанның бундағы мақсети өз шериклеси Толыбайды жаңа дүзилип атырған хүкимет пенен гүреслерде қырағылыққа шақырыў, елди орысларға ҳәм оның динине берип қоймаў кереклиги болып есапланады. Себеби, Избан жазыўшы сүўретлегендей-ақ: «Мусылманлар мәмлекети... Ислам байрағын жети ықлымның, умумый мусылманларды жыйнап, большойсыз, орыссыз ҳүкимет дүзиў тирийектиң ийисиндей, тырнағына шекем жайлап кеткен, бул иси ушын кисиниң өлими түўели өзиниң өлимин де шыбын шелли көрмейтуғын... еди. Сол пикирлери менен ол Толыбайға «Мадияр Шымбайдан хатланатуғынлардың дизимин, жақында исленежақ ислердиң жобасын алып қайтады. Соны лаганына қосып бизге жеткересең... деген қатал тапсырма берип, оны бес атарын қақ маңлайына гөзеп турып, усыны орынламасаң, жаның жаҳәннемде, деп қорқытып та кетеди. Демек, усы ўақыялар романның келешек сюжетлик раўажланыў жолларына тийкар таярлайды. Енди Толыбай ең алды менен өзин өлимнен аман қалыў ҳәм жыйналған дүнья-малын аман сақлап қалыў ушын да Мәдиярды

---

[3] Хализев В.Е. Сюжет. – Введение в литературоведение. –Москва: Academia, 2000. -382 б.

өлтириў ҳәм оның қолындағы хүжжетлерди қалай қолға түсириў жолларын қарастыра баслайды.

Романда жазыўшының сюжетлик раўажланыўдың белгили бир басқышларын ҳәм оның улыўма раўажланыў жолларын да тәсирли сүўретлеў усылы-бул ең биринши гезекте қәлем ийесиниң объективликке, реализмге сүйенгенлигин айрықша атап өтиўимиз керек. Бул сыпатлар ең дәслеп әдебий қаҳарманлар ҳәрекетлериниң де исенимлилигин ҳәм олардың тереңнен ашылыўын тәмийинлейди. Атап айтқанда, талант ийеси белгили сюжетлик басқышларда мынадай сюжетлик детальларға айрықша итибар берип сәўлелендиреди. Мысалы төмендегилерге итибар берейик:

Толыбай: «Үнсиз жүрип өлини оң жаққа шығарып жатқарды да, үстине ақ жаўып таслады.» ... (56). «Жыламайын деген сайын жылағысы келе берди. Қәпелимде, негедур, инисиниң бетине үңилгиси келип кетти. Қалғанын ол ғайры тәбийий бир жағдайда жүрип иследи-шүтикти жақты, инисиниң басына бирден шөкке түсти де, бирден ашса жүреги жарылып кететуғындай, әсте-әсте өлиниң бетин ашты... Тап ағасын гөзеп атып жибережақ адамдай, бир көзин беккем қысып, екинши көзин барлық қәҳәр ғәзеп пенен бақырайтып ашып атыр екен. Оқ тийместен қас қағым бурын Мәдиярды усылайтып шөкелегенинде қандай ғәзеп пенен қараған болса, тап сондай ғәзеп пенен Толыбайға тесирейди» (58-59).

Сюжетке енгизилип сүўретленген бул детальлық сыпатқа ийе көринисте айрықша терең образлы сыпатлы белги сезилип турған сыяқлы ҳәм ол тек ғана қурғақ ўақыя қуўалаўшылық, ис-ҳәрекетлерди мәзи дизип сүўретлеўлерден жырақ, ал, бул тутас сюжетлик раўажланыўға жан бериўши поэтикалық қәсийетлердиң бири болып есапланады. Шығармада бундай жанлы ҳәм терең образлы сыпатқа ийе орынлар жүдә көп.

Және бир қызық жери сонда, жазыўшы сюжетлик желистиң қәлеген орынларында да сол ўақыялардың айырым, шешиўши қаҳарманлардың тәғдирине - өли яки тирилигине, гейде олардың ким екенлигине байланыслы жуўмақларын бирден билдирип қоймай, ал оларды жумбақлап, сырын ишине тартқыза отырып сүўретлейди. Атап айтқанда, жоқарыдағы сюжетлик раўажланыў басқышында ямаса сюжет детальларында Көлибай менен Елибайдың өз қарсыласы Мәдияр менен атыспасында жаңа дүзим ўәкилиниң өли яки тирилигин оқыўшылар еле анық билмейди. Ал, Елибай болса Мәдиярды өлди деп есаплап жүргени менен, қайтып барғанында өлик орнында жоқ екен. Толыбайдың үйинде оның баласы Көлибайдың өлигин жайғастырып атырған Қунназар ақсақалларға болса, Ақтөре хтб батырақлар: «Әўлийе терек»тиң аржағында Мәдиярдың атын ғарға шоқып атыр... Өзи қайда екен?...(68) деген суўық хабар таўып келеди. «Қунназар жүйкеси қурып, талықсыған адамдай отырып қалды. Басқалар жер шуқлады...». Соңынан бираздан кейин барып, биреў ҳаплығын ишке жуўырып кирди:

-Мәдияр аға ер тоқымын арқалап үйине келди!»

Сюжетлик ўақыяларды мине, усылайынша өзине тартымлы, қызықлы етип, сол мәўритлердиң нәтийжелерин бирден анық жайып салмай, оларды бираз образлы түрде астарланқырап алып сүўретлеў Ш.Сейтовтың «Халқабад» роман-эпопеясының сюжет поэтикасындағы баслы сыпатлы белгилердиң бири.

Әлбетте, романдағы сюжетлик ўақыялардың көпшилиги сол ўақыттағы тийкарғы мәселе болған аўыл хожалығын коллективлик хожалыққа бириктириў машқаласының әтирапына жәмленген. Сонлықтан да, романның дәслепки бөлимлериндеги сюжетлик ўақыялардың көпшилиги басқа да байлар қатары Толыбай тасмаңлайдың хатланыўы яки хатланбаўы ҳаққында болады. Сонда-ақ, оның неге «Тасмаңлай» атанғанлығы түўралы қысқаша сюжетлик мағлуўмат та негизги сюжетке байланыстырылып жиберилген. Ол авторлық сүўретлеме бойынша былай бериледи:

«...Өзи ата тегинде байлық болмаған, жигирмалаған жыл арыда наны қалыңлаған таза бай еди. Орынборға байлардың кәрўанын тартып жургенинде өжет бир әзербайжан менен жуз теңгеге бәсекелесипти. Әзербайжанға қызық, талапкерге теңге керек. «Кимде

ким мынаў май қабақты маңлайына урып сындырса, жүз теңге алады, сындыра алмаса, бизиң жүн артқан кәрўанды Красноводскийге апарысып қайтады. Қәне, ким қайыл», - депти, шарапқа мәсирип отырып. Теңгени санап алдына қойған соң, еки талапкер жутыныпты да, тәўекел ете алмапты. «Мен сындыраман» - депти биреў. Толыбай жақынлаў отыр екен, «қалай қақшып алғанымды билмеймен, қарасам, қабақ қолымда тур, өйтип жүргенше, я байыйын, я өлейин деген ашыў менен маңлайыма былш еттиргеним, я қабақ жарық па еди, я қудай абырой берди ме, пашақ-пашақ болып бузылды. Әне, сол жүз манат жуқты бизге, әдеп, тери-терсек алып саттым, соң-соң бир-еки үйге жеткендей үйшиге үй соқтырып, тарттым-аў қазақ арасына! Оларда жүн болғаны менен жәнеўит жоқ. Үйлерди пуллап, Орынбордан былғары алып қайттым. Бизиң қолды ғарғаның «ҳалаллаўы» соннан басланды, нан таппай жүргенлер «Тасмаңлай» десе дей берсин, журт не демейди?!...» (6-7-бетлер).

Минекей, бул әдебий қаҳарманның өз аўзы менен де айтылған гүрриң менен қосыла берилген авторлық минезлеме-мағлыўматнама тийкарғы сюжетлик желиске қосымша сыпатқа ийе болса да, ол усы негизги бағдарды және де шыйрақластырып жетилистиреди ҳәм тутас сюжеттиң раўажланыўын орынлы түрде тезлетиўге де алып келеди. Басқаша айтқанда, бул усыл орынлы жерлерде автор тәрепинен сюжетлик раўажланыўды қысқартып, тезлетип бериўдиң бир усылы сыпатында қәлем ийеси тәрепинен жийи-жийи қолланылып отырады.

Мине, усы соңғы ўақытлары «наны қалыңлаған таза бай» Толыбайдың жаңа ҳүкимет дәўиринде тапқанының барлығы орталыққа түсежақ, конфискацияланажақ болғанлықтан да ол Избасқан, Сыдық ҳәм т.б. менен сол ҳүкиметти қулатыўға тилеклес болып, олардың қармағына мәжбүрий илинген адамлардың бири. Енди болса Толыбай усы аўқамнан басын тартып алыўы қолын қанға былғап қойғанлығы себепли де жүдә қыйын, ҳәттеки мүмкин емес еди. Усы себепли Колибай инисинен де айрылып отыр. Ол...: «Енди мен жасамай-ақ қояйын, - деп гүбирленеди. Мәдиярдың ҳаялын да, кишкене жүўернемегин де, Сайымбет сүўдырын да, Қунназарын да, Қудайберген шундыйын да ҳәзир ғана қырайын, ҳәзир қырмасам, ҳеш қашан қыра алмайман, ҳеш қашан..», -деп есикке жуўырады...» (59-бет).

Демек, негизги ўақыялық сюжетлерге қосымша бундай ишки монолог түриндеги әдебий қаҳарманлардың ой толғанысларының берилип барылыўы да шығарманың улыўма сюжетлик бағдарына жан ендирип, оның тәбийғыйлығын арттырып, тәсирлиликти күшейтип, реализмди тереңлестирип барыўға мүмкиншиликлер береди.

Толыбай Мәдиярға топылыс жасалғанды сездирип қойыўдан қорқып, баласы Елибайды жортаға жилли етип, сол аўылдағы «Аққесек» әўлийеге апарып байлап қояды. Ол жерден де жалғанлықтың, өтирикшиликтиң изи билинбесин деп Избасқанның кеңеси менен оны Қарақум ийшанға «емлетиў» ушын жибереди. Сөйтип, Мәдиярдың өмирине исленген қастыянлық пенен ол алып киятырған ҳүжжетлер ушын исленген топылыстың изи билинбей бастырылып кетеди.

Тап усы ўақытлары аўылда колхоз қурылысын дүзиў, балаларды жаңа типтеги мектеплерде оқытыў мәселеси қызғын қолға алына баслайды. Сыдық ескише-арабша бала оқытып жүрген мешиттиң жайы мектеп ушын тартып алынды. Жеке хожалықларды жәәмәтлик хожалыққа бириктириў ушын үгит нәсият жумыслар аўылдағы Қудайберген шундый сыяқлы батраклар тәрепинен кең түрде әмелге асырылады. Сол дәўир ҳақыйқалығына тән болған бундай ўақыялар романда баслы сюжетлик раўажланыў бағдары сыпатында обьектив ҳәм терең реалистлик пенен қызықлы, өзине тартымлы усыллар: диалоглар, зәрүрли образлы сюжетлик детальлар арқалы шебер поэтикалық түрде сәўлеленген. Мысалы: «Мектеп ашамыз, отағасы... Бирақ биз... орысша оқытамыз...

-Ха-аа!- Сыдық сабаяқтан қолын тартып алып артына жалт қарады. – Орысша оқытқаны қалай? Мешитте орысша оқытып бола ма?! Онда гилтти бермеймен, ел шешсин оны! Халық шешсин...

-Дабай, ғарры, гилтти әкел! ... Қалай, қайсы тилде оқытамыз, бул бизиң жумысымыз.

- Бул киси Дәўеке аға деген муғаллим, - деп таныстырды Алламберген шундый. - Мешитте сизиң ҳақыңыз жоқ...

-Усы жағаңызға жабысыйып өле қойсам қәйтер екен! - деп созды тырнағына шекем күйинип кеткен Сыдық» (87-б).

Ҳақыйқатында да, бул сол дәўир шынлығына сәйкес келетуғын өмир картиналары еди. Бул жердеги жазыўшының сюжет дүзиўдеги айрықша көзге тасланатуғын белгилериниң бири-диалоглик форманы сюжет раўажланыўының динамикасына сәйкес оны қысқартып сүўретлеў усылы ретинде де, эмоциональлықты күшейтип бериў ушын да орынлы пайдаланыў болып отыр. Роман-эпопеяда бундай диалоглик усылдан пайдаланғанда поэтикалық шеберлиги менен көзге түсетуғын сюжетлик орынлар жүдә көп ҳәм биз буны ретли жерлерде көрсетип барамыз.

Романда жоқарыдағыдай халықты жаңаша жолға түсириў ислеринде Қудайберген шундый қусаған әпиўайы халық ўәкилинен шыққан бадрақлар айрықша үгит-нәсият жумысларын алып барғанлығы шығарманың негизги сюжетинен кең орын алған. Жазыўшы буларды тек авторлық баянлаўлар менен избе-из әпиўайы түрде ғана тәриплеп сүўретлеместен, ал, ретли орынларда оларды әдебий қаҳарманлардың өз аўызларынан да-жоқарыда Толыбай тас маңлайдың гүрриңи сыяқлы етип берип, жаңаша көркем әдебий тәжирийбеге ерискен ҳәм бул бираз поэтикалық табыслар алып келген.

Романның негизги сюжетлик өзегинде көбирек орын алған ўақыялардың қатарында сол ўақытта бай, кулак деп аталған адамларды хатлаў, яғный, конфискациялаў мәселесине байланыслы ҳәдийселер болып есапланады. Солардың бири Толыбайға байланыслы. Конфискациялаў мапазында жеке хожалықтағы майда қой-ешкилер есапқа алынбастан, ири шақлы қара маллар ғана есапқа илинип, сыйыр, өгиз ҳәм жылқы мал тұқымлары, түйелер де ерикли ериксиз түрде орталық ғәзийнеге, колхоз мүлки есабына өткериле баслайды. Ал, колхозды жаңа дүзиў ўақытларында майда-шүйде, ат арба, мойынтырық, гүнде-пазналар да жеке дара адамлардың өз ерки менен орталыққа өткерилип, улыўма жәмәәтлик меншик қорлары жәмленген. Мине, усы мәселеге байланыслы романда Толыбай менен айрықша жеке меншиклик нәписқаўшылыққа берилген Назарбай деген адамның, әдебий қаҳарманлардың арасындағы болып өткен жүдә қызықлы ўақыялар негизги өзекли сюжетлик бағдарға енгизилген.

Атап айтқанда, Толыбайда ири еки өгиз бар. Солар ири қара маллардың есабынан оның ийесиниң қәлеўинен, еркинен де тысқары колхоз мүлкине өтип кететуғын болғанлықтан, Толыбай буларды аңқаў ҳәм әңгөдек, сада Назарбайдың бир неше ешкисине аўмастырып алады. Сөйтип, солардың биреўин усы Назарбайдың өзине сойдырып пуштарлатып, оның қол көмеги менен қонақларын, аўылласларын да күтип жибереди. Толыбайдың бул жердеги мақсети малдың заяға кетпей, олардың өз дәртине жумсалыўы болып есапланады. Ҳийлекерликтиң бул сырларын дәслеп Назарбай нәрсе аңламайды. Оның усындай садалығы менен аңқаўлығы да, дүньяхорлығы менен нәписқаўшылығы да, Толыбайдың ҳийлекерлиги менен сумлығы да усы орынларда, сюжеттиң усы басқышларында айрықша белгили болады ҳәм жазыўшы буны сюжетлик усыл-зәрүрли ири-ири ўақыяларды сүўретлеў жолы менен шебер поэтикалық түрде ашқанлығының гүўасы боламыз. Усы бағытта, әсиресе, романдағы айырым сюжетлик бөлекшелер тәбийғыйлығы ҳәм сатира-юморлық тереңлик сыпатлары менен де дыққатты өзине айрықша тартады. Мәселен, Назарбай өз ешкисин Толыбайдың үйинде сойып, писирип жүрип мынадай қолайсыз аўҳалға түсип қалған:

«Есиркеп ҳайўанға шықса, қолында пуўы бурқыраған бир табақ гөш, Назарбай бақырайып тур, я ары кетпейди, я бери жүрмейди. … Назекеси көзи ақшаңлап «қуданың нәзерине» кетип баратыр. Есиркеп:

-Ой-бай, Назеке кетип барады! - деп бақырды. Дым түсинбеген шундый:

-Аўқат жеп кетсин,- деп атыр еди:

-Ой-бай-аў, Шундый аға, о дүниеге кетип барады! - деди ҳаўлығып. Қудайберген сорпа қуйып атырған шөмишин қоя жуўырды... Назекең алқымына қоңыз турып қалған таўықтай мойнын созып, жүресине отырып атыр еди. Шундый бетине бир үңилди де, еңсесине теуип жиберди. Теўгени де сол, қаралтымы сақадай баўыр анадай жерге торс ете қалды...

-...Тур, маңлайы қатты, ҳәр қашан сен маңлайы қатты, тамағыңнан өлесең! - деп қазан жайға кирип кетти» (96-б).

Минекей, көрип отырғанымыздай, жазыўшы усы жерде Назарбайдың ашкөз, нәписқаўшылығын «ол табақты көтерип баратырып, баўырдың бир бөлегин жутып жиберип, түйилип қалды» деп сүўретлегенде, усы сюжетлик мәўрит тап усындай тәсирли шықпас ҳәм ол биз келтиргендегидей, әдебий поэтикалық нәтийжеге ийе болмас еди. Демек, жазыўшы роман-эпопеяда сюжетлик раўажланыўдың қәлеген моментлеринде зәрүрли орынларды усылай етип айқынластырып, детальластырып бериў арқалы үлкен поэтикалық шеберликлерге ерискен.

Усындай мақсетлер менен жазыўшы Назарбайдың дүньяхор зықналығы менен көз тоймас ҳәм төгилгеннен жалап қал деген «сыяқлы қәсийетлерин Әмет устаның мәмлекетке алтын тапсырыў ўақытларын сүўретлегенде де мынадай етип жүдә тәсирли ҳәм терең образлы түрде ашқан:

«Шашылып кеткен алтын әребек, сырғалар, асықтай-асықтай сом алтынлар қуяшқа шағылысып, журттың көзин қамастырады. Әмет ушын Назарбай еңкилдеп жылап жибере жазлады. Устахана беттен жуўырып келген Сайыпназар... лал болып қалған аламанға итибар берместен, қақпағы ашылып кеткен қобдыйшаға шашылып атырған тиллә теңгелерди, зер буйымларды жыйнастырып сала баслады. Бир бәлеси жуғып қалатуғындай, хеш ким териспеди де. Тек Назарбай журт серпилсе де дәрпенбей, бир орында силейип турады да қояды. Сайыпназар қонышана шаппатлап:

-Көтериң, Назарбай аға, табаныңыздың астында асықтай алтын жатыр! - десе де тырп етпейди. Келип Мәдияр кели қойғандай қушақлап мына жаққа диңк еттирип қойып еди, сол қойған жеринде де жансыз бир мүсиндей тура береди, былай апарып қойса да ойерде де сондай. Адамлардың ишек-силеси қатып күлип атыр...» (320-321).

Мине, бул келтирилген мысалларда,көринип турғанындай-ақ, авторлық социологиялық-идеялық позицияның анықлығы, яғный, Назарбай сыяқлы әдебий қаҳарманлардың нәписқаўшылығы менен дүньяпаразлығын ашып бериў нийетиниң айқынлығы менен қатар, усы мақсетлерден келип шыққан ҳалда жазыўшының сюжет дүзиў ҳәм оның бир тутаслығын тәмийнлеўи - сюжетлик ўақыялардың бир шығарма көлеминде бир-бири менен тығыз байланыс динамикасы менен логикасын сақлаў шеберлиги дыққатты өзине қаратады. Бир тутас роман-эпопеяда өзекли сюжетлик бағдарлар, ис-ҳәрекет ҳәм ўақыялар тап усылайынша тығыз ажыралмас байланысларға ийе. Бизиңше бул, әлбетте, сюжет дүзиў поэтикасына тийисли утымлы фактлер деп есаплаймыз.

Булардан тысқары Назарбайдың үйине барып та белине жабысып қалған, Толыбайдың үйиндеги сойылған ешкиден урлап алған көк етлери себебинен өлим ҳалатына келип, оның ҳаялы дәслеп ийманын үйириўи ушын Сыдық молланы шақырыўы, соңынан болса, азы-кем тәўипшилиги бар Қудайберген шундыйды әкелиўи,оның емлеў ушын дәри пулға Толыбайдан ешкилерине аўмастырып алған жуп өгизиниң биреўин сорап алыўы,кулласы, буннан соң да усы өгизлерге байланыслы қызықлы ҳәм өзине тартымлы ўақыялар романның негизги сюжетлик бағдарында да, жеке сюжетлик детальлар сыпатында да үлкен әҳмийетке ийе. Олар арқалы Назарбайдың жеке меншиклик ҳәм нәписқаўшылық, сүтхорлық характерин, ал, Қудайберген сыяқлы ақ көкирек инсанлардың жоқары адамгершилиги менен ҳақ кеўиллилигин де тереңнен ашыўға себепши болады. Себеби, Қудайберген шундый Назарбайдың өгизиниң биреўин тек ғана дәри пул ямаса резина булаў ушын

(тәўипшилик әсбап) ғана емес, ал, оны колхоз орталығына тапсырыў мақсетинде Назарбайды ҳәм оның ҳаялын да алдарқатып, бир жағынан, усыннан емленбей өлип кетсең, өгиз қалады-ғой деп қорқытып, үркитип те алады. Буннан кейин де Назарбайдың өгизди урлап баратырған жеринен Кудайбергеннниң услап алыўы,оның Толыбай тәрепинен өгизлерди ешкиге алмастырып ислеген ҳәрекетлерин сезип қойып, жуп өгиздиң биреўин Есиркеп екеўи оған қайтадан жетелеп апарып, оның орнына ешкилерин қайтарып бериўлерин сораўы, ал, ҳийлекерлик пенен ҳәр тәрептен жол тапқыш Толыбай тасмаңлайдың және де өз сумлыгын асырып, Назарбайды қайта жалынып, жалбарыныўға мәжбүрлениўи қусаған ўақыялар негизги сюжетлик бағдарда жудә орынлы, сәтли ислетилген. Сонлықтан да, булар бир қарағанда қызықлы ҳәм сатира-юморлық жобада алынса да, олар тек ғана күлкили болып қалмастан, ал, сол сюжетлик бағдар ҳәм желислер, сюжетлик нақ детальлар арқалы қаҳарманлар характерлери тәрепинен ашылады, сол дәўир ҳақыйқатлығына тән болған ҳәдийселер айқын сәўлеленеди, улыўма, романның реализми артып барады.

Сол аўылдағы таза бай деп есапланған Толыбай менен оның есигинде өмиринше шоры болып өткен Бийбайша атлы соқыр кемпирдиң, оның қызы Гүлайша, баласы Жаҳанлардың арасындағы тығыз қатнасықларға байланыслы болған сюжетлик бағдарларда да олардың минез-қулық белгилери менен сол дәўир шынлығы, жигирмаланшы әсирдиң басларындағы (отызыншы жылларындағы) заман ағымының не бир түрли ийримлери, толқыўлары Халқабад аўылының мысалында терең реалистлик, обьективлик пенен ашылғанлығының гүўасы боламыз. Атап айтқанда, ҳүкиметлик ҳәм сол жыллардағы партиялық тапсырма бойынша усы аўылдан бир жигит тракторшылық курсқа, еки қыз бала муғаллимшилик оқыўға кететуғын болады. Олардың бири Қурбан деген устаның баласы Исмет, ал қызлардан аўып келген посқыншының қызы Сулыўшаш, екиншиси Жаҳанның қарындасы Гүлайша еди. Олардың атларын аўыл муғаллими Дәўеке (Дәўлетназар) билимине қарап усыныс етеди.

Гүлайшаны жоқарыда көрсеткенимиз сыяқлы, Толыбай тасмаңлай бираз ўақыттан берли-ақ келин етип түсириў ушын Елибайға айттырып, атастырып қойған, ҳәттеки, қуда түсип, нан сындырысқан. Сонлықтан да, қыздың оқыўға кетиўин оның анасы Бийбайша кемпир де жақтырмайды, сонлықтан да, ол баласы Жаҳанды болажақ қудасы Толыбайға ойласыққа жибереди. Жаҳан болса дәслеп қарындасының оқып келгенин де шеп көрмей, қудасына барып былай дейди:

«-Енди ата, үш ай деген үш күншелли болмайды, өтип кетеди. Келиниңиз атқа минер болса, сизлерге де шеп емес. Елибайдың тойы үш айдан соң, қарындас оқыў питкерип келгеннен кейин-ақ болар, Асыққан қыз байға жарымас» деген... (236-б).

Бул сөзлерди еситкен Толыбайдың төбе шашы тик турса да,ол оғада шыдамлылық пенен Жаҳанға жаңаша оқыўдың зыянын барынша әсте- ақырынлық пенен сада жигиттиң мийине сиңирип отырып жеткизеди». - Оқып келген қыз, исши болған қыз өзин малға саттырмайтуғын болып келеди... малға саттырып көрсин, ҳүкиметтен не жақсылық күтер екен?!... Ҳаялдың өзин Сибирге айдасын-ә! Оның үстине бурымларын қырықтырып, тоқалақ ешкидей болып, орысша порымға көшпесе, оқығаны бир пул, ҳүжжет те, ҳәмел де бермейтуғын қусайды-ғо! Арақ деген тағы бар...» (237-б).

Әлбетте, бул сөзлерди тыңлап отырып Жаҳанның ҳайран қалмаўы мүмкин емес еди. Себеби, ол өзиниң соқыр анасынан да ақ көкирек ҳәм аңқылдақ, сада еди-десек те арзыйды. Олар арасында мынадай гәплер де сол себепли тәбийғый ҳәм исенерли:

«-Арағы не, ата, оның оқыўға не қатнасы бар?

-Сен еле билмейсең, оқыўды питкерген адамларды ҳәмел бермесинен бурын партияға алады. Әне, сол мәжилисте ыстолдың үстинде бир шийше арақ турады. Сен көрмегенсең, ол бир суўдай ақ, зәҳәрдей ашшы зат...

-Сен ишип көрдиң бе,өйтип бир?!?» (237-б).

Минекей, Жаҳанның бул таңланыўларына да Толыбай өз басынан өткергенлерин, Орынборда саўдада жүргендеги араққа байланыслы ўақыяларын майын тамызып

отырып айтып берип, қуда баласының аўзын аштырып таслайды. Сол жақта достының кеўлине қарап мәс болып, шошқаханасында уйқылап қалғанын, мәс достының бийхуш ҳалда ҳаялы менен де емес, ал, қызы менен қушақласып сүйисип, ойынға түсип жүргенлерин айтады. Қарындасың да усы жолға түседи. Мен қудалықтан бас тартажақпан, - деп қорқытады. Қызды Төрткүлге кетип баратырғанда Урысайда атып кетеди, -деп те албыратады. Усылардың барлығы жүйкесин қуртып, ол анасының алдына албырақлап барып, көзиниң алдына Урысайдың бас кесер гәззаплары да елеслеп, қарындасы, анасы, өзи - үшеўи үн салысып жыласады. Гүлайша оқыўға бармайтуғын болады. Сөйтип, Жаҳан және кемпири екеўи Толыбайға ойласыққа келип, олар өз-ара келисип, Гүлайша менен Елибайды қосып атландырып қашырып жибереди. Бирақ, олар Толыбайдың ҳийлекерлик нусқаўына бола аўыл белсендилери ушын өз ерки, келисимлери менен кетип баратырғанлығы ҳаққында хат жазып таслап кетеди. Буны оқыған ақсақал да, баслық та, комсомол хатшысы, тағы басқалар да олардың ата-аналарына ҳеш нәрсе ислей алмайды.

Деген менен, усыған байланыслы романда айрықша қызықлы ҳәм өткир идеалық-эстетикалық ўазыйпаға ийе мынадай сюжетлик ўақыя келип шығады. Оқыўға Төрткүлге кететуғын үшеўин: Исмет, Гүлайша, Сулыўшашты алып кетиў ушын райкомның тапсырмасы менен арбалы еки милиционер келип, олардың аты-жөнин бирме-бир айтып, соларды баслық Мәдиярға арбаға мингизиўди буйырады.

«-Қурбан улы Исметти, Мамыт қызы Гүлайшаны, Шотан қызы Сулыўшашты ҳәзир арбаға саласыз». Усылай буйыра отырып, олар неге милиционер жибергенлигин «Бегжаптың қырғынынан кейин ҳүкиметтиң аўзы пискен», - деп, бул оқыўшылардың қәўипсизлиги екенлигин түсиндиреди. Ендиги жаман жери сол, оқыўға баратуғын Гүлайша жоқ. Буның мәнисин ҳәм себебин еки милиционер де түсинбейди ҳәм оны таллап отырыўға олардың ҳуқықы да жоқ екен. Сонлықтан олар «Мамыт қызы қайда?... Мында көрсетилген еки қыз, бир баланы түўеллеп арбаға саласаң, маған басы түўел болса болды, ҳүжжети соң дуўрылана береди» деп қырсығады...:

-Ҳа, жоқты қайдан таўаман, бир тамаша адам екенсең?!

-Таппасаң, қатыныңды жибер! - деп қышқырып жибереди үки көз милиционер» (262-б).

Сөйтип, ҳақыйқатында, ҳүкимет пенен партиядан қорққанынан–ақ Мәдияр өзиниң ҳаялы Айсултанды қысқа муғаллимшилик курсқа жибериўге мәжбүр болады. Себеп пенен, Толыбай, Бийбайша, Гүлайша ҳәм Жаҳанлардың орынсыз ис-ҳәрекетлериниң ақыбетинде Айсултан Төрткүлде оқып қайтады. Оның қайтып келиў ўақыялары да романда қызықлы сюжетлик детальлар менен жүдә тәсирли ҳәм терең мәнили түрде сәўлелендирилген.

Сондай-ақ, романдағы жоқарыдағы сюжетлик орында сәўлеленгениндей, посып келген Шотан атлы қазақ миллети ўәкилиниң қызы (негизинде, үйинде тәрбияланған қарындас ағайини) Сулыўшашты да бирден арбаға мингизип жибериў аңсатқа түспеди. Толыбай қапылтқан ҳәр түрли мыш-мышлар буның да қулағына тиймей қалмағанлықтан, Сулыўшашта да қорқыныштың үрейи басым келе берди. Сонлықтан да ол: «Қалпақтар қазақтың қызы жоғалсын деп жатырған-ғой! Әйтпесе неге мениң бир өзимди жибереди?! Өлтирсеңдер де бармайман!» (262) деген сөзлерди айтқанын билмей-ақ қалады. Бирақ, ол соңынан усы оқыў арқасында үлкен хызметкер дәрежесине ериседи. САГУди питкерип, областьлық комитетте белгили хызметте турады.

Усындай жаңаша тәрбиялаў, оқыў тәрбия ислерине байланыслы Исметтиң тракторшылық курсты питкерип келип, аўылда темир тулпарды басқарыўы да, Қудайберген шундый атлы батрақтың Төрткүлде оқып қайтыўы, Қунназар ақсақалдың Шымбайдағы қысқа курстан өтиўи, Мәдиярдың Ташкентте билим алып келиўлери де роман-эпопеяның негизги сюжетлик бағдарларының тийисли ҳәм әҳмийетли орынларын алып, олардың барлығы шығармада айрықша идеалық-эстетикалық ўазыйпалар атқарып, олар поэтикалық шеберликти арттырыў мақсетлеринде сүўретленген ўақыялар

ҳәм ҳәдийселер болып есапланады. Атап айтқанда, жазыўшы булар арқалы жәмийет ағзаларының санасындағы тек ғана жаңа дүзимге тән болған сыпатлы белгилердиң жеңисин сәўлелендирип қоймастан, сол ҳәдийселер ҳәм сол оқыў, оқытыў арқалы жүзеге келген ис-ҳәрекет сюжетлери арқалы улыўма инсаныйлық минез-қулықларға тән болған пәк адамгершилик, өлмес муҳаббат, базда-базда болса да инсан минезинен орын алатуғын аңқылдақлық пенен садалықтың, ерме минезлилик, еликлеўишликтиң де ушырасып отыратуғынлығын, алжасық, адасыўшылықтың да болатуғынлығын, ҳәттеки, оқыў-тәрбия ислерин бастан кешириў адамның сыртқы тулғасына шекем өзгертип жибериўши қәсийетлерин де ашып көрсетеди. Ҳақыйқатында да, сол оқыўға барып, хат таныйман деп Қудайберген шундый газетадан көрген бир мақаласының себебинен колхоз ағзалары-қоңсы Қаңлы аўылы еккен бир пүтин атыз жазлық бийдайды трактор менен зорлық пенен сүрип таслап, қаншелли азапқа ушырады. Бул тек ғана сол Қудайбергенге емес, ал, бир тутас ел, халықта, районда үлкен абырой төгиспеге айланды ҳәм ол сол бир тутас дәўирге тән қәтелик ҳәм алжасықлардың бири еди.

«Назарбайға биреў арба жолдан ешегин еглеңкиреди де:

-Ҳәй бала, - деди, - Мына Шундый дегенйңиз бенен тракторшыңызды мына жақта жабылып сабап атыр...» «Назарбайда жан бар ма?! Аўылдың шетинен «от тийгизип шықты ма де! Бул қаңлысы қайсы, қаңлы емеси қайсы, биреў төбелесиўге, биреў тамашаға турған, шап, ...шап!» (2-китап, 101-бет).

Мине, булардың барлығы Қудайбергенниң әлле қашан Шымбайға бир барғанында орысша газета алып, сондағы бир мақаладағы илимий болжаў пикирдеги, лобыя, мәш, бийдай, тағы басқалар пахтаға тийисли азық элементлерди сорып алады-мыш, деген ойларды шала аўдарып түсингенликтен келип шыққан ҳәдийселер еди. Қудайберген өз садалығы менен ҳүкиметке ҳәм ол шығарған газетаға ҳәдден тыс исенгени соншелли, ол мақаланы Төрткүлде оқып жүргенде тағы бир шала орыс татарға қарақалпақшалап бериўди соранғанда, ҳәкисине ол да аўылдағы Дәўеке муғаллимниң сөзлерин айтып, лобыя, мәш, жазлық бийдай т.б. пахтаның жаўы екенлигин жазған дейди. Булар сада, аңгөдек ҳәм саўатсыз Қудайберген ушын хат пенен қәлем, ҳүкимет шығарған заң менен теңбе-тең пикир болып қалады. Соның ақыбети Қудайберген сүрип таслаған жазлық бийдай атызының басында мынадай күтилмеген ҳәдийселерге алып келеди.

«Базарбай қылый: «Бизди өртеген сен-ғо!» деп жаңа Қудайберген шундыйдың жутқыншағына қол апара бергени бирден «паңқ-паңқ» деп оқ атылды да, қорққаны соншелли, қолы қапталына сарт етип түсип кетти. Оқ атылған жаққа таўланып қараса, машинаның үстинде Мәдиярдың наганының уңғысы өзиниң маңлайын шөкелегендей түйилип, қурт былғаңлағандай пешанасы жыбырлап буқты. Усы мәҳәли Шундый оның тумсығына дизеси менен дүкип-дүкип қашты. Албыраған Базарбай буны абайламады ма, мурнына қан келгенде: «атты, атты мени!» дегеннен басқа ой келген жоқ, ўай-ўайлап ет бетинен шүдигарға таслады.

Базарбайдың: «Атты, атаңның, мурнымнан атты!... - деген айбарағы, қатын шарбаяшылығы қуйқаларды жуўлатып, шырысты бузып атырғанда, Мәдияр шүдигарды кешип барды да, оны пышықтай желкесинен көтерип турғызды (2.103).

Минекей, жазыўшы ҳәрекет, сюжет детальларын усылайынша тап турмыстың, өмирдиң өзиндегидей етип жанландырып, обьектив реалистлик түрде поэтикалық шеберлик пенен сәўлелендириў мүмкинлиги толық иске қосқан. Бул қәсийетлер улыўма романның сюжетлик желисиниң ҳәм бир тутас дөретпениң поэтикалық шеберлигиниң артыўына алып келеди.

Тағы бир айрықша белгилеп өтетуғын нәрсе сол, булардың барлығы сюжетлик көз-қарастан бир мақсетке бағдарланған ҳалда, қаҳарман образларының ишки дүньясын ашыў ушын алынады да, солар арқалы Мәдиярдағы ашыўшақлық пенен қызбалықты да, Қудайберген шундыйдағы аңгөдеклик, алапаға шабыўшылықты да, Базарбай қылыйдың минезиндеги қызбалыққа қоса мәселениң мәнисин терең түсине алмаўшылық, тез пейиллик пенен шарбаяшылық қәсийетлерди де тәсирли түрде сәўлелендиреди. Бул

жердеги әдебий-поэтикалық практикалық, ҳәм илимий-теориялық жақтан алып қарағанда, және бир ең утымлы жери сол, жазыўшы ири-ири ўақыяларды сүўретлеўден тысқары, жүдә әҳмийетли болған сюжетлик ўақыя бөлшеклериндеги қаҳарманлардың қыймыл-қозғалыс ҳәрекетлерин де детальластырып бериў менен қаҳарманлар минез қулқын ашыў арқалы дәўирдиң бир тутас қәсийетлерин де тереңнен ҳәм тәбийғый исенимлилик пенен сәўлелендириўге ериседи. Атап айтқанда, жоқарыда Қунназар ақсақалдың аўзынан қан түкирип тасласа да, қызыў қанлылыққа берилмей, тентекшилик, ойсызлық еткенлерге қатты гәплер айтпай-ақ «тесирейип қараўларында» үлкен, терең мәни жатырғанлығын аңлаў онша қыйын емес. Усы арқалы жазыўшы ақсақалдың характерине тән болған салдамлылық пенен салмақлылықтың, ақыл-парасаттың сыпатлы белгилерин шеберлик пенен жеткерип бере алған. Сонлықтан, бундай сүўретлеўлер ҳәр қандай бир тутас роман-эпопеялық сюжетлер менен оның кишкене бир бөлекшелерин де жанландырып, оларға айрықша әдебий-поэтикалық шеберлик бояўларын сүрте алады. Бундай бағдарларда Ш.Сейтов қарақалпақ прозасының жетписинши жылларынан кейинги дәўирде ең бир өзгеше талант ийеси сыпатында танылды.

Мәдиярдың Ташкенттен оқыўдан қайтарда аўылына колхозда көбейтиў ушын торайлар алып келиўине байланыслы болған сюжетлик ўақыялар да жоқарыдағыдай бир жағынан күлкили, сатира-юморлық бағдарда ҳәм ең баслысы, айрықша поэтикалық шеберлик көз-қарасынан жүдә тәсирли, дурыс ойлап табылған сюжетлик детальлар болып есапланады. Бунда да әпиўайы аўыл адамларының да, Мәдиярдың характерлери,дәўир ҳақыйқатлығы жүдә тереңнен сәўлеленгенлигиниң гүўасы боламыз. Бул ўақыялар да өзине тартымлы, жанлы сюжетлик картиналар болыў менен бирге, олар әлбетте, бүгинги көз-қарастан ҳәм, улыўма алғанда да,усы баслы әдебий қаҳарманның ишки дүньясындағы, бәлким сол жыллардағы пүткил дәўир шынлығына тән болған еликлеўшиликти, мүмкин соңғы елиўинши жыллардың ақыры менен алпысыншы жыллардың бас гезиндеги партиялық сиясаттағы зорлық- зомбылық пенен аўыл-хожалығы менен мал шарўашылығын да сырттан, орайдан турып басқарыў сыяқлы қәте кемшиликлерди әшкаралап көрсетеди. Бирақ, жазыўшы роман-эпопеяда бул сыпатларды не ушын отызыншы жылларға тән белги ретинде алған? Бизиңше, бул түсиниксиз. Ол егер жазыўшының дөретиўшилик қыялынан ойлап табылған әдебий-көркем шынлық болғанда да, сол дәўирдиң тарийхый ҳақыйқатлығына сәйкес келе ме, жоқ па? Мине, усы жағы ойландырады.

Роман-эпопеядағы усы шошқа ҳәм торайларға байланыслы бизиң әдебий көркем ҳақыйқатлыққа тийкарланған түсинигимиз соннан ибарат, жазыўшы сюжеттиң бул бөлекшелеринде халқымыздың миллий психологиясиндағы жаңа менен ескиниң өз-ара гүресин, жаңа түсиниклердиң жеңисин ҳәм баслы қаҳарманлардың бири Мәдиярдың ишки минез-қулық психологиясындағы кемшилик сыпатлардың бири сыпатында қызыў қанлылық пенен тез пейилликти ашып көрсетпекши болған. Өйткени, усы шошқалардың роман-эпопеяның екинши китабының сюжетинде олардың саўын сыйырлар менен бир қораға қамалыўына байланыслы олардан наразы болған ҳаяллар тәртипсиз ис-ҳәрекетлерди келтирип шығарады. Шошқа торайларының биреўлери ҳаяллардың саўын саўып атырған шелеклерин ийискеп кетсе, ал, тағы биреўлери келип, сол шелеклерди биротала тумсығына илдирип кетип пүткиллей бүлдиреди. Бул ислерге ҳаяллар мусылманшалық дәстүри бойынша шошқа менен торайлар ҳадал асымызды, ҳадал ыдысымызды ҳарамлап атыр, усылардың неге кереги бар еди, булардың барлығы Мәдияр баслықтың ислеген қылўалары. Буған шошқа бағыўшы Нурдүкен де жуўапкер, -деп олар үлкен жәнжел көтериўге шекем жетип барады. Бундай тәртипсиз ис-ҳәрекетлер менен шарбаяшылықлар да романда талапқа муўапық ҳақыйқый әдебий-поэтикалық бағыттан жүда шеберлик пенен өз реалистлик сәўлелениўин тапқан. Олар, әлбетте, романда тек ғана күлки туўдырыў ямаса сюжеттиң қызықлы болыўы ушын ғана емес, бәлки, Мәдияр ҳәм тағы басқалар тәрепинен жиберилген сол дәўирге бир тутас тән

болған қәте кемшиликлердиң де бетин ашыў ушын сүўретленген, - деген пикирге келиўге болады. Ең баслысы, бул жерде жазыўшының сюжетлик детальларды ақ қағаз бетлерине шеберлик пенен түсире алыў поэтикасында ҳәм оның роман-эпопеяның бир тутас идеялық-эстетикалық бағдары менен сыпатына дурыс сәйкес келиўинде екенлигин айтыўымыз керек. Сонлықтан, сол сюжетлик ўақыялардағы мынадай қыймыл-ҳәрекетлерге бай ҳәм шебер түрде сәўлеленген көринислерди келтириў сөзимиздиң дәлийли ушын орынлы болса керек.

«... Тили гүрмеўге келмейди...айнаны тырмалап ашажақ та...» қашың, ҳә қашың!» дей береди... Қашың!». Өзи қашайын десе, саңлақ таппай жүр.

-Не болды. Ҳә, не болды?! Баспашы ма?! - Отырғанлар өрре турысты. Есиктен көзлери әлле-пәлле болып Қудайберген де төрге бир ырғыды да:

-Шатақ! - деп-ақ үлгерди. Изинше сүре жығылған Нурдүкен ет бетинен муздың үстине түскендей столдың астына сырғанап кетти. Пәт пенен ырғыған Хатша оның еденде сырғанап баратырған бөксесине бир тепкини берип болып, қораздай бир шетке қаймықты. Тойман керилип турып сол бөксени темир жаба менен ғарш еттирежақ еди, абырой бар екен, жабаның дәстесине Мәдияр жабысып үлгерди. Есиктен селдей қуйылған қатынлардың биреўлери Мәдиярдың бойына шапшып жудырықлап, буның да малақайын оқ тийген ғарғадай жалп еттирди ... оның женгежан, апажан, - дегенине қарамастан бир қатын желкесинен жулқып былай силкип таслады. Онлаған қол Мәдиярдың жағасына бирден жармасып:

-Бәрин тауып жүрген усы ширкин, тарт бери! Сыртқа шығарып өлтирейик! - десе, биреўи, - анаў қазағы столдың астында еңбеклеп баратыр, тарт аяғынан! -деп бақырады». «Сырттан Мәдиярдың «Атаман!, Атаман!» - деген даўысына қатынлардың «Ат, ширкин!» - деген бажалағы қосыла еситиледи. Әне, усы ўаққытта «Сарт!» етип наған атылды да, бажылдыға еркеклердиң ғаўырлылары, сөгинислери қосылып, сөзлердиң, шаўқымлардың мазмуны өзгереди.

-Ҳаў мына ширкин атты-ғой Тойманды! Қайдасаң, Жаңабай! - деген даўыс ышқынып шықты. «Паңқ!» еткен даўыстан қатынлар ҳәккедей үркип үлгерген.» (278-279).

Мине, усылайынша, бул үлкен тәртипсизлик патыраттың ақыры Мәдиярдың жарақатланыўы менен жуўмақланып қоймастан, буның нәтийжелери пүткил районға, райком дәрежесине де жетип, айрықша шаўқым сүренге айланады. Бирақ, Тойманға оқ тиймеген ҳәм Мәдияр тәрепинен наған тек ғана абай-сиясат көрсетиў ушын аспанға атылған еди.

Солай етип, бул сюжетлик ўақыялар арқалы жазыўшы сол дәўир турмысына тән болған айырым тәртипсизлик пенен қәте-кемшиликлердиң де, айырым Мәдияр сыяқлы басшылардың жәмәәтлик хожалықты ҳәр тәреплеме раўажландырып жетилистириў жолларындағы жиберген надурыс ҳәрекетлерин де, олардың биреўлериндеги қызыў қанлылық пенен аса кетиўшилик, зорлық-зомбылықларды да ашып көрсеткен. Бундай зорлық-зомбылықлар менен ҳәттеки, әдеп-икрамлық жақтан бузақышылыққа барып жетиў, түрлише жала ҳәм репрессиялық ҳәрекетлер роман-эпопеяның соңғы китапларында Жамал сот ҳәм Аман тергеўшилердиң ис-ҳәрекетлерине байланыслы сюжетлик бағдарларда терең реалистлик түрде обьективлик ҳәм орынлы батыллық пенен алынып, шебер поэтикалық түрде, өткир сүўретленгенлигиниң гүўасы боламыз. Атап айтқанда, жалған көрсетпелерге қол қойдырып мойынлатыў ушын Аман тергеўши Базарбайды қорқытыў мақсетинде қойымшылыққа апарып, оған үш рет өз гөрин қаздырады. Бирақ, Базарбай қылый тергеўши милиционердиң бул ҳәрекетлерине қайсарлық пенен шыдап қарсылық етип, өтирик, жалған көрсетпеге қол қойыўдан бас тартады. Соңынан бул жигит Аман орынсыз азап-ақыретлер бергени себепли ҳәм оның төсегин ыласлағысы келгени ушын да Базарбайдың баслы қас душпанына айланады. Сонлықтан да Базарбай оны алыстан пышақлап өлтириў ушын таярлық көре баслайды. Ол роман-эпопеяда мынадай авторлық баянлаўлар менен сүўретленген:

«Көзиниң қылый болыўына қарамастан Базарбайың ямана мерген... пышақты терекке зыңғытысып ойнағанда алдына бала салмайтуғын еди. ...Қолындағы қазан пышақты салмақлап отырып сонысы ядына тусти ме, ақ сүйек саплы пышағын қынынан суўырып жүзин көрди, тәуир-ақ топырланған, ушы да сондай. Әдеп еденниң алақандай жерин дөңгелендирип сызып таслап көрсе, пышақ дәл ортасына шаншыла береди. Соң қызып кетти де, әйўанға шықты, тырнақтан бес адым өлшеп алып, пақсадағы пышақтың ушы менен сызылған кесаның түбиндей дөңгелекке пышағын зыңғыта берди,зыңғыта берди, әдепкиси дөңгелектиң шетирегинен, бара-бара дәл ортасына тийди» (3.344-б). «Баслық буның мийи зақымланған - деп жигитти аяп кетти». Бирақ, олай емес еди. Базарбай усы шынығыўлардың нәтийжесин әдеп-икрамлық жақтан бузылған, зорабанлыққа шын берилген Аман тергеўшини есиктен бирден келип, оның өз кабинетинде узақтан пышақ қадап өлтириў менен жуўмақлайды. Тергеўши де усы сапары Базарбайды өз наганының оғына илдирип үлгереди. Ол шығармада мынадай дәл сюжетлик детальлар арқалы жазыўшы тәрепинен шебер поэтикалық түрде сәўлеленген.

«...тарс!» еткен пистолеттиң сести...комиссар алақлап қалды. «Қайдан еситилди? Қайдан шықса да, дәл тийди-аў! Апырмай мерген екен! «Тарс!» ете қалд-ә! Тийген оқ үсейтип еситиледи!»»...өжиреден шыға берип Аманлықтың қапысын тартып жибергени, қапыға асылып турса керек, Базарбайдың шала жансар денеси коридорға шалқасына қулады.

Бетине үңилген комиссарға Базарбайдың жансыз қылый көзлери жәһәнниң барлық муңын, жәһәнның барлық қәһәр-ғәзебин жәмлеп, шақшыйып атырғандай» (3. 352).

Минекей, жазыўшының бул роман-эпопеясында сюжетлик раўажланыўдың белгили бир зәрүрли мәўритлери менен ең характерли болған орынларын усылайынша жанландырып отырып, детальластырып сүўретлеп бериў қәлем ийесиниң сюжет дизиў шеберлигин-поэтикалық өзгешелигиниң бир қырын аңлатады.

Сөз етилип отырған романдағы жазыўшының сюжет дүзиў поэтикасына тийисли ең бир утымлы орынларының және бир жери сол, талант ийеси сюжет динамикасын күшейтиў ҳәм шығарманың улыўма идеялық батыллығын, көтерилип отырған проблематикалардың да әҳмийетин күшейтиў ушын қаҳарманлардың диалог ҳәм полилогларына, олардың айырымларының айтып берген аўыз еки гүрриңлерине, әңгимелери менен қысқа-қысқа өткир сөзлерине де айрықша поэтикалық, идеялық мақсетлер жүклеп сүўретлейди. Бул пикирлеримизди де жүдә көплеген мысаллар менен дәлийллеп көрсетиўимиз мүмкин. Әсиресе, солардың роман-эпопеяның дәслепки китапларындағы посып келген қазақ халқының ўәкили Шотанның колхоз дүзилердеги ҳақ, шын жүректен шыққан сөзлери, ондағы Қазақстандағы болған көз боямашылық пенен Халқабадтағы ис-ҳәрекетлерди де салыстырып көрсетип әңгиме етиўлери жүдә орынлы сюжет детальлар ретинде қаҳарманның аўзынан шеберлик пенен қысқа ҳәм анық етип берилген. Романдағы Ҳайтмураттың өз өмир жоллары, оның Избасқанға байланыслы гәплери менен оннан қалайша қутылғаны ҳаккындағы гүрриңлери, Толыбай тасмаңлайдың қалай тасмаңлай аталғаны туўралы әңгимеси, Сибирьден қашқан қулак, жаңа дүзим душпаны Бердикәримге разъезде ушырасқан қарақалпақ қызының муңлы әңгимелери менен оның ис-ҳәрекет қыймыл-қозғалыслары ҳәм т.б. айрықша поэтикалық шеберликти арттырыў ҳәм белгили бир нақ идеялық мақсетти күшейтиў ушын алынған. Булардың биразлары турмыс,тарийхый шараятқа сай түрде жазыўшының дөретиўшилик қыялынан сәтли ойлап табылғаны да сезиледи.

Роман-эпопеяда жоқарыда шейит түрде қаза тапқан Базарбай қылыйдың ҳаялы өз ерин бир көриўге зар болып, ҳәр қыйлы шегинислерге: Жамал сот пенен Аманлық атлы тергеўшиниң түрлише қылўаларына да мәжбүрий түрде көнип жүрген күнлериниң биринде түрмедеги күйеўине барып қайтып киятырғанда түнде әўлийешиликтеги шыйықшы ғаррының қасынада түнеўге туўра келеди. Бирақ, ол бул жерде де моральлық жақтан, әдеп-икрамлық тәрептен бузықлық ислеўдиң үстинен шығады.

Жазыўшының тарийхый ҳақыйқатлық сырларын сюжет поэтикасына усылайынша сиңирип бериўиниң әҳмийетли таманлары да атап көрсетилгендей орынларда айқын турде көзге тасланады. Усы көз қарастан да, роман-эпопеяның өзекли сюжетиниң ең ақырғы бөлимлериндеги ана топырағында масайрап, өз билдигин қәлегенинше ислеп, қутырынып журген Избасқанның туристлик сапарға барғанда Мәдиярдан қарақалпақ халқының «Гәлгалай»ы менен «Дағлары»н айтып бер деп жалынып, қосық атқарылғанда бурынғы қанхор мийримсиз баспашының ағыл-тегил болып жылаўы да толық исенерли ҳәм ол жазыўшы тәрепинен дөретиўшилик қыял арқалы тоқылса да орынлы алынған сюжетлик деталь болып есапланады. Себеби, бул арқалы Избасқанның ишки дебдиўиниң барлық сырлары, ишки дүньясы, улыўма, үлкен сыр сандығы ақтарылады. Сол себепли оның: «Елин сағынбаған, нәмәрт, елин қәстерлемеген нәмәрт!» деген сөзлери де оның өзине қаратылса, хақ гәплер ҳәм булар өз идеялық батыллығының күшлилиги менен айрықша поэтикалық сыпат алып тур. Избасқанның буннан алдын өз туўған топырағында жүрип айтқан мынадай гәплери де өткир ҳәм ҳәр кимди де ойландыратуғын батыллық пенен айтылған пикирлер болып есапланады:

«-Большойлар халықтың руўхындағы ең бир қудиретли нәрсени алып қойды, не ол, билесизбе?! Билмейсиз! Бул-дин, қудай! Әне, усы екеўине исенимди алып қойды! Әдепки жыллары халықтың исениминдеги қудайдың орнына Ленин кирди, соң өлгеннен соң Сталин кирди. Билесиз бе, сиз, Сталинниң орны көкирегиңизде бос қалады, билип қойың, бос орынды жин-жипирлер ийелейди! Көкиректиң ҳеш исенимсиз қуўыс жасаўы қыйын, жин-жипир ийелеген соң инсаннан мириўбет, бир-биреўге исеним кетеди.» (3.182-б).

Ҳақыйқатында да, усы сөзлердиң ҳақ екенлигин ҳәзирги кунлеримиздеги руўхый атмосфера менен миллий идеологиямыз да дурыс көрсетип дәлийллеп атыр. Ал, оларды жазыўшының романда бериўиниң поэтикалық ўазыйпасы соннан ибарат, усындай өткир диалоглар арқалы улыўма сюжетлик раўажланыў жанланып, ўақыялардың бир-бири менен ара-қатнас динамикасы да шыйрақласып, алға қойған проблематикалардың әҳмийети артып барады. Улыўма алғанда, жазыўшы ҳәр қандай сүўретлеў усылын ислеткенде де, роман-эпопеяның негизги сюжетлик өзегинен, баслы идеялық-эстетикалық мақсеттен алжаспаған, өз гөзлеген мақсетлерине дурыс түрде поэтикалық шеберлик пенен ерискен.

Деген менен, улыўма сюжетлик раўажланыў жолында роман-эпопеяның соңғы китапларында дәўирдиң тарийхый ҳақыйқатлығына тән бағдарлаўшы ўақыялар менен турмыслық мәселелерге тийисли болған ис-ҳәрекетлерди көбирек сүўретлеўге жол қойғанлығы анық сезиледи. Мүмкин, бул бағытта автор ҳәр қандай дәўирге де тийисли болған моральлық, әдеп-икрамлық тазалық проблемаларын алға коймақшы болған шығар. Деген менен, роман-эпопеяның соңғы китапларындағы Ҳайтмурат ҳәм Зүбайданың, Назарбай менен Базардың шаңарақ турмысы, төсек қатнасларына байланыслы сюжетлик ўақыялар кең орын алып кеткен. Әсиресе, Зүбайда менен Субитай, Зүбайда менен Рубин, Базар менен Исметлердиң арасындағы төсек қатнаслары сексуальлықтың шегине шыққан дәрежеде орынсыз, бираз орынларда натуралистлик турде сүўретленген, - деп есаплаўға туўра келеди ҳәм буларды сын көз-қарасынан өткерип қарамаўға болмайды. Соларға қосымша Зүбайданың мына гәплерине итибар берейик:

«...аңқылдаған, нәрестеден пәк, пилден де мийнеткеш бир бийшараға ең болмаса өзиниң бала-шағасын рәўа көрмейсиз бе?! ... бийшараның бала-шағасынан, қолындағы бир путлық аўыр шөккишинен басқа неси бар ... Бахыт ҳаққында сөз айтыў ушын ең алды менен бахыттың не екенлигин билмек керек. Бахыт деген рухтың, тәнниң тазалығында, үй-жайда емес...» (2.146-б).

Тап усындай жүдә ақыллы айтылған гәплери аўзынан шығып турған келиншектен соншелли бузақылық ҳәрекетлер шығарма екен? - деген сораўлар турады. Сонлықтан, дөретпениң улыўма сюжетлик барысындағы Зүбайданың әдеп-икрамлық бузықлық

ҳәрекетлерине байланыслы ўақыялар гиперболалық түрде күшейтип сүўретленген. Тутас сюжетлик раўажланыўға бундай гейпара орынсызлықлар Базар менен Исметтен де тысқара Айтгүл ақ қатын менен аўылға ўәкил болып келген ҳәм репрессияға бейимленген Жамал сот пенен Аманлықлардың ис-ҳәрекетлерин сүўретлеўде де сезиледи. Сюжет дүзиўдиң поэтикасына аз да болса зыян бериўши орынсыз ўақыялар менен гәп сөзлер әсиресе, роман-эпопеялық дөретпениң соңғы үшинши-төртинши китапларында көбирек ушырасады. Сол себепли де, олар китап оқыўшылар тәрепинен де орынлы сынға ушырағаны мәлим[4].

Әлбетте, олар шығарманың улыўма поэтикалық қунының биз көрсеткен баҳалы тәреплерине, сюжет дүзиўдеги ең табыслы жетискенликлерге өз көлеңкесин түсирмей қалмайды.

Улыўма, бир тутас алғанда, Ш.Сейтовтың сөз етилген роман-эпопеясында халқымыздың XX әсирдиң отызыншы жылларынан баслап тап елиўинши жылларына шекемги социаллық турмыслық, тарийхый шараяттағы тиришилик өмири, сол дәўирлерге тән сиясий-экономикалық, әдеп-икрамлық, турмыслық шаңарақлық тиришилигине тийисли көп ғана мәселелерди көркем-әдебий әмелияттың бир қанша поэтикалық усыллары арқалы сюжетке енгизип, оларды түрлише усыллар арқалы жанландырып көрсетип, бир тутас эпопеялық дөретпениң терең реализми менен обьективлигине, турмыс ҳақыйқатлығына сәйкеслигине ерискен. Сонлықтан, бул дөретпе XX әсирдиң екинши ярымындағы қарақалпақ прозасы ушын ең бир салмақлы шығарма, улгили поэтикалық тәжирийбе болып қалып отыр. Оның поэтикалық шеберлик жолларын еле де анығырақ, тереңирек изертлей бериў мүмкин.

## 2. Заманагөй романда сюжет дүзиў поэтикасы

XX әсирдиң жетписинши жылларынан соңғы дәўирлерде қарақалпақ романлары тек ғана сан жағынан байып қоймастан, ал, сапа жағынан да оларда сезилерли өзгерислер көзге таслана баслады. Бул жанрда дөреген шығармаларда жәмийетлик турмыстың көп түрли актуаль мәселелери ортаға тасланыўдан тысқары, оларда заманагөй темаларды сәўлелендириўде сюжет, конфликт ҳәм композиция дүзиўдиң бир қанша жаңаша қырлары көрине баслады. Оларда ең баслысы сюжеттиң драматизми менен шын мәнисиндеги сахналық шығармаларға тән болған картиналық көринислери, сюжеттиң айырым бөлекшелерин терең образлы-астарлы, символикалық-метафоралық мазмунға қурыў, диалог ҳәм ишки монологларға, түс көриў, хат түриндеги сүўретлеўлерге де сюжетлик функцияларды жүклеў ҳәм т.б. күшейип ҳәм байып барды. Усы мазмунда миллий әдебиятымыздағы сексенинши-тоқсаныншы жыллар ишинде жәрияланған Ш.Сейтовтың «Жаман шығанақтағы Ақтуба», К.Рахмановтың «Ақыбет», С.Салиевтиң «Тырнақ», К.Алламбергеновтың «Дәрья тартылған жыллар», А.Әбдиевтың «Жин-жыпырлар уясы» ҳәм тағы басқа да романларындағы жаңашыллықларды айтып өтиўимиз керек. Олардың барлығында да сюжетлик ўақыялар дәўирге сәйкес түрде социаллық актуаллылығы арттырылып сүўретлениўи менен бирге, сол сюжетлик раўажланыўдың буннан алдыңғы қарақалпақ романларына салыстырғанда бираз жанландырылып, детальластырылып, эмоциональлық-экспрессивлик сыпатларының бөрттирилип берилиўи, сюжетке енгизилген ишки монологлардың да активлесиўи, диалоглардың орайлық орынға шығыўы ҳәм т.б өзгерислер айрықша көзге тасланады. Әсиресе, бул дөретпелердиң ишинде Ш. Сейтовтың «Жаман шығанақтағы Ақтуба» романындағы диалоггиң сюжет дүзиўдеги айрықша активлик, көркем поэтикалық функциясы қарақалпақ романының улыўма бир тутас поэтикасының жетилисиўиндеги ең бир елеўли жаңашыллықлардың бири деп есаплаўға туўра келеди. Сонлықтан да, бизинше, айырым әдебиятшы- илимпазлардың диалоглардың романлардың көркемлик

---

[4] Пазылов А. Кемпири тири болғанда ... // Еркин Қарақалпақстан. 21-август, 1993-жыл.

системасындағы алатуған орнына үлкен дыққат аўдарып, оған арнаўлы мийнетлер бағышлаўы дурыс деп ойлаймыз[5].

Сюжет поэтикасының, мине, усындай өзиншеллигинен келип шыға отырып заманагөй темадағы қарақалпақ романлары арасында елеўли орынды ийелеген Ш.Сейтовтың «Жаман шығанақтағы Ақтуба» дөретпесине арнаўлы түрде тоқтаўды мақул көремиз. Себеби, роман өз сюжетиниң негизине халқымыздың басынан жигирмаланшы әсирдиң орталарынан баслап тап тоқсаныншы жылларға шекем ең бир қыян-кести, оғада қарама-қарсылыққа толы ўақыялар менен ҳәдийселерди, қаҳарман ис ҳәрекетлери менен олардың ишки руўхый дүньяларын тийкар етип алады ҳәм булардың барлығын жазыўшы үлкен драматизм ҳәм айрықша поэтикалық шеберлик пенен сүўретленген. Романдағы сюжетлик раўажланыў барысында өткен әсирдиң елиўинши ҳәм тоқсаныншы жыллар арасындағы ең әҳмийетли өзгерислер ең дәслеп ондағы баслы қәтелер ҳәм алжасықлар, ҳәттеки, мәмлекетлик басшылықтан кеткен надурыс ҳәрекетлер, халқымыздың сана сезиминиң зәҳәрлениўи ҳәм уўланыўы, усы саладағы артта қалыўшылықтың ақыбетлери, ишиўшилик ҳәм тағы басқалардан келип шыққан сол дәўир әўладларының әдеп-икрамлық, моральлық жақтан оғада бузылып, ирип-ширип кетиў дәрежесине шекем барып жетиўи айқын ҳәм батыл түрде сәўлеленген. Бизиңше, мине, романның усындай социальлық-психологиялық ҳәм моральлық-этикалық тәреплерине итибар бермей турып оның поэтикасын, сюжет жузиў шеберлигин де сөз етиў мүмкин емес. Өйткени, бул роман жарыққа шығыўдан-ақ оқыўшылар менен әдебиятшы-сыншылар арасында түрлише қарама-қарсылықлы пикирлер туўдырғанлығын айтып өтиўимиз керек. Улыўма, қайта қурыў себепли әдебияттағы пайда болып атырған жаңа қубылыслар туўралы бурынғы Аўқам көлеминдеги әдебий сында әдеўир жазылды[6].

Роман туўралы базы бир оқыўшылар менен айырым сыншы әдебиятшылар тәрепинен ондағы сүўретленген дәўирге тийисли гейпара ерси әдеп икрамлық ҳәдийселердиң, хаял-қызларымыз бенен ерлеримиздиң айырым уят ҳәрекетлериниң, жаслар менен ересеклер арасында болған гейпара мүнәсибетлердиң унамсыз ақыбетлерге шекем барып жетиўлерин жазыўшының ашықтан-ашық сүўретлегенлигин дурыс тусинип жетпегенликтен, бул дөретпе орынсыз сынға да ушырады[7]. Олар, яғный романның бул бағдардағы сыншылары, шығармадағы сол хәдийселердиң қайсындай идеялық позициядан турып сәўлелендирилгенлигин жетерли түсинбеди ямаса түсиниўге ҳәрекет те етпеди. Ҳақыйқатында, романдағы бундай унамсыз ҳәдийселер менен ўақыялардың сюжетке енгизилиўи автор тәрепинен оларды қаралаў, әшкаралаў нийетинде айрықша ғәзеп пенен сәўлеленгенлигин түсиниў көркем әдебиятты жақсы билип сезетуғын оқыўшылар менен әдебиятшы-сыншылар ушын онша қыйын болмаса керек. Атап айтқанда, белгили сыншылардың бири Қ.Султанов өз мақаласында жазыўшыны бул романда «Ҳәзирги дәўирде адамлар арасында бир-биреўге садақатлы болыўға қарағанда опасызлық көбирек», - деген пикирди надурыс сәўлелендиргенликте ҳәм қарақалпақ хаял-қызларының ар-намысын аяқ асты етиўде айыплайды. Негизинде, роман туўралы бундай пикирлердиң ушқары, надурыс екенлиги сыншы Ж.Есеновтың усы дөретпе туўралы мақаласында орынлы көрсетилип, романның унамлы идеялық эстетикалық сыпаты жетерли дәлилленген деп ойлаймыз. Оның дурыс айтқанындай: «Романда қарақалпақ хаял-қызларының қорланыўына, намысының аяқ-асты етилиўине

---

[5] Днепров В. Диалог в художественной системе романа. -; Днепров В. Художественная форма романа. –Москва, 1974.

[6] Дедков И. Литература и новое мышление. Дедков И. Обновленное зрение. –Москва: Искусство. 1988. Б. 265-286; Коробан В. Современный молдавский роман. Пер. с молдавского. –Москва; Советский писатель, 1979. Б. 221-231; Введение в литературоведение. –Москва, 2000. Б. 75-87; Рымарь Н. Введение в теорию романа. –Воронеж, 1989. Б. 79-89.

[7] Султанов Қ. Проза ма яки басқа ма? // Қарақалпақстан жаслары. 1993. 7-январь; Пазылов А. Кемпири тири болғанда ... // Еркин Қарақалпақстан. 1993-жыл.21-август

себепши болып атырған Әмирхан, Жеткергенге усаған (бизиңше олардың қатарына Темирхан ҳәм Бердашты да қоссақ мақсетке муўапық болады. -П.Н.) ақшаның пуўына семирген, намыссыз, қатынпурыш еркеклердиң ис-ҳәрекетлери, оларға жол берип қойған жәмийетшиликтиң де гейпара топарлары аяўсыз түрде әшкаралананады. Шығармада Оразгүлди де, Әширепини де, Турсынды да, ҳәттеки, өзиниң некели ҳаялы Убайданы да жалатайлық, зорлық, пулдың күши менен дуўалап қойған Әмирхан емес пе?! Асты-үстине түсип, жолында паяндоз болған Оразгүлди де Әмирхан сатқынлық етип, ақыр аяғында, қаматып жиберген жоқ па?! Мине, сонда хаял-қызларды қорлаўшы жазыўшы ма ямаса Әмирханға усаған турмыста өзимиз тез-тез көрип, ушыратып жүрген инсапсызлар ма?! Буның парқын ажырата билиўимиз керек»[8].

Ш.Сейтовтың заманагөй темадағы бул романында сюжетке оғада жан түршиктирерлик унамсыз ҳәдийселердиң өзек етилип алыныўы, әлбетте, турмыстағы бундай адамларға оқыўшының қәҳәр-ғәзебин арттырмаўы мүмкин емес. Жазыўшы сюжеттеги усындай ўақыя ҳәм ҳәдийселерди айрықша батыллық пенен ҳәм ашықтан-ашық сүўретлеген. Бул нәрсе тек дөретпениң ғана қызықлы болыўын ғана тәмийинлеп қоймастан, ал, оның авторының да улыўма идеялық, социальлық-психологиялық активлик позициясын да келтирип шығарады. Себеби, жазыўшы ҳәр қандай унамсыз ҳәдийселерди сәўлелендириўде өзиниң идеялық позициясынан, алған бағдарынан алжаспайды. Атап айтқанда, ол тек ғана турмыс пенен өмирде ҳәзирги дәўирде жаманлық ийелеп кетти, солар ғана жеңип, жақсылық жерде қалып атыр деген пикирди бериў менен шекленбейди. Керисинше, сыншы Ж.Есеновтың дурыс белгилегениндей: «...еле жас болса да персонаж Сазтурған-жәмийеттеги жаўызлыққа, дүньяпаразлыққа қарсы ҳәрекетлердиң жанлы мысалы. Ол жазыўшының негизги идеясын, жаманлыққа қарсы көкирек толы ғәзебин анық көрсете алады… Бизиңше, романда гейпара жуўмақлаўшы пикирлер, айырым образлар көбирек трагедиялық шешимлер арқалы берилген... Әсиресе, романдағы Бийбирабаның ис-ҳәрекетлери жазыўшының негизги идеясы менен көз-қарасын, бағдарын анықлаўда айрықша әҳмийетке ийе. Ол - қоспалы, қарама- қарсылыққа ийе қаҳарман. Бийбираба жаўызлыққа жаўызлық пенен жуўап бериўге бел байлайды»[9].

Мине, сонлықтан бизиң ойымыз бойынша, ең дәслеп романдағы усындай баслы сюжетлик бағдардың сәўлелениў өзгешеликлерин ҳәм олардың үлкен поэтикалық шеберлик пенен сүўретлегенлигин бир түтас түрде қарап шығыўға туўра келеди.

Романның бир тутас сюжетлик өзекли бағдары Нөкис қаласында үлкен бир дүканның баслығы Әмирхан, оның ғамхорлығындағы бир неше дүкәншы, қараўыл, жүк тусириўши, складшы ҳәм т.б. болып ислеген Жердаш, Нурлепес, Айбөрек, Убайда, Кеңесгүл, Әширепи, Оразгүл, қоңсылары ҳәм олардың шаңарақ ағзалары болған Айтбай домком-финагент, Бердамбет, Гүлимбай, Нәзигүл, Турсын, Нурқасым, Сазтурған, Бийбираба, Темирхан, Бердаш, Тәңирберген Шаббазов, винозаводының директоры болып ислейтуғын қатынпурыш, жермен жигит Жеткерген, сол ўақыттағы жаслар белсендиси, соңынан райком секретары болып ислеген Мәўлен Тәжимуратов, муғаллим Тайырбай, қәнәәтшил, руўхый жақтан мәнгүр аўҳалға түскен Нурлепестиң дәслепки ҳаялы Жумагүл-Жумаш, Қосберген дарғашы, журналист Бәрзиў, аракхор жигитлер Нөкер Ниязов, Сийсен, Турдыбай шайыр сыяқлы көплеген қаҳарманлар әтирапында раўажландырылады. Сюжетке енгизилген ўақыялар менен ҳәдийселер тийкарынан Нөкистиң гөне қала әтирапында Ақтуба аймағында болып өткен ўақыялар сыпатында сәўлелендирилген. Биз бул сюжетлик ўақыялардың мәканы жазыўшының өзи жасаған орынларға сәйкес келетуғынлығын романдағы тилге алынған Қызкеткен каналы, үлкен насос салма, канал бойындағы қумлақ бийиклик, көк дукан, С.Айний көшеси ҳәм т.б.

[8] Есенов Ж. Ғәзеп пенен жазылған роман // Еркин Қарақалпақстан. 1993. 20-февраль. –3 б.
[9] Есенов Ж. Ғәзеп пенен жазылған роман .... –3 б.

сыяқлы географиялық атамалардан, соондай-ақ ондағы әдебий қаҳарманлар сыпатында қайта исленип, дедальластырып алынған адам атларынан (Бердамбет польковник - Матқурбан Бердимбетов, Гүлимбай-Гүлимбай Әметов, Тәңирберген-Алламберген Аббазов, Нөкер Ниязов-Әскербай Әжиниязов, Өтеп томпақ - Өтеп Байлепесов) ҳәм т.б. арқалы биле аламыз. Мине, автордың сюжетлик раўажланыўды усындай өмирде бар, прототипине ийе қаҳарманлардың әтирапына қурып, сол ўақыя ҳәм ис-ҳәрекет, ҳәдийселердиң айрықша, тәбийғый исенимлигине ерисиўи романның поэтикалық шеберлигиниң, оқыўшыларға деген тәсир күшиниң артыўының утымлы факторларының бири деген пикирге келиўге болады.

Романның сюжетлик жетилиниң ең дәслеп айрықша атап өтетуғын сыпатлы белгилериниң бири-бул шығарма ўақыяларының қыян-кескин, яғный, абсурд ҳәдийсе ҳәм ис-ҳәрекетлердиң әтирапына қурылыўы болып табылады[10]. Бул нәрсе жазыўшының батыллығы менен ҳақыйқатшылығына қоса өмирдеги ҳақыйқый болған ўақыяларды әдебий көркем сюжетлерге айландырып сәўлелендириў ҳәм оларды дөретиўшилик қыял менен қайта ислеўдеги поэтикалық өзгешелигин көрсетип турады. Усы көз-қарастан, романдағы сүўретленгениндей-ақ, бир ўақытлары Нөкисти - гөне қаланы Әмиўдәрьяның суўы тасып, басып кеткени шынлық есапланады. Ал, сексенинши жыллардың ақыры тоқсаныншы жыллардың басында дүкан ҳәм складлар туўели, ҳәттеки, жоқары оқыў орны болған университеттиң, орайлық банктиң өртениўи де айқын факт екенлигин ҳәммемиз жақсы билемиз. Жазыўшы, мине, усындай турмыста болған нақма-нақ материалларды шығарманның тийкарғы сюжетлик бағдарына негиз етип алады. Көркем проза шебери буларды турмыста болған тек ғана эпиўайы, заңлы ямаса тосыннан болған ўақыялар сыпатында емес, ал, оларды шығармада айрықша көркем-әдебий образ дәрежесине жеткерип, дөретиўшилик қыял елегинен қайта өткерип, синтетикалық ҳалатқа жеткерип, ўақыялардың көпшилигин символикалық түрде астарлы, образлы мағанаға көтерип сәўлелендиреди.

Ҳақыйқатында, ойлап қарасақ, Әмиўдәрьяның тасып, суўдың соншелли муқыятлап бийик етип үйилген қашыны да жығып кетип, аўыл ҳәм қала халықларын бираз бүлгиншиликке салыўы сырттан қарағанда тәбийғый ҳалат деп қараўға болады. Бирақ, жазыўшы буны өмир, тарийх ағысының тасқынлап, өз қанарынан шығып кетип, пүткил халықты өз жайларын ғана емес, өз турмыс тиришилиги менен руўхый-психологиялық, ишки дуньясын да қайта қурып, қайта жөнлеп алыўы сыпатында жүдә терең, астарлы мағанада алып сүўретлегенлигин аңлаўымыз мүмкин. Сондай-ақ сыншы әдебиятшының өз ўақтында ҳәзир жуўаплылық пенен тез аңғарғанындай, «...романда жазыўшы тәрепинен барлық тасландыларды, патаслықларды, өлимтиклерди өзине жыйнап сасып атырған Ақтубаның алыныўы ҳәм оның шығарманың соңына таман тек ғана көзи емес, көкирегине соқырлық, мәңгүрлик психологияның барлық белгилерин бойына жәмлеген Нәзигүлди де өзиниң тереңине батырып болып, сол сасық тымбаның көмилип, бульдозер трактор менен тегисленип жибергенлиги туўралы көринис, ис-ҳәрекеттиң алыныўында да айрықша мәни бар. Бул көринислер романның тийкарға идеялық бағытын анықлаўда шешиўши әҳмийетке ийе ҳәм ол жазыўшының терең ойлылығының, шеберлигиниң жемиси екенлигин биз қәнийге сыншылар эпиўайы оқыўшыларға дурыс уқтырыўымыз зәрүр»[11].

Мине, усындай идеялық-эстетикалық ҳәм өзинше поэтикалық ўазыйпа ҳәм мақсетлерден келип шыға отырып, роман Әмиўдәрья суўының тасып кетип, гөне қаланы суў алыўы ўақыяларынан басланады. Ақтуба әтирапында жасап атырған үлкен дуканның баслығы Әмирхан, оның қоңсылары Бердамбет, Жердаш, Нурлепес ҳәм басқа

---

[10] Өзбек романшылығындағы модерн ҳәм абсурд әдебиятының белгилери ҳаққында Қ.Йўлдашевтиң «Ёниқ сўз» (“Янги аср авлоди”, 2006) атлы китабында ҳәм З.Пардаеваның «Ҳозирги ўзбек романчилигининг тараққиёт тамойиллари» атлы докторлық диссертациясында кең түрде сөз етилген.
[11] Есенов Ж. Ғәзеп пенен жазылған роман // Еркин Қарақалпақстан. 1993. 20-февраль. –3 б.

да барлық сол жерде жасаўшылар суў астында қалыўдан қорқып, үйлерин таслап, кимиси машинаға минип, кимиси пыядалап суў шықпайтуғын орынларға қашып кетеди. Қызкеткен каналында дарғашы-кемеши болып ислейтуғын Қосберген деген киси бала-шағасы, көрпе-төсегин алып, кемени каналды керип тартылған сым-аркан (тросс) арқалы байлап қойыўына исенсе де, суўдың пәтли ағысы сым-арқанды да үзип, кемени ағыс, ҳәттеки, Шымбайдан бир-ақ шығарады. Бул ўақыялар шығармада тийкарғы сюжетлик раўажланыў жолында бираз қызықлы ҳәм терең образлы мәниде жүдә тәсирли сүўретленген. Өзлериниң ҳалы қудай менен болып атырғанда Қосберген дарғашының үстинен түрли-түрли өсек сөзлер де тарқалады. Биреўлер Қосберген кемени алып қашып кетипти десе, және биреўлер ол: «...Бала-шағасы менен уўда-шуў болып көпирден өткенин көргенлер бар!

-Сөйтип тутып па?!

-Қайда тутады?! Азанлы берли ҳеш жерден дәрек шықпай атыр. Милиционерлер каналды жағалап Шағал көпирге шекем атлы барып келди. Көрдим, билдим деген адам жоқ.

-Онда кеме аўдарылған шығар?!»[12] - дейди.

Ал, Қосбергенниң суўдың астында қалған жайының гербишин қуйып берген Нөкербай менен Сийсенлер болса, ол арнаның ишинде аўдарылып өлген деп араққа мәс болып даўыс шығарып жылап отырады.

Сюжеттиң баслапқы бөлимлериндеги усындай ўақыялар арқалы жызыўшы адамлардың санасындағы жеке меншиклик, индвидуальлық-социальлық әдеп- икрамлық белгилерди ашыў менен қатар, бирден-ақ, бул ўақыялар фонында Нөкербай, Сийсен, Тәңирберген Шаббазовлардың сатира-юморлық, мәскүнемшилик келбетин ашып береди. Себеби, бул ўақыялардағы Қосберген дарғашының ҳәммеден бурын өз жүклерин кемеге тийеп алып, дүньяның жүзин суў алса да, үйрекке бир пул, - деп каналдың ортасында отырып алыў сыяқлы жеккелик, орынсыз ҳәрекети оны өлимнен сәл-ақ қалдырады. Ал, Нөкербайлардың мәс ҳалында жөнсиз даўыс шығарып жылап отырыўы оларды қутқарыўшы жигит сыпатында басқарып журген милиционерди де, буларға ас-дуз берип, Әмирханның тапсырмасы менен келип отырған Жердашты да, Қосбергенниң ағайин-туўғанларын да қолайсыз аўҳалға салады. Усы ўақытларда Нөкербай менен Сийсенлер пединституттың студентлери ретинде суў алыспадағы тынышлықты бақлап ушын жиберилген еди ҳәм оларды Әмирханның жайына бир милиционер жигит түнде әкелип таслап кеткен. Сол милиционер таң азан менен Әмирханның жайына жақынлағанда шыққан «ўай-ўайлаған» даўыстан буларды биреў өлтирип кеткен екен, енди мен олар ушын жуўап беремен, халық душпаны сыпатында қамалатуғын болдым, - деген пикирге келип, жаны тас төбесине шығып, көзи алақандай болды. Ал, сол еки мәскүнемди Жердаштың күйинип ашыўланғанынан есиктен теўип шығарып атырғанлығын көрип, өзин зордан басып үлгереди. Усы арқалы жазыўшы сол жыллардағы сталинлик репрессияның қорқынышлы көринислерин де бир әдебий-көркем фактлик сюжетлик деталь менен-ақ ашып береди.

Жазыўшы сюжеттиң усы дәслепки бөлимлеринде шығарманың аты қойылған Ақтуба деп аталған тынбадағы суў алыспаға байланыслы детальды оқыўшылардың көз алдына былайынша шеберлик пенен келтире алған:

«Бул қәрадағылар ермек ушын кими Қаратерең, кими Ақтуба деп атап кеткен үлкен қазан шуқыр бар еди. Суў әдеп саңлақ таўып сол Ақтубаға сарылдап қуйылады. Ақ тубаның тас төбесинен қулап, ҳәйле-пәйлеге қарамай төппелеме еткен суў қазан шуқырдың түбинде қысы менен муз болып қатып, күн жылытыўдан порсып атырған

[12] Сейтов Ш. Жаман шығанақтағы Ақтуба. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1992. -30 б (ендиги мысаллар усы басылымнан алынады, қаўыста тек бетлери көрсетиледи).

ешеклердиң, ийт-пышықлардың өликлерин түйектегидей тубаның жүзинен бир айландырды да гөне жылғадан айдап жиберди... суў алма жасқадан өлик-пөлиги менен, шөп-шалаңы менен сең-пеңи менен Қызкеткенге ҳарылдап пәтли аққаны соншелли, бул ағып атырған қара лотире батпақ па, суў ма, айырыў мүмкин болмай қалды. Арқадан да, қубладан да ырашлар ларс-ларс қулап суўдың «дәрўазасы» барған сайын анқая берди, анқая берди. Соң-соң барып, қара лөтире ылай суў түсин алды. Жумагүл - Жумаш Нурқасымның тамбасына қойылған, ҳәзир суўда ығып киятырған бесигин таныды. Лекин, алыўдың илажы жоқ еди, ала берсең, дөңгелеп киятырған қазан-табақ, қабақ, көрпе-төсек, беде... тағы не жоқ дейсең бунда...!» (20-б)

Мине, усы жерде де жазыўшының сюжет дүзиўдеги поэтикалық шеберлиги ҳәм бундағы автордың терең ойлылығы көзге тасланады. Ол жоқарыдағы көринистеги ағып киятырған бесик деталына абайлап дыққат аўдарсақ анығырақ белгили болады. Бесик, жазыўшының өзи көрсеткениндей, Нөкистиң Ақтуба деп аталған мәкан жайында жасап атырған бир ғәрип ҳаллы, қулдан да мийнеткеш, жүдә ақ көкирек ҳәм кең пейил, екинши тәрептен, парықсызлыққа, мәңгүрликке де берилген Нурлепес атлы урыс қатнасыўшысының баласы Нурқасымның нәресте күнинде жаўырны тийген мүлк еди. Ҳақыйқатында, халқымыздың ырым-тусиниклери менен улыўма халықлық миллий психологиялық аң-сезимлер бойынша бесиктиң суўға кетиўи жақсы нәрсе емес. Сондай-ақ, бесик қаншелли тозса да халық дәстүрлери бойынша ол далаға ямаса басқа орынсыз жерлерге парықсыз тасланып ямаса қараўсыз түрде аяқ асты етип қалдырылмайды. Ал, оның бүлиниўи, сыныўы яки т.басқаларды түсинде көрсең, алдында жүдә жаман нәрселерди күтиўге болатуғынлығы халқымыздың миллий психологиялық әдет-үрп дәстүрлеринен айқын. Сол сыяқлы, Нурқасым жатқан бесиктиң биротала суўға кетиўине байланыслы сюжетлик детальды биз, мине, усы негизги сюжетлик раўажланыўдың келешек даўамында Нурқасымның Аўғанстан саўашларында әскерде болып, соңынан оның табытының келиўи, Нурлепестиң үйине биротала қан қуйылып қалып, жигиттиң еле жап-жас келиншеги Мәнигүлдиң тосаттан болған моральлық соққыға шыдам бере алмай еси-ақылынан айырылып, делбе болып кетиўлерин еслесек, әлбетте, жазыўшының романда сюжет ҳәм конфликт дүзиўдеги поэтикалық шеберлиги айқын көзге тасланады. Себеби, автор бунда сюжеттиң раўажныўының дәслепки бөлимлериндеги кишкене бесик деталын оның соңғы басқышлары менен беккем ажыралмас түрде ҳәм терең образлы психологиялық ҳалатта байланыстырып берген. Сюжет раўажланыўына тийисли болған ең бир кишкене ўақыялардың да усындай сюжетлик ҳәм композициялық функциялары романда жүдә үлкен әҳмийетли түрде сүўретленген.

Атап айтқанда, солардың бири сюжеттиң дәслепки бөлимлериндеги әскерий басшы, еки урыстың қатнасыўшысы, сол ўақытлары халықты суў тасқынынан аман қутқарыўға белсене қатнасып журген Бердамбеттиң ис-ҳәрекетлери менен оның өмирбаянын алып қарайық... «...ҳәдден тыс ҳүкиметке берилгенлиги, ҳәдден тыс жаўызлығы менен даңқ шығарған бул киси не десе сол. Урыс жыллары әскерий хызметтен жалтарғаны ушын өзиниң эалғыз баласын атып өлтирген қаталлығы ҳәзир де ел арасында аңыз...Қызын буған таслап, орыс ҳаялы армян менен қашып кеткен» (22-б). Мине, усы киси, ҳәттеки, суў алыспаның ўақтында да ишиўшилик пенен ашналық-ойнаслық ҳәрекетлерден бас тартпайтуғынлығы реалистлик пенен сүўретленеди.

Сюжеттиң усы бөлекшелеринде сол ала-сапыранлы суў алыспа ўақытларында да инсан баласының, атап айтқанда, бизиң жерлеслеримиздиң санасындағы әдеп-икрамлық жақтан қолайсыз ислерге де барып жетиўдиң умытылмағанлығын, ал, ишиўшилик, мәсликке берилиўдиң де қойылмағанлығын жазыўшы дурыс әшкаралап көрсеткен. Әсиресе, қәлем ийеси ҳәттеки, сондай үлкен атақ - абыройларға ийе Бердамбет сыяқлы адамлардыңда да мәсликке, мәскүнемликке берилиўин, ақыры аяғында, арақ-вино өнимлерине тыйым, шеклеў салынып, олардың жүдә қымбатлап кетиўине де

байланыслы бул кисиниң соңында көкнаршы, нәшебент дәрежесине барып жетиўин сюжет ўақыялары арқалы ҳәм сол сюжетке енгизилген базы бир диалоглар арқалы сәўлелендиреди. Мысалы: «Гәптиң тетигин Палўанияз таўлады:

-Қала-ай, Бердәмбет, таза генсектиң тутымы қалай?

-Ҳа-ааў, - Бердамбет әжепленип бежирейди. - Оның несин меннен сорап отырсаң?! Өзиң билесең-ғой, арақты бес манатқа қымбатсынып журсек, тоққыз манат он тийинге шығарды, онысы да дүканда жоқ, қолда он бес мана-аат!...

-Сол бәлесин дым шығармаса еди, жүдә бәрекелле болыпты!

-Оның қуўанатуғын дымы жоқ!...

-Ҳаў, бизиң анаў Айбөрек келинлер жүдә қуўанып жүр-ғо!...

-Өзи арақ заводтың дүканын ашқан соң үйинде арақ сатады, бирақ...

-Әне, айтаман-ғо, - Бердамбет айтқанының дурыс шыққанына қуўанғандай билдирип тиришеленди.-Көкнардың дүканда сатылмағанын айта бер. Бунықң да нырқы аспанға шығар еди. Енди бас пүкил көкнарға жатпасам болмады. Бул бир сыпайы нәрсе екен, әри қыйсаңламайсаң...» (394-б).

Ҳәр қандай әдебий қаҳарманларға да тийисли болған сюжетлик ўақыялардың идеялық-эстетикалық, поэтикалық жүйеси менен усылайынша биригип кетиўи ҳәм бундағы диалоглардың тутқан орын усы мысаллардан-ақ айқын сезилсе керек. Диалог сюжет ўақыяларын өз-ара бирлестириўде, сол сүўретленип отырған ҳәдийселерди жанландырып отырып көрсетиўде жазыўшы тәрепинен жүдә шебер поэтикалық турде ислетиледи.

Солай етип, суў алыспақтың алдында дүкан баслығы Әмирхан өзиниң қараўындағы дүканшы қыз келиншеклер Кеңесгүл, Айбөрек ҳәм тағы басқаларға; дүканға от тийеди, сол ўақытта «от тийди-ҳә, от тийди!» - деп сыртқа қарай «қашың» - деп тапсырма береди. Бул пикирлерин ол айырым дүканшыларға ғана айтқанының себеби, олар Әмирханның тек ғана кеўли жақын «ойнаслары» болып қалмастан, ал, олардың көпшилиги Әмирханның қулына айланып, шорысына уқсас, күни усы киси менен ғана өтетуғын ҳаяллар еди. Сонлықтан да, ол жазыўшының айтқанындай, «Мениң системам, - деп мақтанады өзине өзи Әмирхан, - Бул ханлардан қалған система! Қатынларды бирине-бирин қараўыл етип қойыппан, булардың барлығы - усы дүканның ийтлери ... қәлегени дүканға бир майлы жилик тислеп келе алады, усы ойнақы қаншықларым саў турса, көрейин мениң дүканымда зат болмағанын. Мениң дүканыма көз алартқанын көрейин ОБХС ың ба, редакцияң ба, келе берсин!»... (7-б).

Ҳақыйқатында да, Әмирхан өзиниң ҳийлекерлиги, жалатайшылығы, өтирикшилиги менен де, пулдың куши менен де усы айтқанларын көп ўақытларға шекем әмелге асырып отырады. Оның усы пейлине де сәйкес үлкен суў тасқынында тек ғана соның жайы қуламай аман қалады. Үй-жайларды суў баспастан бурын Нурлепес щолақтың? «Әмирхан иним! сениң жайың қуламай аман қалады, хеш қысынба», - деген бир аўыз сөзи ушын оған соңынан марапат көпшигин молдан қойып, бул бир ақ көкирек, кең пейил, мийнеткеш инсанды, ҳәттеки, қулындай етип қол жаўлық сыпатында да жумсаўға тийкар таярлайды. Соның менен бирге, ол суў алыспада қулаған жайларды да сақлап, уры-ғардан қорғап, аманлықты тәминлеўге жумсалған милиционер ҳәм студент дружинниклер, арақ десе жанын аямай бериўге таяр Нөкербай менен Сийсенлерге азық-аўқатты молдан берип, арақ-шараптың турған жерлерин қоңсысы ҳәм ләббайлап жуўырып кете беретуғын Жердашқа көрсетип: «қәлегениңди бере бер», - деп тапсырып кетеди. Ал, өзи болса Жердаштың ҳаялы Айбөрек пенен түни менен басқа жақта қәлегенше ҳәзлеседи.

Мине, усы сюжет ўақыяларында-ақ оқыўшыларға Әмирханның да, Нөкербай менен Сийсенниң де минез-қулқ сыпатлары кем-кем белгили бола баслайды. Бунда Әмирхан өз ҳийлекерлиги менен өзинше «ақыллы» ис тутса, ал, Нөкербай менен Сийсенлер мәс ҳалында дурыслы-надурыс гәплерди айтып, түни бойы Жердашты пәтеңге келтиреди: Әмирханның жайын басына көтерип, Қосберген өлди, - деп даўыс шығарып жылайды. Әлбетте, булардың шала мәс ҳалында айтқан гәплеринде дурыс пикирлер менен ҳақыйқатлық та жоқ емес. Сонлықтан да, Қосберген дарғашы усы Нөкербай менен Сийсенди суў алмадан бурын жайына гербиш қуўып бергенде сынап билгенликтен, оларды Тәнирберген, Тайырбай, Бәрзиўлерге салыстырған да бир тәрептен жақсы да көреди. Буны Тәңирберген Шаббазов та қуўатлап, олар арасында мынадай гәплер кетеди. Тәңирберген былай дейди:

Бул заманда ҳақыйқатлықты я жинли, я пяң айтады, сен оны...

-Қәне жүриң, жүриң, гәп сөзди қойың,-деп кейиди Бәрзиў».

...»-Еситтиңизлер-ғой, ях, ақсақаллар, - деди Тәңирберген. - Мектебиниң тарийхшысының гәпин сен де еситтиң, Гүлимбай Нагметович, -Ҳақыйқатлықты бир айтса жинли, бир айтса пяң айтады екен! Онда айтың маған, жолдас Сталин ҳақ сөйлей ме, ҳақ сөйлейди, Маленков, Булганин, Хрущев, Каганович, Молотовлар-ше, ҳақ сөйлей ме, ҳақ сөйлейди-и, қурыдың, Тайырбай жалғыз, бүгин түнде сени ким алып кетсе де ыразы бол, бирақ, меннен көрме, ўаҳа-ўа-а...!» (47-б).

Минекей Тәңирберген Аббазовтың бир жағынан ақ көкирек қуўақылық пенен, екиншиден, пәтиўасызлық пенен, шынлыққа да толы айтылған тап усы гәплери соңғылығында Тайырбайдың басын жутып тынды. Яғный, жазыўшы усындай орынлар ҳәм усындай диалоглар арқалы сюжеттиң келешек раўажланыўларына тийкар таярлап отырады. Өйткени, жоқарыдағы диалогтиң жуўмағы сыпатында сюжеттиң конфликттиң келешек шийеленисиў басқышларында Тайырбайды тезлик пенен қамаққа алып, оның мойнына жыл кесип жибереди.

Жоқарыдағы айтқан сөзлери ушын Тәңирберген Шаббазовты да КГБ билдирместен алып кетип, өз подвалында силесин қатырып болып, қәйтип бурынғыдай гәплер айтпастай етип ҳәм дым көрмегендей қылып, «соншелли пяң болып көшеде жата бермесең-о, ақсақал!», - деп машина менен үйине әкелип таслайды. Ал, Тәңирберген болса Тайырбай жорасы «Қамалып кеткенин соңынан меннен көретуғын болды-аў», - деп қысынып жүреди. Бирақ, олай емес екен. Тийкарынан Тайырбайдың тәғдирине байланыслы болған усы сюжетлик бағдардың келеси этапларында оны ким қаматқанлығының сыры да жазыўшы тәрепинен жүдә шеберлик пенен өзине тартымлы етип сәўлеленген.

«-Бул адамның дәўлети тайса қоя бер!-деген гәп тапты Жәлимбет бақыраўық. - Мынаяқта Бәрзиўдиң жаны шықпай атырса, мынаяқта бир қудайдан бий үмит, наймыт оның мал қорасына от берип кетипти! Болды бир әшир-нәшир... (245-б)» ... биреўди биреў өртеп кетип атыр, елди дүзеўдиң орнына...

-Кимди ким өртеп атыр?-...Гүлимбай Нагметович түрин сурландырды.

-Қәне, айтың, тутайық, кимди ким өртеп журген?-

-Өртемесе, анаў не?! - Тәжимурат нәшебент ийеги менен Бәрзиўдиң жерине-аяқ ушындағы қара күйик өртеңге шоқ сақалын шошайтты. - Әне, өртең! Таўа бериң өртегенлерди! Ким екен, ким...?

Ким екенлигин Қосберген кемешиниң иши билди, бирақ, айтпай қалды (246-б).

Көрип отырғанымыздай-ақ, жазыўшы сюжетти усылайынша оғада шеберлик пенен өз сырын өзиниң ишине тартқызып отырып дүзе биледи ҳәм ўақыя менен ис-ҳәрекетлер, қаҳарманлар минез-қулқы арасындағы өз-ара байланысларды тығыз бириктиреди.

Яғный Тайырбайды қаматқан Бәрзыў арзағөй екенин минсиз аңлатады. Усы сыпат биз көрсетип өткен бир факттиң өзинде-ақ айқын сезилсе керек. Жазыўшы сюжет дүзиўде, биз жоқарыдағы текстлик материалдан көрип отырғанымыз сыяқлы, диалогларды шешиўши моментлерде, сюжеттиң анаў яки мынаў бағдарларының ямаса оның белгили бөлекшелериниң жуўмақлаўшы орынларында ҳәм ўақыялардың өз-ара байланысларын тәминлеўде жүдә шеберлик пенен ислеткенлигин белгилеп өтиўимиз керек. Сондай-ақ, диалог жазыўшы ушын сюжетлик ўақыяларды узақ, авторлық баянлаў ҳәм тағы басқалар менен бермей, ал, зәрүрли орынларда оларды қысқартып, ықшамластырып сүўретлеў ушын да керек болады.

«Бәрзиўди өлген соң да тынышына қоймай Тайырбай: «Мени жипә жиксиз қаматып, тирилей өртеп едиң! Сени тирилей өртеўге үлгермедим, өлгеннен соң-ақ, өртейин», - деп қәбирине от берип, қызығына қарап турған жеринен шыйықшылар услап берген екен. Соннан үлкен тергеспек басланып: «Әўели Бәрзиўдиң мал қарасын өртегениңди жасырғансаң, оннан соңғы жынаятларын да билесең, айтпайсаң!» - деп тергеўши столды қойып қалғанда жүрегине шаншыў турып, дем бермей қалған екен, сол кәрада сеспей қатыпты» (255-б).

Сюжет дүзиўдеги жазыўшының бул жердеги поэтикалық шеберлигин белгилеўши сыпатлардың бири сонда, сөз шебери сюжетлик, конфликтлик ситуациялардың жуўмағын оқыўшыларға бирден төбеден түскендей етип, бирақ, исенимли түрде, буннан алдыңғы ўақыялардың логикалық раўажланыўына сәйкес түрде баянлап жеткереди. Нәтийжеде, бул оқыўшыларда айрықша бир эмоция ҳәм өзгеше тәсирлениў пайда етип, ал, өз гезегинде жазыўшының идеялық-проблематикалық позициясын да анық түсиниўге жәрдемлеседи.

Ҳақыйқатында да, елиўинши жыллары елимизде 30-жыллардағыдан қалыспайтуғын қуўдалаўлар, қатаң репрессиялар дәўири болғанлығы ҳәзир батыл түрде әшкараланбақта. Жоқарыда көрип отырған Тайырбай атлы тарийх муғаллимине байланыслы болған сюжетлик ўақыялар менен олардың жуўмағы, мине, елдеги усы аўҳалларды бизиң көз алдымызға дәлме-дәл елеслете алады. Ақыры аяғында, Тайырбай, мине, усы репрессияның қурбаны болып қайтыс болады.

Бул халықтың сол елиўинши жыллардағы репрессия дәўириндеги турмысына, социаль-психологиялық, әдеп-икрамлық келбетине сәйкес келетуғын ортақ, типик ҳалатларды көрсететуғын сюжетлик ўақыялар ҳәм ҳәдийселер болып есапланады. Усылай етип, бопсын сөйлеп отырған Әмирхан ушын суў алыспақтың өзи де оған үлкен пайда берди. Қолайлы шараятлар дүзиўге жол ашты, - десек болады. Буны автор шығармада «жүйи билинбейтуғын» дәрежедеги сюжетлик ўақыялар менен ашып сүўретлеген. Олай дегенимиздиң себеби, суў тасқынында үйлери ўайран болып, жайлары қулап, мүлклери суўға кеткен Жердаш пенен ғәрип халлы Нурлепеслердиң пүткил шаңарақ ағзаларының барлығы ендигиден былай Әмирханнан, оның ҳәмиринен ғәрезли болып қалады. Жердаш бурыннан Әмирханның ойнасы Айбөректиң кийеўи сыпатында оның менен жақыннан қатнасып жүрсе де, дүканға от тийгеннен кейин бираз алакөзленип болып, олар бәри-бир соңынан татыўласып кетеди. Себеби, Жердаш дүканның қараўылы сыпатында Әмирханның дүкан складынан қымбат баҳалы көп муғдардағы затларды алып кеткенлигиниң гүўасы еди ҳәм буған дукан баслығы дым көрмегенсип отырып жайыңды питкерип ал, - деп Жердаш өмиринде әрман етип көрмеген көп суммада ақша береди. Жердаш болса бул пулларды ҳаялы Айбөрекке айтқысы келмей: «ақшаларды лотереядан утып алдым» - деп оны исендирген болады. Бәри бир Айбөрек оған исенбесе да, Жердашлардың жайы тез арада салдаманлы етип питкериледи.

Бул, әлбетте, Айбөректиң сақлығы менен сумлығының Жердашқа салыстырғанда басым екенлигин көрсететуғын еди. Усы сумлық ҳәм мәккарлығы менен ол Әмирханнан

өзинше пайдаланып, Жердашты жүк түсириўшиликтен, жүк тасыўшылықтан дүканның қараўыллығы хызметине өткерип үлгерген еди. Ал, бул мәккар келиншек өзиниң бузықшылық жолы менен түнде Жердаш мәс болып уйқылап атырғанында Жеткерген атлы винозаводтың директорын үйинде қонақ етип, оның таслап кеткен бир ящик арағын ери Нөкербайлар келген де бир ящик араққа пулды қаяқтан тапты екен деген сораўға:

«Оны винозаводтың директоры әкелди. Бизлер менен Қоңыратта бирге оқыған Жеткерген деген бала ғой! Қысынғанымнан қыз болдым-аў, шетиңизден пяңсыз! Кетип қалды» (143-б) деп жалатайшылық пенен жуўап қайтарғанын Жердаш сезбейди. Керисинше, ол жазыўшының айтқанындай, «...тулланып отырған ҳаялының кеўлин жадыратып жибериў мақсетинде:

-Көптен бери айта алмай жүрген бир сырым бар, - деп сыбырланды. -Менде жүз мың манат ақша бар!..» ( ) - дегенин билмей қалады.

Бул сюжетлик ўақыяда да сол дәўирдиң ең бир унамсыз сыпатлары өзиниң объектив сәўлелениўи менен бирге, онда жазыўшының сюжетке усындай абсурд ўақыяларды батыл түрде енгизе билиўдеги шеберлиги айқын байқалады. Өйткени, жазыўшы турмыс шынлығына сай объектив ўақыяларды сол турсына, жай түрде ғана баянлап ямаса оны көп сөзлилик пенен майдалап сүўретлеп отырмастан, ал, оларды қаҳарманлардың өз сөзлери менен, зәрурли орынларда оқыўшылар таң қаларлықтай етип бирден дүрс еткизип, бирақ, исенимли ҳәм логикаға сәйкес келетуғын тәбийғый жағдайларда сәўлелендирип берген.

Соның менен қатар, бул арқалы Айбөректиң өз аңқаў ҳәм намыссыз ери Жердаштан анағурлым шайтан ҳәм көз бояғыш екенлиги айқынласады. Сонлықтан да, ол он мың манат (рубль) ақшаны дүкандағы саўдадан жырып қалдым, - деп қас пенен көздиң арасында өз ериниң көзине шөп салғанлығын жасырып отыр. Усыларға қосымша, ол тап усы сөйлесиўлеринде ери Жердашқа ырасын айтып бир тәрептен мойынлағанына, екиншиден, оны алдап-арбап, жалатайшылық еткенлигине де тәсиййн қалмаў мүмкин еместей?

Сюжетке енгизилген бул ўақыя ҳәм ис-ҳәрекетлерди, өз-ара сөйлесиўлердиң мазмунын оқыўшылар таңланбай оқыўы мүмкин емес. Жазыўшының бул жердеги оқыўшыға тәсир күши, поэтикалық шеберлиги сонда, ол турмыстағы мейли сийрек ушырасатуғын қубылысларды да сюжетке сол турысында ашықтан-ашық түрде, бирақ, белгили бир идеялық-эстетикалық мақсетке бағдарланған ҳалда киргизип отырады. Яғный, жазыўшы өзиниң улыўма адамгершиликли идеялық бағдарынан алжаспайды. Себеби, жазыўшының сүўретлеўи бойынша Жердаш турмыста аз да болса бар, ҳаслы пәс, симсик ҳәм нағыз арсыз еркеклердиң биреўи болып есапланады. Сонлықтан, Айбөрек тап жоқарыдағы жағдайлардан соң бул «...кисиниң арсызлығына, ийнениң ушындай да қызғанбағанына, өмириниң усындай симсикке қор болып кеткенине арланып, бурынғыданда бетер өксип-өксип жылады» (268), - дейди. Айбөрек, мүмкин, сонлықтан да, Әмирханның баласы Темирхан менен өзиниң баласы Бердаш қоңсысы Айтбай домком-финагенттиң қызы Бийбирабаны зорлап қойғаны себепли бурынғы ойнасына қәтереге барғанында, оның менен және де кеўил жарастырғанлығын билмей қалады. Мүмкин, бул Айбөректиң опасызлығынан, бәлким, Әмирханның да арсыз, қатынпурыш, бузақы ишки руўхый дүньясына байланыслы иске асырылған да шығар.

Улыўма, шығармада тап усы тақлеттеги бир-бири менен өз-ара шым-шытырық ҳәм гейпара орынларда қарама-қарсылықларға, исениўге де қыйын байланысларға ийе, таң қаларлық ўақыялар көп. Жазыўшы буларды сюжет дүзиўде шеберлик пенен пайдаланған ҳәм оларда батыллық, өткирлик пенен реализмниң ҳәм объективликтиң тереңлиги басым келип отырады. Соның ушын, Айбөректиң мынадай пикирлерине дыққат аўдарайық:

«-Қыз балаға тәсилди қудайдың өзи қуйып береди. Қудай маған журтта жоқ сулыўлығын берди, бирақ, шалқып жасайтуғын, оқыйтуғын қотлы қожалық бермеди. Қараўсыз, әменгерсиз сулыўды ҳәмме ақмақ көре береди. Олар менен гүресип қутылыўға менде шама қәне, күш қәне?! Енди тәсилди ойламай көр! Тәсилхор болмағанымда қашшан көшениң жәлебине айландыратуғын еди...ышқыпазлар! Биреўиниң ҳәм қолына түскен емеспен солардың! Ал, Әмирханның қолына өзим түстим!...

-Не ушын?

-Бунның ақмақ адам екенлигин билдим! Бул тек ақмақшылығы, ақ көзлиги менен-ақ дүнья-мал, ақша арттырып алған, енди тек соны көбейтиўдиң жолын биледи, ал, сақлаўдың, үрим путағына қалдырыўдың жолын билмейди. Маған сонысы керек, бул мени ышқыпазлардан ақ көзлиги менен қорғай алатуғынын билип тығылдым қанатының астына. Өзине қолай биреўге әперетуғынлығын да билдим» (64-б).

Минекей, бул сөзлер Жердашқа келиншеги тәрепинен әзел бастан-ақ айтылған еди. Әдебий көркем-поэтикалық жақтан алып қарағанда оларды сюжеттиң усы бағдарларындағы соңғы ўақыялар менен салыстырғанда олар арасында беккем тығыз ҳәм қарама-қарсылықлы байланыс, ишки динамизм бар, көркем-әдебий образлардың ишки қарама-қарсылықлары да айқын сезиледи. Жазыўшы усы мәселеге сюжет дүзиўде айрықша итибар берген ҳәм буған ең биринши гезекте қәлем ийесиниң турмыс ўақыяларын сюжетлик сәўлелендириўдеги батыллығы, гейде, ҳәттеке, натурализмге жол қойыўы да кең мүмкиншиликлер ашқан деўге туўра келеди.

Романның сюжетлик поэтикасын изертлегенде кеўил бөлетуғын нәрселердиң биреўи сол, жазыўшы сюжетлик раўажланыўға қаҳарманлардың көрген түслерин, галюцинациялық-психологиялық процесслерди киргизиў арқалы да келешек, болажақ ўақыяларға оқыўшылар ушын ҳәм болжам таярлап, ис-ҳәрекет менен ўақыялардың өз-ара байланысларын тәминлеп, образлардың ишки дуньясын да тереңнен ашып бериўге ерискен[13]. Атап айтқанда, буған романдағы Әмирханның, Жердаштың көрген түслерин, Нурлепестиң баласы Нурқасымның машина басқарып киятырып Нөкис районында анасы Жумагүл-Жумаш жерленген «Әзлер баба»ның түсына келгенде өзинше көзине көринген ҳәм машинасының кузовына асылып минип алған анасын көз алдына елеслетип албыраўы, Әмирханның Шағал көпирдеги Қарий моланың үйине киятырып жолда көринген елеслери ҳәм тағы басқаларды еслеп көрсек болады.

Анығырағы, Жердаш түсинде мынадай ўақыяларды көреди:...»қанша уйықлағанын билмейди, ақ атқа минген Әмирхан Айбөректи алдына алып, үлбиреген ләблеринен, буғақларынан сүйип баратыр, қушып баратыр, мықшыйып та келип сүйеди-ә!». «Өлер болсаң өл, Жердаш! Сениң исмиңди аяқ асты, қара жер болып жүриўиң ушын нәкес етип қойған шығар молла, өл Жердаш, өл..!» - Усы гәпти буған ҳаялы бақыра ма, қалай-қалай? Тағы бир қараса, ақ аттың ақ қуйрығына жабысып бул да ушын атыр, астында таў, дала, тоғайлар қалып баратыр, мисли самолеттағыдай жерге қарап-қарап ушып баратыр, ал, аттың белинде Әмирханның ҳаялын қушып баратыр, мықшыйтып қушады-аў, мықшыйтып! ... Бул аттың қуйрығынан саўмалап барып Әмирханға жабыспақшы ма-аў, қалай-қалай? Аттың қуйрығы жулынып кетти ме-аў, я бунның қолы шығып кетти ме-аў, қалай-қалай ... Ҳаўада ербеңлеп, тырбаңлап киятыр ...сирә жеткерер емес. «Бәри бир өлмеймен» дейди түсинде өзине-өзи. Анаў ағарып атырған булт емес, фонд-фонд пахта, пахтаға түскен адам өле ме, өлмесем көремен сени, Әмирхан. Жа-ақ, бул булт та, пахта

[13] Заманагөй қарақалпақ повестьлериндеги қаҳарман характериниң ашылыўында түс, галюцинациялық процесслерди сүўретлеўдиң әҳмийети ҳаққында Ж.Есеновтың «Шеберликтиң сырлары» (Нөкис: Қарақалпақстан, 1986); А.Султановтың «Қарақалпақ прозасында Ш.Айтматовтың поэтикалық дәстүрлери» (Нккис, 2007) китапларында жүдә исенимли талқыға алынған.

да емес, өртенип атырған Бекбай тоғайының аппақ түтинлери!... Бақырып оянды, шаршап, терлеп қалыпты...

Ҳақыйқатында, бул Жердаш пенен Айбөректиң, әсиресе, Жердаштың келешек тәғдириниң астарлы-шынлы дүрыс ҳәм нақма-нақ көринис-картиналары еди. Былайша қарағанда, жазыўшы усы түс пенен-ақ сюжеттиң усы Әмирхан, Жердаш ҳәм Айбөрек бағдарларына негизги эскиз-жоба таярлап алған сықлы болып көринеди. Бул романды толық оқып болғаннан кейин ғана белгили болады ҳәм ең баслысы ол әдеп оқыўшыларды сюжетлик раўажланыўға қызықтырып, өзине тартыўға себепши болады. Жоқарыда бар шынлықты Айбөрекке де ол көрген усы тақлеттеги түси айтқызады. Бизинше, булар да жазыўшының сюжет дүзиўдеги поэтикалық шеберлигин белгили бир таманларын көрсетеди.

Романдағы баслы қаҳарманлар есапланған Нурлепес пенен ҳаялы Жумагүл, сол жерде жасаўшылардың тәғдирлерине байланыслы сюжет бағдарлары да негизинен Әмирханға, улыўма. сол дәўир шынлығына байланыстырылып шеберлик пенен, өзине тартымлы ҳалда сәўлелендирилген. Басқа да әдебий қаҳарманлар сыяқлы олардың да тәғдирлери өз драматизми менен сыпатланады ҳәм буны оларға байланыслы дүзилген шым-шытырық сюжет жоллары айқын дәлийллейди.

Әмиўдәрьяның суўы тасып, жайы қулап қалғаннан соң Нурлепестиң шаңарағының күни биротала Әмирханнан ғәрезли болып қалады. Ол суў тасқыны ўақтында «Социализм» деп аталған Нөкис қаласының қубласындағы аўылда жасайтуғын Тәжимураттың үйинде ўақытша турады да, ал, Ақтубадағы суўдың қайтыўы менен қулаған жайының әтирапын айланып, усы дөгеректен шыққысы келмей қалады. Болмаса дәслепки ойы «Коммунизмге», яғный, ҳәзирги «Өрнек» хожалығының аймағына барып қоныс баспақшы еди. Мине, бул жерде де мейли тосыннан сәйкес келиўшилик болса да, «Социализм»нен «Коммунизмге» көшиў түсинигинде қандай да бир рәмзий-символикалық мағана бар екенлиги айқын көринип турған сыяқлы.

Жердаш жүк түсириўшиликтен қараўыллыққа жумысқа өткеннен кейин, дүкан баслығы Әмирхан Нурлепести жүк түсириўши етип жумысқа қабыл етеди. Себеби, ол урыс қатнасыўшысы болып, бир қолының бармақларынан айырылса да, жүдә қарыўлы ҳәм мийнеткеш, тил алғыш ҳәм ақ көкирек қәсийетлери себепли соңынан Әмирханның үйинде де, дүканның ислеринде де өзин толық ақлап шығады.

Нурлепес солай етип, өзи дуканның жумысында жүрип, жығылып қалған, суў тасқынынан ўайран болған үй жайының ағашларын ғана ашып алып, жаз айларында ўақытша шертек дүзетип отырады. Усы Ақтуба аймағын айналшықлап, ҳәр кимге қол жәрдемин берип, арақ-шарап ишип күнелтип журген институттың студентлери Нөкербай менене Сийсенлер Нурлепестиң жайына гербиш қуйып берип, оның толық тикленип ишине кириўине каникуль ҳәм басқа ўақытларда да жәрдем береди. Ал, ... оның баласы Нурқасым болса бул ўақытлары еле жас бала еди.

Усы әдебий қаҳарманға байланыслы сюжет жоллары да жүдә өзине тартымлы, өз динамикасы ҳәм тәбийғыйлығы менен алып сүўретленген.

Нурлепестиң тәғдирине байланыслы болған қызықлы ҳәм драматизмге[14] толы сюжетлик желис - бул оның үш ылақлы ешкисине байланыслы да сәўлелендирилген. Нурлепес оларды қалаға апарып, өлдим азарда бурынғы ақша есабы менен бес жуз (таза пул менен елиў) манатқа сатады. Биреўи өтпей үйине алып қайтады. Қалған бир ылақлы ешкини болса домком Айтпай аўыл белсендилериниң бири Бердамбет ҳәм

---

[14] Ҳәзирги қарақалпақ прозасының стильлик раўажланыўындағы драматизмниң әҳмийети ҳаққында Қ.Султановтың «1960-80-жыллардағы қарақалпақ прозасының раўажланыўының айырым тенденциялары» деген докторлық диссертациясында сөз болады. Автореф. дис. ... докт. филол. наук. Б. 37-39.

жоқарыдағылар да: «Жоқ етпесең болмайды» - деп қыстай береди. Себеби, бул ўақытта Орайлық партия комитетинен Хрущевтиң тапсырмасы менен ешеклер, ешкилер, сыйырлар, түйелер қуртылсын, мәш, лобыя ҳәм тағы басқа егинлерге де тыйым салынсын, шошқашылық пенен мәккешилик раўажландырылсын деген, яғный хожалықты бир орайдан басқарыў системасы ҳаққында қарар шыққан еди. Усы мапаздың кесапатынан Нурлепес сыяқлылар көп шығынға ушырады. Ўақытша болса да олар азап-ақыретлер шеккенлигин жазыўшы усы әдебий қаҳарман әтирапында болып өткен ўақыяларды сюжетке енгизиў арқалы шеберлик пенен сәўлелендиреди.

Расында да, Нурлепес қалған бир ылақлы ешкини базарға сатыў ушын алып барса, оны ҳеш бир адам сорамайды, алып қайтып киятырса, бир орыс ҳаялдың қызы оның ылағына тарпа бас салып қушақлап жаздырмайды, анасына: «үйге алып кетейик» - деп жылайды. Оны жазыўшы былайынша сәўлелендирген: «...рус ҳаялының жетегиндеги кишкентай қызы анасының қолынан жырылып қашып, ешкиниң ылағын келә қушақлады! Ылақ болғанда қандай, ешкиниң ылағының сулыў емеси бар ма?! Қызы түспегир қулақларынан сыйпап, аўызларынан сүйип өлип баратыр! Ҳаял қызын ылақтан айырып ала алмады, ақыры, ҳаял ылақты сорады.

-Екеўин бирге ал, маржа, айырып сатпаймыз деп көрип еди, араға дилмәш салып екинши этажда жасайтуғынлығын, ешки сақлай алмайтуғынлығын, ылақты «игрушка» орнына пышықтай етип бағатуғынлығын айтты ... қыз ... қолындағы қуўыршағын берип атыр ғаррыға, «напамять» дейди» (196-б).

Сөйтип, ол ҳаялдың берген бес манатын да алмай, ылақты мутқа берип кеткеннен соң да қызықтың үлкенин көреди. Ылағынан айрылған ешки зар әйлеп артқа тартып, өмиринде жетекке жүрмей қалады. Ал, маңыраған даўысы болса қулақты жарады. Нурлепести бул азаптан сол жерде жүрген, буған тосыннан ушырасқан Нөкербай менен Тәңирберген Шаббазов қутқарады. Ғаррыға реҳими келген Нөкербай өзи таза костюм кийип алса да, ешкини мойнына салып алып, ашыў менен анаў үйине шекем бир тынбастан апарады.

Бул сюжетлик детальлар романда жүдә қызығарлы ҳәм сатира-юморлық сыпатларда сәўлелендирилген.

Соңынан ылағынан айрылған ешкиниң қулақты тесерлик дәрежедеги даўыс пенен маңыраўлары, оған домкомның келип, неге жоқ етпедиң, - деп Нурлепести қыстаўлары да өзине тартымлы ҳәм өткир мәнили етип сүўретленген. Мысалы:

«Ешкиң шақырғансоң келип едим Нурлепес аға!...

-Ешкиниң шақырғаны қалай...? Басын көтерип қараса, Айтбай қолынан алып сәлемлести де...

-Ал, аға - деп қапылтты. - Қолымнан түк келмейди. Бердәмбет аға менен жаў жарағын асынып участка милициясы келип қалды! Паспорт тексерип жүр, қолхоздан қашқанларға үш күн мәўлет ... сорамымызда ешки баққан да, колхоздан қашқан да жоқ деп булқып отырсам, мынаў ешкиниң даўысы қулағыма тал-тал келеди.

- Бар, шақырып атыр, - дейди милиция. - Ким? - десем, ешки-дә! - дейди. -Сен алдап отырсаң, сениң сорамыңда ешкили де бар, ҳәзир шығамыз да бирим-бирим қырғынды тийгиземиз, паспортсыз қашқанларына да, ешкилерине де! Бизди алдап, өтирик мағлуўмат бергениң ушын мынаў дүзилген акт, жуўапқа тартыласаң деп қара-аап тур!» (201-202-б).

-Бүгинги дәўир көз қарасынан алып қарағанда, минекей, усындай таң қаларлық турмыс ўақыяларының негизги сюжетке батыл түрде енгизилип, олардың ашықтан-ашық сүўретлениўи жазыўшының усы романдағы сюжет дүзиўдеги шеберлигиниң ең бир утымлы тәреплерин көрсетеди. Соның менен қатар, тап усындай сюжетлик

детальлардың көпшилик орынларда, жоқарыда да азы-кем келтирип өткенимиз сыяқлы, орынлы жерлерде қысқа-қысқа түрде аўыз еки гүрриң, әдебий қаҳарманлардың әңгиме гурриңи сыпатында, диалоглар формасында берилиўи де сол сюжетлик системаны жанландырып, оның ҳәрекетин тезлетип, зәрүрли жерлерде қысқартып та сүўретлеўге мүмкиншиликлер ашқан.

Солай етип, Нурлепес тынымсыз маңырап турған ешкини Айтбай домкомның өзине мутқа жетелетип жиберип ғана қутылады. Бир тутас алғанда, усы ешкиге байланыслы Нөкербай менен Тәңирбергеннниң ҳәм Нурлепестиң баласының мектепте еситиўлери бойынша айтқан көркем әдебияттағы трагедия жанры ямаса оның келип шығыў төркинине байланыслы айтылған «Ешки ҳаққында трагедия» жөниндеги әңгимелер де улыўма сюжетке жан ендирип, оның сүўретлениў барысын өзине тартымлы аўҳалға әкелип, булардың барлығы жазыўшының сюжет дүзиўдеги шеберлик сырларын аңлатып турады.

Нурлепестиң бул ешкилери сатылмастан бурынғы оның сүтлерин қоңсысы ҳәм жоқарыдағы домкомның ҳаялы Орынгүлдиң алып отырған сүт ыдысына бир қумалақтың түсип кетиўи, усының ақыбетинен ҳаялдың: «Бизлерге сүтиңе қумалақ салып бердиң, бул мазақ қылғаның ба», - деп шатақ шығарыўлары, Бердамбет, Айтпай ҳәм тағы басқаларға усы ешкилердиң сүтинен горшокқа уйтылған қатықты ишиўге усыныўлары ҳәм тағы басқа ҳәдийселер бир жағынан күлкили, сатира-юморлық сыпаттағы[15], екинши тәрептен, булардың бир тутас шаңарақ ағзаларының, әсиресе, Жумаш-Жумагүлдиң патаслығын, парықсызлығын ҳәм садалығын да аңлататуғын терең, өткир мағаналы сюжет детальлары ретинде жазыўшы тәрепинен дурыс ойлап табылған ҳәм олардың барлығы турмыста бар ҳәдийсе ҳәм ўақыялар болып есапланады.

Романда буларға қосымша усы сюжетлик бағдарларда Нурлепестиң ҳаялы Жумагүл-Жумаштың жас босаныўы, оны үйинде туўдырыў ушын Қосбергенниң ҳаялының тапсырмасы менен аттың жүўенин ғаррының пүткил аўылды излеп зордан табыўы, сабанның да табылмаўы, жас босанғаннан соң оған сүт бурыш ислеўге я сүттиң, я гүриштиң жоқ екенлиги, оларды табыўға Әмирханның ҳәм Жердаштың хожалықларының оғада ҳийлекерлик, данқпаразлық пенен жарыспаққа атақ-абырой ушын берген жәрдемлери сол дәўирге сыйымлы ҳәм тәбийғый исенимли түрде шеберлик пенен сүўретленген.

Жаңа туўылған нәресте Сазтурған еле қызыл шақа ўақытларында-ақ Нурлепестиң ҳаялы Жумагул-Жумаш қатты аўырып қалады. Оны кеселхана апарыўға ямаса докторды шақырыўға барса булар екеўиниң де паспортлары жоқ. Енди оны әўлийеге, қойымшылыққа зыярат еттирип емлетиўди ойлаған Нурлепес биреўдиң ешек арбасын жалынып сорап алып, «Әзлер баба» әўлийесине жаңа туўылған нәресте Сазтурған менен Нурқасымды да алып жолға шығады. Шыжғырған күнниң ыссысында қойымшылыққа жаңа ғана барып, оның шыйықшысы Медет хожаға хабарласып, қойымшылықты олар бир айланғаннан соң-ақ Жумагүл-Жумаш бирден ес-ақылынан айырылып, жилли болып кетеди.

Нурлепес усылайынша кемпирин қойымшылық ишинде биротала жойтып алып, түни менен шыйықшының қасында Сазтурған екеўи түнеп, азанда бир гөрге басын суғып, тек қана аяғы көринип атырған жеринен Жумашты Медет хожа-шыйықшы таўып береди. Ҳаял Әскербай атлы буннан бес жыл бурын жерленген бир инсанның скелет алқымынан бууўып услаған ҳалда жан тапсырыпты. Бул көринис романда сюжеттеги

[15] Роман жанрында заманагөй турмыс шынлығы сүўретлеўдеги сатира-юморлық сыпатлардың әҳмийети ҳаққында қараңыз: В.Коробан. Современный молдавский роман. –Москва: Советский писатель, 1979. Б.213-216; Н.Иванова. Смех против страха, или Фазиль Искандер. –Москва: Советский писатель, 1990. Б.93-137; Пахратдинов Ж. Ҳәзирги қарақалпақ прозасында юмор ҳәм сатира. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1989.

оғада аянышлы трагедиялық сыпатта айрықша жанландырылып, тап турмыстың өзиндегидей етип оқыўшылардың көз алдында терең сезимталлық пенен сәўлелендирилген. Анығырағы, ҳаял тирисинде гөрдиң азғана ашық жеринен басын суғып, қолын созғанлықтан, оны өлик скелеттиң мойнының сүйеги тарса қысып қатып қалғанлықтан, Нурлепеслер оны суўырып тартып ала алмай, бәлеге қалып атыр еди: «Жумаштың тептик ыштаны путына шеккем түрилип, еки саны бирден жалтырап көринип қалды. Оң аяғынан Медет хожа, шеп аяғынан Нурлепес мықшыйтып, ҳаялдың көйлегиниң етеги шемберликке түрилип барды да, соң киндиги көринип, бул журтқа бул да тамаша-аў. Анаў ўай-ўай салып турған он жети-он сегизлердеги Нурқасымның қалай жылағанлары, өзин қалай услап тутқанлары да тамаша, бәри тамаша!» (226-б).

Соңынан бир «...еки жигит қапсыра қушақлап тартамыз деди ... кишемниң сыйрағынан жаздырмаң деп тапсырды да, еки жигит бирден шалқасына таслап еди, бир нәрсе гөрден зоңқ етип шыққандай болдыдағы, олардың үстине еки ғарры - (Нурлепес ҳәм Медетхожа шыйықшы - П.Н) жығылды ... еки жигиттиң көзи түскен биринши көринис: ала шаңғыт, сатырлап топырақ қуйылып атырған гөр, адам тулғасының тутас склетин қапсыра қушақлап сәррийип қатып атырған, уўдар-дуўдар шашына гүрең реңли топырақ сығасып қалған ҳаялдың өлиги ҳәм оның шаң түссе де жумылмай атырған көзине келип қонған бир көк шыбын! (227-б)»

Мине, бул не деген ҳәсиретли, не деген трагедияға толы өлим десең болар еди?! Жазыўшы сюжетке тап усындай жан титиретерлик ўақыялар менен ҳәдийселерди белгили бир идеялық-эстетикалық мақсетлерде киргизип, бириншиден, оғада батыл идеяларды ортаға тасласа, ал, олардың жанлы тәсиршеңлиги арқалы өз идеяларының өтимлилигине де ериседи. Екиншиден, олар жүдә детальластырылып, картиналық көринислер арқалы берилип, бул жазыўшының шеберлик сырларын аңлатады. Усы көз-қараслардан, бул трагедияға ушыраған ананың баласы Нурқасымның машина айдап киятырып, тап анасы жерленген қойымшылықтың тусына келгенде көзине өлген анасы елеслеп, тап Нөкиске барғанша жүреги ҳәўлирип, үйине барған соң да тыныш жата алмай, соңынан делбе болып кетиўи, оның Шағал көпирдеги Кәримолла тәўиптиң қолында емленип келиўи, соңынан оның жаңа қосылған қостары Мәнигүл менен маўқын баса алмай атырып-ақ әскерликке алынып, шеги Аўғанystanға түсип саўашта набыт болып, үйине табыты келгенде Мәнигүлдиң ес-ақылынан айырылып, емлеўханаға түсиўи, саўалғаннан соң басқа биреўге турмысқа шығыўы, Әмирханның Нурлепести машинаға қақтырып өлтирткизип, оның қуны ушын Сазтурғанға көп ақша бериўлери, намысы қорланға Бийбирабаның оны усы ҳалға әкелгенлердиң бири Темирханды балта менен шаўып өлтириўи, сол Темирхан менен бирге қызлық ар-намысын аяқ асты еткен Бердашты да өлтириўи ҳәм тағы басқалар абсурд ўақыялар ретинде, шынында да, романның көбирек абсурд реализмниң, модернизмниң[16] принциплерине тийкарланғанлығын көрсетсе керек. Бул айтылған көпшилик ўақыялар тосыннан келип шыққандай болып көрингени менен, олар романның тутас сюжетлик бағдарында логикаға сәйкес түрде өз исенимлилиги, объективлиги ҳәм реализминиң тереңлиги менен сыпатланады. Усыларға қосымша романдағы Турсын ҳәм Әмирханға, Әмирхан ҳәм оның басқа да ойнас қатынларына байланыслы ис-ҳәрекетлер де шығарма сюжетине саналы түрде енгизилген. Булардың өзлериниң турмыста тийкары, прототипи бар қаҳарманлар екенлигин айтып өтиўимиз керек. Жазыўшы олардың өз-ара қатнасларын, әсиресе, төсек қатнасларын өтлесип кеткен сексуальлық дәрежеге жеткерип сүўретлеўге берилип кетсе де, бирақ бундай ҳәрекетлердиң турмыста жүдә көп ушырасатуғынлығын есапқа алыўымыз керек. Сонлықтан, бундай ҳәдийселер өмирдеги унамсыз қубылыслардың бир бағдары Әмирхан, Жеткерген, Темирхан, Бердаш сыяқлылардың

---

[16] Ҳәзирги өзбек романшылығында абсурд, модерн әдебияты белгилери ҳаққында қараңыз: Қ.Йўлдашев. Ёниқ сўз. –Тошкент: Янги аср авлоди, 2006. Б. 151-171; З.Пардаева. Ҳозирги ўзбек романи. –Тошкент, 2004. Б.89-104.

қатын пурышлығы менен намыссызлығы, олардың ҳаял-қызларды, әсиресе, Бийбираба сыяқлы әменгерсизлерди қорлап, азаплаўшы минез-қулықларын ашып бериў ушын сюжетке дурыс енгизилген. Өйткени, булай деўимиздиң себеби, Әмирхан өзиниң баласы Темирхан менен Жердаштың баласы екеўлеп, Айтбайдың-қоңсысының қызы Бийбирабаны зорлап, намысына тийген күни «бизиң бала нағыз жигит болып, жигитлик етипти...!» деп өзинше мақтанып, бул исти Гүлимбай Нагметович пенен коньяк ишип жуўып отырады. Буннан алдын да қызды зорламақшы болғанда арашаға түскен Нурлепестиң баласы Нурқасымды урып-сабап, милицияға берип жибереди. Кейнинен Нөкербай, Сийсен, Турдыбай шайыр араға түсип келген соң Нурқасымды шығарып алып, Темирхан менен Бердаш қоңсысына тағы да кемситиўши сөзлер айтып оны азаплайды. Әмирхан қыздың соңғы сапары намысы биротала қорланғанын билсе де, билмегендей болып, жоқарыдағы прокуратурада ислейтуғынлардың мәсләҳәти ҳәм көмеги менен пара берип, балаларын қәпелимде, Ташкентке оқыўын даўам етиўи ушын самолетта ушырып жибереди. Сөйтип, олардың қызды қорлағаны мойынланбай қалады да, соң қыздың әкеси үлкен шаўқым көтереди ҳәм соңғылығы жоқарыдағыдай трагедия менен жуўмақланады.

Романдағы Жердаштың өз қарсыласы Әмирхан менен қәпелимде «жигитшилик» ҳаққында бәсекелесиўи, Жердаштың егер Әмирхан Бийбираба менен жынысый жақтан жантаса алмаса, оған елиў мың бериўи кереклиги, ал, ол усыны орынласа, Жердаш оған елиў мың бериўи шәрт екенлигине шәртлесиўи, соңынан Әмирханның бул шәрттен өзинше жасырын түрде бас тартқаны ушын буны Жердаштың рәкетлерге тапсырып, ақшаны өндирип алыўы, қыздың Темирханды өлтириўди тезлетиўге усы ўақыяның себеп болыўлары да шығармада ҳайран қаларлық ҳәдийселердиң бири, бирақ ол исенимли түрде, негизги сюжет бағдарына шеберлик пенен енгизилип бириктирилген. Бунда Әмирханның ишки толғаныслары да оның бир неше ишки монологлары арқалы жүдә өзине тартымлы ҳәм тәбийғый психологиялық ҳалат ретинде алып сүўретленген. Бийбирабаның Темирханды шаўып өлтиргеннен кейинги ойлары, оның улыўма гуманистлик бағдардағы адамгершиликли пикирлери де усы типтеги ишки монолог, ишки толғаныслар ретинде жүдә тереңнен алып сәўлелендирилген. Ал, Бийбирабаның түрмеден жазасын өтеп келгеннен соңғы Нәзигүлге айтқан мына гәплерине қараңыз:

«-...ким жаман болса, өзи қудайдан таўа береди...

-Қудайдан таўмайды, булар журтты қудайдан таптыра береди! Жаңа-ақ өлтире қояйын деп едим, қызыңыз аяғыма жығылып жылады!...

-Өйппей сиңлим-ай, ҳәкисленгеннен аманбысаң?! Кимди өлтирежақ един?

-Әмирханды-дә! ... Бир сөз бенен айтқанда, сизлердиң бәриңиз ийтсизлер, апа, кеўлиңизге келмесин, сизиң ғаррыңыз да, қызыңыз да ийт, адам емес екеўи де! Ал енди Жердаш сизлерден-ҳәм пәс ийт, қатынының арқасынан байып, қатынының ойнаслары менен қатнасады-аў... Көргим келмейди сизлерди, түпиў-ў!» (553-554-б).

Тап усы мазмундағы гәплерди буннан алдын да арақ ишип, мәс болып отырса да Нөкербай айтып салады. Сонда шынлық сөзге шыдамаған Нәзигүл Нөкербайларға қарата табақты зыңғытса, ал, Турсын қолына балта алып, оларды көп жерге шекем қуўып салып, асырып салған еди. Нөкербай азанда кеширим сораў ушын келгенде де, қапының артында қолына балта алып турған Турсынды көрип, кейин қарай қалай зыңғығанын билмей-ақ қалған еди.

Шығармадағы бундай орынлар, проблематикалық ҳәм идеялық жақтан алып қарағанда, өткирлиги ҳәм тәсирлилиги менен айрылып турады. Буларды жазыўшының әдебий аўыз еки гүрриң түриндеги гәплери менен бериўдеги шеберлиги, эмоциональ-экспрессивлиги оқыўшыны өзине тартады. Әсиресе, нақма-нақ сөйлесиўлер, диалоглар ҳәм полилоглардан тысқары сюжеттиң айырым бөлекшелериниң зәрүрли орынларда

қаҳарманлардың аўыз еки гүрриңлери, әңгимелери арқалы берилиў усылы да романда автордың сюжет дузиў шеберлигиниң белгили бир қырларын ашып көр көрсетеди. Атап айтқанда, оның дос-яранларының Нөкербай Ниязов ҳаққындағы, Убайда менен Айбөреклердиң әскерий адам Бердамбет, Мәўлен комсомол туўралы әңгимелери де ҳәм тағы басқа гүрриңлер де усындай сыпатларға ийе. Буған усаған айырым сүўретлеўлерди жоқарыдағы гейпара мысалларда да көрип өткен едик. Оларда жазыўшы белгили бир әдебий қаҳарманлардың ўақыялық, ис-ҳәрекетлик мазмунға ийе бир-еки аўыз гәпи арқалы-ақ үлкен сюжетлик ўазыйпаны атқарып, тутас сюжетлик раўажланыўға түртки жасап, оған себепши тийкарлар таярлап берип отырады. Солардың қатарында шығармадағы Нөкербай деген мәсликке берилген жигит ҳаққында оның досты Сийсен, Нурлепес ҳәм сол Нөкербайдың өзи арасында мынадай сөзлер болады:

«Сийсен...

-Бул-деди Нөкербайға ийегин созып,-атақлы байдың, колхоз баслықтың баласы болғаны менен әкеси үйинен ада-жуда етип қуўып жиберген...

-Не жазығы ушын?!

-Бул жигит арақ ишсе әкесиниң абыройын төгип, күшик пенен ойнай берген ... тағы бир сапары, айта берейин бе, Нөкербай?!

-Дос болған соң несин жасырамыз, айта бер!

-Тағы бир сапары райкомның кишкене балаларының ойнап жүрген ылағын урлап қашқан ... тыңлап отыр, Жердаш аға, тағы да қызығы бар, сөйтип ол ... бир экскoваторшылардың қасына барып арағын ишеди ... сөйтип оларға мына жерде дайым бар деп оның үйине ертип келсе, дайысы: келсең, мәс болмай, жолдасларыңды таўып кел, - деп қуўып жиберипти. Буған ерегискен Нөкербай шарбақтан асырылып түсипти де, бир ешкине баўызлапты, екинши ешкини жиығып атырғанда ешки бақырып, ийелери оянбасын ба?! Нөкербай тасыр-тусыр шарбақтан секире қашыпты. Қорада ақ плащы қалып қойған екен, дурыс па Нөкербай ... сөйтип дайысы азанда Әкимнияз баслыққа барып, сондай-сондай, балаң елди бүлдирип атыр балаңды басқара алмай жүрип, сен қалай ел басқарасаң?! Мен райкомға бараман, минекей плащы демей ме?! Әкеси сол заманда буны елден шығарып жиберипти, соннан берли бул «Қақаман» аўылына бармайды...» (37-б).

Мине, көрип отырғанымыздай, бунда сюжеттиң белгили бир раўажланыў басқышлары ямаса әдебий қаҳарманлардың минез-қулқ сыпатларының эволюциясының айырым нақ мәўрит яки ситуациялары басқа бир қаҳарманлардың гүрриңи арқалы, олардың баҳалаўы, көз-қараслары ҳәм эмоциялары менен жүдә экспрессивлк ҳалда сүўретленеди. Романда усы усыл көпшилик орынларда диалоглар менен қатар улыўма сюжет дузиў поэтикасында үлкен роль атқарған.

Жуўмақлап айтқанда, Ш.Сейтовтың «Жаман шығанақтағы Ақтуба» романынның сюжет дүзиў шеберлигинде жазыўшы биринshiден, сюжетке сол өзи таңлап отырған дәўирге тән таң қаларлық абсурд ўақыяларды батыл түрде, көплеп, молдан киргизиў арқалы проблематикалық өткирликке ерискен, улыўма сюжеттиң өзине тартымлылығын да тәмийинлеген. Екиншиден, шығармада көпшилик орынларда диалоглар ҳәм полилоглар сюжетлик функция орынлап, олар шығарма сюжетиниң динамизмин, драматизмин пайда етип отырған. Үшиншиден, қаҳарманлардың аўызша гүрриңлери де шығарма сюжетине айрықша жан берип, олар өзиниң қысқалығы, тужырымлылығы менен негизги сюжетти толықтырып, оларды және раўажландырып барған. Төртиншиден, жазыўшы сюжет дүзиўде картиналық жанлы сүўретлеўлерге айрықша орын берген.

## 3. Фантастикалық сюжет ҳәм роман поэтикасы

Қарақалпақ көркем прозасы ушын фантастиакалық роман ХХ әсирдиң ақырының жемиси болғанлықтан да, ол бизиң бир тутас миллий әдебиятымыздың ең бир жаңашыл бағдарларының биринен есапланады. Соның менен бирге, фантастикалық сюжет ҳәм улыўма фантастикалық образларды изертлеў мәселеси де миллий әдебияттаныў менен әдебий сынымызда енди-енди қолға алынып атырған тараўлардың бири болып есапланады[17]. Сондай-ақ басқа халықлар әдебиятындағы бул тараўдағы изертлеўлер де баршылық[18].

Атап көрсеткенде, соңғы ўақытлары жигирмаланшы әсирдиң жетписинши жылларынан баслап бул жанрлық тараўда негизи әдебиятымыздың ең соңғы буўындағы жас ийелери болған А.Халмуратов, С.Исмайлов, А.Реймов сыяқлы санаўлы жазыўшыларымыз ғана шуғылланып келмекте. Солардың ишинде А.Халмуратовтың «Жәннет бағы», М.Нызановтың «Жети журтқа саяхат», С.Исмайловтың «Жүрек галактикасы» романларын атап өтиў ҳәм соңғы шығармаға айқынырақ тоқтаў мақсетке муўапық деп ойлаймыз.

С.Исмайловтың «Жүрек галактикасы» романының негизги сюжети аспан-космос кеңислигин изертлеў ҳәм биоэкологиялық тең салмақлылықты сақлаў проблемасына арналған болып, бир тутас алғанда, романның сюжетлик-композициялық сыпатының бираз қурамалы, қоспалы сыпатқа ийе екенлигин айтыўымыз керек. Сюжет қарақалпақ жигит -қызы Баҳадыр менен Тамара исимли қыздың космос кеңислигине, «Цефей» деп аталған шоқ жулдызға узақ - пүткил өмири бойы саяхат етиўге таярлығынан басланады. Тамараның кәсиби врач болып, олар қалыңлығы екеўи космосқа атланардан алдын қәдимги Ана Жеримизде үйлениў тойларын өткерип кеткен болады. Соңынан олар космоста түрли қарама-қарсылықлар менен ҳәр қыйлы планетадағы түрли-түрли тиришиликти де көрип билиў менен қатар, Сабыр атлы перзентли болып, еки уллы косманавтлар Жерги қайтып жақынлап түсер алдында қаҳарманларша жан береди. Оның баласы Сабыр Ана-Жерге аман түсип, үлкен азамат болып жетилисип (бирақ, оның қандай кәсип ийелегени ҳәм т.б. ҳаққында гәп болмайды), ол да басқа планеталарға ушар тарелкалар менен қызықлы ҳәм терең мәнили саяхатлар етеди. Мине, бул тийкарғы өзекли сюжетлердиң барлығын жазыўшы оқыўшылардың дыққатын өзине тартымлы ҳалда ғана емес, ал, қаҳарманлардың характерин, дәўирдиң баслы-баслы экологиялық, әдеп-икрамлық, моральлық сыпатларын өзине терең жәмлей алатуғындай ҳалдағы ўақыялар ҳәм ис-ҳәрекетлер менен, оларды тек ғана обьектив-хронологиялық жақтан дәстурий формадағы - ўақыт бойынша жалықтырарлы түрдеги избе-из дизип, майдалап баянлаў арқалы емес, ал, гейде қаҳарманлардың аўыз-еки гүрриңлери, айтып бериўлери, әпсаналар менен фантастикалық сюжетлерди де ядтан еске түсирип, қайталап айтыўлары, оларды болып атырған ўақыя ҳәм ис-ҳәрекетлер менен салыстырыўлары, базда түс көриў, галлюцинациялық процесслер, гейде, асқан, жүдә өткирлестирилген, асыра силтеўши фантастикалық сюжет детальлары менен поэтикалық жақтан айтарлықтай дәрежеде шеберлик пенен сүўретлеген деўге толық арзыйды. Солардың ишинде, әсиресе, айрықша тоқтап, белгилеп өтетуғын нәрсе сол, жазыўшының сүўретлеген ҳәм сол арқалы қаҳарманлар образы менен негизги проблемаларды шешиўге себепши болатуғын ўақыялар көпшилиги фантастикадан гөре турмыстың өзине, илимге, инсан қыялы менен турмыс ҳақыйқатлығының бир-бирине

---

[17] Абдиев А. Зарождение и формирование научно-фантастического жанра в каракалпакской литературе.: Автореф. дис… канд. филол. наук. –Нукус, 1995.

[18] Степновска Т. Научная фантастика как вид фантастической литературы.: Автореф. дис… канд. филол. наук. –Москва, 1985; Гангули С. Научно-художественная фантастика И.Ефремова.: Автореф. дис… канд. филол. наук. –Москва, 1988; Мукасова А.М. Кыргыз адабиятындағы илимий фантастикалық жанр.: Автореф. дис… канд. филол. наук. –Бишкек, 2004 ҳәм т.б.

сәйкеслигине жақын келеди. Олардың бираз илимий болжаўлар менен илимниң соңғы, бәлким, келешектеги ашылыўларына қандай да сәйкес келиўшилиги менен айрықша дыққатты өзине қаратады ҳәм сол арқалы бири космонавт жигит Баҳадырдың атасы Кәримниң басынан өткен ўақыялардың көпшилиги: фашизм ўақыялары, ондағы Сахўан атлы фашист С елин басып алыўы, оның түрлише жаўызлық ис-ҳәрекетлери, олар тәрепинен күшли жарылғыш қуралды сынап көриў нәтийжесинде көп адамлардың қырылып кетип, тек ғана оның ойлап таўып, дөретиўшилери болған үш адамның ғана аман қалыў жобалары ҳәм тағы басқалар тап бизиң халықларымыздың басынан өткен келешектеги ҳәм өткендеги турмысын қайта тирилтип, сол ўақыт кеңислигиндеги еки турли ҳәдийселерди шебер поэтикалық түрде синтезлеп бирлестириўден туўылған сюжетлик бағдарлар екенлиги анық сезилип турады. Бул, әлбетте, жазыўшының фантастикалық сюжет қурыў ҳәм оның обьективлиги менен реализмин, илимий дәлийллигин арттырыўдағы поэтикалық табысы болып саналады.

Соның менен бирге, базда автордың көпшилик табысларына логикалық жақтан онша сәйкес келмейтуғын, фантастикалық поэтикалық сыпатларға қарама-қарсы шығатуғын базы бир орынлар шығарманың гейпара орынларында болса да ушырасады. Мысалы, Баҳадырдың космонавтлар қалашасындағы таярлық барысында шынығыў ўақытлары бир турникте бир нешше мәртебе айланып, бираз қашықлықтағы екиншисине секириўи ҳәм оннан да бир қанша мәртебе шыр гүбелек айланып ушып, жерге дәлме-дәл тикке түскенлигин көрип отырғанда, Сидоровтың оған наряд бериўи - бул бизиңше таң қаларлық фантастикалық бир тутас сюжетлердиң логикасына сәйкес еместей сезиледи. Себеби, бундай шынығыўларды соншелли дәрежедеги қаҳарманлық ислеп, өзин өмир бойы космоста өткериўге таярлап атырған космонавтлар түўели, әпиўайы спортшылар да жийи-жийи орынлап жүргенлигин көрип жүрмиз. Ал, Баҳадыр болса, бир шынығыўларда жүз градуслық ыссылық пенен тап усы қурлым суўықлықта да ваккумда бир сааттан аслам шыдамға төзим бере алған қаҳарман жигит болса, ал, оған әпиўайы турникте көрсеткен ис-ҳәрекети ушын командирдиң ескертиў бериўи ҳақыйқатлыққа, ең баслысы, фантастикалық сюжет логикасына сәйкес келмесе керек. Бирақ, шығармада көпшилик сюжет ўақыялары, әлбетте, таң қалдырарлық ис-ҳәрекетлер ҳәм илимниң келешек ашылыўларына сүйенген шынлықлар тийкарына қурылғаны менен баҳалы.

Мине, усындай танланарлық ҳәм обьектив өмир шынлығына тийкарланған сюжетлик ўақыялардың бири - бул Баҳадырдың робот пенен басқарылатуғын электропоезд апатынан космонавт досты Викторды аман сақлап қалыўы болып есапланады. Бул сюжетлик ўақыя космонавт жигитлердиң бири Викторлың сүйген қызы Надяның мүсинин қоладан қуйып-соғып болып, оны қыздың туўылған күнине саўға етиў ушын электропоезд линиясын кесип өтиў пайытында жигиттиң сүрнигип жығылып, қәўип астында қалғанда, оны бар шаққанлығы менен секирип барып Баҳадырдың линиядан сыртқа қарай ылақтырыўы менен сәўлеленеди.

Романда усындай бир-еки характерлик сюжетлик ўақыялар арқалы жазыўшы космонавт қарақалпақ жигити Баҳадырдың ерлик ҳәм қаҳарманлықларға таярлығының барысын, оның шаққанлығы менен мәртлигин, епшиллигин де ашып сәўлелендиреди. Буннан тысқары романның негизги сюжетине Баҳадырдың минез-қулық сыпатларын ашыўға себепши болатуғын оның еске түсириўлерин, анығырағы, жигиттиң балалық ўақытларындағы әкеси Махмуд пенен басынан өткерген аңшылық мәўритлериндеги ис-ҳәрекет картиналарын ҳәм баласына әкесиниң айтқан нәсиятлары менен аңыз-әңгимелерин сәўлелендириў менен де сюжетти жанландырып, оның улыўма терең ойлылығына, көркем психологиялық субьективлик сыпатына ерискен. Сондай-ақ, жоқарыда да ескертип өткенимиз сыяқлы, бул еске түсириў ҳәм Баҳадырдың әкеси, атасына байланыслы сюжетлик ўақыялардың көпшилиги өз реаллығы, турмысқа жақынлығы менен негизги фантастикалық сюжеттен ажыралып ҳәм тийкарғы сюжетлик

өзекли бағдарға айрықша социальлық турмыслық, психофилософиялық мәни берип турады.

Усы бағдарда романда жазыўшы дәслептен-ақ баслы әдебий қаҳарман Баҳадырға ең алды бурын, әкеси менен болған аңшылық сапарларын ядқа түсиртеди. Жазыўшының сүўретлегениндей, Баҳадырды «Әсиресе, нышана атыўдағы мергенлиги ҳүрметке еристирди. Ол көзин байлап қойса да нышананы мулт жибермей қулатады. Мергенликти оған әкеси үйретти.

Әкеси орта бойлы, толық денели, жасына қарамай бетин қалың жыйрық басқан, бир қараўдан әбеший көринетуғын еди. Бетиниң оң алмалығындағы тыртығы оны жүдә ашыўлы кейипке түсирип турады. Биринши рет көрискенде усылай көрингени менен ҳаслында жүдә мийирман адам» (7) Әкеси оған сөзлериниң биринде. «–Балам, енди қайтайық, бүгинги усы да жетер, - дейди ол дорбадағы еки қоян, бир қасқалдақты ымлап. - Алдымызда және бир қоян жатағынан шықты, бирақ оларды атып обалына қалмаймыз. Отлағандағы аўыр қозғалысларына қарағанда, екеўи де буўаз қоянлар. Оларды атыўға болмайды!».

«… Бир жердеги теректи кессең, екинши бир жердеги дарақтың жаны ыңыранады. Қан тамырың тарайғанда өзиңди қалай сезсең, дәрьяларды бөгегенде де, тәбият солай азап шегеди. Бир тәнли, бир жанлы жалғыз әлем бул, улым!» (8).

Мине, бул сөзлер, әсиресе, Бахадырдың әкеси Махмудтың баласына айтқан соңғы пикирлери тап усы дөретпениң лейтмотиви сыяқлы болып сезиледи. Ҳақыйқатында да, усы пикирлердиң шынлығын Бахадыр кең космос әлемин пүткил өмир бойы тынымсыз гезип көзи жеткенлигин биз соңынан билемиз.

Соның менен бирге, Баҳадыр космосқа ушпастан бурын-ақ Тамара менен қосылыў тойында отырып, Тамараның анасы Айша апа бир әпсана айтып атырғанда, жигиттиң ядына өз әкеси айтып берген тағы бир әпсана түсип кетеди. Ҳақыйқатында, бул әпсанада космос кеңислиги менен улыўма жаратылыс, тәбият дүньясы менен инсанның руўхый дүньясы арасындағы өз-ара байланыс ҳаққында болып, ол «Дәў тескен» үңгирине байланыслы еди. Сонда Баҳадыр әкеси «Дәў тескен» үңгирине түсип баратырып, не ушын бул үңгир «Дәў тескен» деп аталған деген сораўға Махмуд қысқа сюжетлик мазмунда жуўап берген еди.

---

Биз ойланып қарасақ, фантастикалық романның барлық сюжетлик көшери тап усы Махмуд айтқан әпсана сыяқлы болып көринеди ҳәм баслы әдебий қаҳарманның тутас өмир бойы атқарған инсаний пазийлети де әкеси айтқан усы пикирлерди, усы әпсанадағы идеяны тастыйықлап турғаны анық болып есапланады. Олардың барлығы тутас бир дүньядағы биоэкологиялық теңсалмақлылықты сақлаўға қаратылған. Былайынша қарағанда, жоқарыдағы «Дәў тескен»ге байланыслы әпсана сюжети бир пүтин романның жобасы, оған идеялық-эстетикалық нусқаў бериў, эскиз-сюжет деп те атаўға болады. Соның менен бирге, бул дәў образы ҳәм оның бизиң узақ әсирлик халық-аўыз еки әдебиятымыздағы қыялый образлар менен де тығыз байланысы, оның улыўма халықлық көркем-эстетикалық ой-пикир, талғам менен де ажыралмаслығы роман поэтикасының дәстүрий эстетикалық талғамға жақынлығын, оның миллий колоритлигин де тәмийинлеп турғандай. Усындай фантастикалық ҳәм мифологиялық образлардың әдебий-көркем образлық ҳәм заманагөйлик әҳмийетин соңғы ўақытлары айырым изертлеўшилердиң тереңирек үйренип атырғанлығы да орынлы болса керек[19]. Романдағы Махмудтың өз улы Баҳадырға бир ўақытлары жерге бир космос кемеси түсип, оны жердегилер кәраматлы деп танып, корабль сынықларына шекем жердегилер бөлисип алып кеткеннен соң, буннан нур кеселлиги тарқалғанда, оның басқарыўшы ушыўшысы ойланып-ойланып, буны шақмақ таслардың жәрдеминде емлеў кереклигин шешип, ақыр аяғында, сол шақмақ таслардан үлкен-үлкен пирамидалар салыўға шекем ерисип, пүткил инсан, тарийх ушын айрықша хызмет ислеў ҳаққындағы әпсана да өз

---

[19] Эшонкулов Ж.С. Ўзбек фольклорида дев образининг мифологик осослари...: Автореф дис.... канд. филол. наук. –Тошкент, 1996.

шынлығы, илимниң соңғы жетискенликлерине тийкарланыў мүмкиншиликлери менен дыққатты өзине қаратады. Бул әпсананы Баҳадыр космосқа көтерилиўдиң дәслепки басқышларында-ақ ядқа түсирип, оның мәнисин өзинше шағып, өзинше ойларға бериледи.

Романның улыўма сюжетиндеги, айтып өткенимиздей-ақ, айрықша белгилейтуғын нәрсе, бул - фантастикалық пенен ҳақыйқый турмыстың ис-ҳәрекет ўақыяларын жазыўшының шебер есилдирип, бир-бири менен қамшының тилиндей орап бериў шеберлиги болып есапланады. Атап көрсетсек, Баҳадыр ҳәм Тамара космосқа узақ сапарға атланар алдында қосылыў тойын өткерип атыр... Тамараның анасы Айша апа ҳәр қыйлы нәсиятлар айтыў менен бирге сөзлериниң биринде былай дейди:

-Аўа, қыз ўақтымызда сондай ишимликлер болған. Оның адамлар басына түсирген қайғысын бендеге бермесин. Соңынан арақ шығарыў азайтылды ... Ақыры, сол ишимликлер дүканларда толып турса да, қарыйдарлар сатып алмайтуғын болды-ғой!... Енди ойлап қарасам, сол дәўир адамларының биразы аўыр дәртти ақшаларына сатып алады екен-дә!» (33).

Мине, бул бизиң жасап атырған дәўиримизден бираз жыллар соң болыўы мүмкин, әмелге асыў мүмкиншилиги бар шынлық ретинде жазыўшы тәрепинен ядтан тоқылған фантастикалық сюжет бөлекшеси болып ҳәм бул пикирлер қаҳарманлардың өз аўызларынан айтылғанлықтан да олар тәсиршең, эмоциональ-экспрессиялық сыпатқа ийе болып келеди.

Солай етип, усындай ўақыялардан кейин үйлениў тойларын берип, Айша апаның пәтия-рухсатын алып болып, Баҳадыр менен Тамара космосқа-узақ өмирлик сапарға атланады ҳәм ендигиден былайғы сюжетлик раўажланыў: ўақыя ҳәм ис-ҳәрекетлердиң барлығы да космос кеңислигинде болып өтип, ерли-зайыплы космонавтлар сол бослықтың барлық қарама-қарсылықлары менен терең сырларын бирликте басынан кеширеди.

Баҳадыр менен Тамаралардың космостағы ең биринши рет ушырасқан қыйыншылықлардың бири-бул бослық, космос оқпанлары менен ушырасыўлары болып табылады. Солардан аман қутылыўдан, олардың космостағы жоқлық майданшасына тап болыўы, мейли, ол жазыўшының қыялынан табылған фантастикалық сюжет болса да, өзине тартымлы ҳәм өз илимийлилиги, космос шынлығына ҳәм пүткил әлемниң тәбиятына жақынлығы менен дыққатты айырықша өзине қаратады.

Бул бослық майданшасын сезип Баҳадыр өмирлик қостары Тамараға:

«-Тамара, өзиңди барынша қәтержам, еркин тут. Кислород бериўши масканы қанша қыйын жағдайда да шешиўши болма! Кемени робот басқарады... Басланды...» (42), - деп ескерткен болса да, ол ең алды менен өзин де кем-кемнен қолайсыз сезине баслайды.

«Әжайып түс басланғандай. Баҳадыр денесиниң әсте-ақырын бөлекленип баратырғанын сезди. Еки аяғы жуўан санынан бөлинип ушып баратыр. Қолларының ҳәм басқа мүшелериниң тәғдири де усылай болды. Мың бөлекке бөлинген денесиниң ҳәр бир клеткасына шекем көринип тур. Тамырлары қызыл жиплерге усап шыр гүбелек айланады. Ал жүреги... Қып қызыл жүрек созылып, қысқарап, алдында ашылып тур... Ҳайран қаларлығы дәрмансыз болса да пикирлей алады. Соңынан барлығы да пууға айланғандай көз алдынан ғайып болды... ол пикир жүритиўден қалды» (42).

Олар усылайынша «жоқлық әлеминен» өткенше тап усы жағдайда болды ҳәм бул әлемнен өткеннен кейин еки космонавттың да денелери өз қәлпине келип, пикирлеў қәбилетлилиги де қайта тикленип, өз жумысларын, бақлаўларын даўам етип кете береди.

Бизинше, мине, булардың барлығы космостың ҳәм илимниң келешекте ашылажақ шынлығынан онша қашық емес фантастикалық сюжет бөлекшеси болып, ол автор тәрепинен шеберлик пенен тоқылып, улыўма сюжетлик композициялық бағдарға дурыс енгизилген.

Романдағы алдағы негизги сюжет барысында соңынан Баҳадыр ҳәм Тамара басқарып киятырған корабль тосаттан белгисиз бир планетаға ушырасып қалады ҳәм олардың бақлаўлары бойынша бунда тиришилик барға усайды. Усы пикир менен Баҳадыр планетаход пенен сол өзге әлемге ушып кетеди де, ал, Тамара негизги космос кемесинде қалып, олар өз-ара байланыс жасап турады. Ҳақыйқатында да, бул планетада бурын тиришилик болған анық екен дә, бирақ, ҳәзир өли тынышлық ҳүким сүрмекте, ески диййуал ҳәм ески қалашаларда тас сандықшалар менен тас табақшалар таўылады. Сол тас сандықлардың биринде жақында ғана жаны шыққан адамның денеси ҳәм оның бас ушында болса тас табақшалар табылады. Оларды Баҳадыр тексерип көрип, изертлеў ушын космос кемесине өзи менен бирге алып кетеди.

Усылар менен қатар жазыўшы бул өзге әлемниң тәбият көринислерин де өз дөретиўшилик ҳәм фантастикалық қыялының жемисинде талапқа муўапық түрде жанландырып сәўлелендиргенлиги сюжеттиң поэтикалық сыпатына өзгеше бир көркем түс берип тур. Мысалы: «Теңиз артынан қуяштың көтерилиўи менен атаўдың батыс тәрепин енлеп атырған бийик жартаслар да күнниң қызғыш шуғласына шомылды. Әтирап пүткиллей қызғыш бояўлардан бинә болғандай. Бийик жарқабақлардан жеңил пуў қалқып уша баслады. Қулама жарды жағалай өскен нәрўан ағашлар тамырға илинип, қалтырап теңселеди. Жапырақларында болса азаңғы шықтың мөлдир тамшылары жылтырайды» (49).

Бирақ, булардың барлығын космонавтлар Тахира тас табақшаларға жазып қалдырған жазбалар арқалы корабльге келгеннен соң оларды биомагнитофонға қойыў арқалы көрип биледи. Сол биомагнитофон арқалы тас табақшалар кем-кемнен өзге планета тәғдирин, олардың трагедиясын бирим-бирим сайрам-сайрам етип көрсете баслайды. Қулласы, бул атаўда бурын өзгеше бир қәўимлер жасап, олар арасында дәслеп алаўызлық та болып, соңынан бир орайға биригип, көсеми Ҳуана, соң Тахира сайланып, тәўиби Табала атлы жүдә әрўақлы киси болған екен. Кейин оларды басқа әлем адамлары басып алып, мийримсизлик пенен өлтирип-қырып, тири қалғанларын қул етип жумсап, аз сандағы адамлар ғана жасап қалған. Солардың бири Тахира фабрикантлар қолында қалада рабочий болып ислеп, ҳәр қыйлы наразылық демонстрацияларына да қатнасады. Ал, және бир видеокассетада болса Тахираның мынадай сөзлери жазылған екен ҳәм олардың айырымларын ғана келтирип өтиўимиз мумкин:

«Мениң досларыма деген жазбаларым...

Биз жасаған атаўды теңиз қоршап турар... Теңиз артынан есап-сансыз қураллы әскерлер келип, атаўымызды жер менен жексен етти, от берди ... Бомбалардың жана маркалары теңизлерде сынақтан өтер, жарылыстан болса суў асты жаныўарлары толық қырылып болған есабы. Гейде суў астында мыңлап жарылыслар болғанда теңиз қайнап, радиациялық нур ағымлары ҳаўаға көтерилер, соңынан топыраққа қайта шөгер еди.

... Планетамыз адамлары космосқа да ушып шыға баслады. ... Жаўызлық шегине жетти, ҳаўа патас зәҳәрли газлар менен ипласланып, жасыл тоғайлар қуўрай бослады. ... планетадағы қалған ядролық ракеталарды жарып жиберди. От жалынға оранған ана-диярымызда тиришилик набыт болды. Мине, биз онлаған адам ғана аман қалдық...» (56-57). Солардың онлаған адамы да өлип қалғанлығының үстине Бахадыр барады.

Минекей, ҳәммемизге де бийтаныс өзге планетада болған сюжетлик ўақыялар романда усылайынша жазба, видео түринде берилген ҳәм олардың барлығы да пүткил инсаниятты бийпарық қалдырмаса керек. Себеби, ондағы ўақыялар тап усы бизиң планетамызда, Ана-Жерде болып атырған сыяқлы ямаса енди болайын деп турған яңлы

бизиң көз алдымызда айқын елеслейди. Бул автордың идеялық-эстетикалық ҳәм социологиялық жақтан алғанда шеберлик-жетискенлиги болса, екиншиден, жазыўшы романда Баҳадыр ҳәм Тамара басқарған корабльдеги болған ўақыялар, қарама-қарсылықлар, улыўма космос кемеси ишиндеги сюжет пенен өзге планетадағы болып атырған ямаса бурын болып өткен сюжетлик ис-ҳәрекетлерди параллель түрде сүўретлеў арқалы да олардың поэтикалық тәсиршеңлигин арттырып, өз оқыўшыларының ҳәм баслы әдебий қаҳарманлар болған Баҳадыр менен Тамараның ойлаў, пикирлеў активлигин де пайда етиўге ерискен. Әлбетте, көркем шығарма ҳәм оқыўшы арасында бундай эмоциональлық-экспрессивлик қатнаслардың активлесиўинде шығармадағы усындай сюжетлик поэтиканың әҳмийети жүдә үлкен роль атқарған.

Романның екинши бөлиминдеги негизги сюжеттиң ең бир характерли ҳәм өзине тартымлы жери сол, космоста Бахадыр ҳәм Тамара ул перзентли болады. Бул процесс те Жердегиге салыстырғанда бираз тез иске асқан сыяқлы болып көринеди. Себеби, ўақыт өлшеми Жер менен космоста теңдей емес. Туўылған нәрестениң ендиги тәғдири еки космонавтты да жүдә терең ой тәшўишлерине салады. Себеби, космос бослығында сүйеклер, бас мий ҳәм т.б. қалай қәлиплесип, қалай раўажланады? Бул жағы жүдә қыйын ҳәм белгисиз еди. «Жалғыз сүйениш-тәўекел ... Жерге усас планетаны тезирек таўып мүмкиншилиги болса онда аз ғана пурсат жасап қалыў...» (60) керек. Буннан басқа олардың шарасы, илажы да жоқ екенлиги белгили. Усы мақсетлер менен олар «Керикеткенлер» деп аталған планетаға ушырасып, сол жерде бираз иркилиўине туўра келеди.

Романда сәўлелениўинше, бул әлемниң тиришилигиниң ғалма-ғалшылықлары менен трагедиясы өз алдына дәстан екен. Бахадыр менен Тамараны ең дәслеп усы планетаның ўәкиллери Мийлан менен Шийлан күтип алады. Олар менен сөйлесип қараса, Мийлан менен Шийланның гәплериниң барлығы әжептәўир, анығырағы, барлық сөзлери терисине, керисине келе береди. Буны дәрҳал сезген Баҳадыр да өз пикирлери менен гәплерин соған бағдарлайды ҳәм олар менен тез тил табысып, өзге әлемдегилер буларға көп ғамхорлықлар ислеп, өз муң-шерлерин ақтарып отырып айтып береди, видеодан көрсетеди, оның авторы тарийхшы алым Арой исмли илимпазы менен де таныстырады.

«Ким екенлигимизди айтпаймыз ... ким көрингенге сырларымызды айта берсек, керикеткен планетасының жасаўшысы Шийлан боламан ба?!» (67).

«-Айтпасаңыз айтпаң, Шийлан мырза!

-Жоқ, айтаман дедим бе, айтаман. Ҳәммесин де айтаман!

Мине, бул олардың керисине сөйлеп үйренген әдети екен. Сол ушын да бир ғарры Шийланға қарата: «-Шырақларым, мениң балам бүгин кемпир әкелип, намазына айтып жүрмен, бармайсызлар ма?!» (72)-дейди. Ал, Шийлан «Әлбетте, бармаймыз» деп жуўап береди оған.

Сөйтип, Мийлан менен Шийлан Жер ўәкиллерине өз планетасының өткендеги ҳәм келешек тәғдири ҳаққында барлық шынлықты айтады». Мысалы: «... жоқарыдан жерлерди суўғарып, лалазарлыққа айландырың десе, ол жерлерди шөлистан етип қурғатып, тоғайларды тамыры менен суўырып тасладық, дарақларды кестик... суўларды шөлистанлықларға айландырып, қумға сиңдирдик ... меҳрибан ҳүкиметимиз енди қарарларды терис етип шығара баслады. Дәрьяларды аяман, қумға айдаңлар дейди. Ал, бизлер болсақ қула дүздеги шорланып жатқан суўларды әкелип дәрьяға қуямыз. Суўды аямаймыз...» (69-70).

Булардың барлығы Мийлан менен Шийланның космонавтларға аўыз еки түрде айтып берген әңгиме-гүрриңлери арқалы аян болса, ал, бул платетаның жүдә аўыр тәғдирин тарийхшы алым жаратқан видеокассета арқалы олар жүдә өзине тартымлы сюжетлерде көреди. Барлығы байлыққа қызығыўшылықтан, инсан баласының қәнәәтсизлигинен келип шыққан екен. Усы планетадағы Маржантаў деп аталған төбеге дәслеп Хоффи, соңынан Таю атлы фермер екеўи бирлесип, бундағы адамларды аяўсыз

қырып, тоғайға өрт берип, соңынан өрт пенен де ала алмаған Маржантаўды күшли жарылыс пенен қопарған ўақтында планета өз көшеринен қозғалып , жаңылысып кетип, усы аўҳалға келген. Хоффи менен Таю космос корпорациясын ашып, жора-жолдасларын көплеп ушырып пайдаланып, олардың жәрдеминде белгили бир кометаларды дизип, оларды Маржантаўға әкелип урып соқлығыстырған ўақытта пүткил планета өз көшеринен тайған екен. Ал, буларды қәлипке түсириў ушын Баҳадыр ҳәм сол елдиң алымы Арой ойласа отырып, Таю менен Хоффи ислеген космослық операцияны керисинше орынлап, булар жасап атырған планетаның кери тәрепинен соққы бериўдиң мүмкиншилик ҳәм нәтийжелерин қарастырып көриўди жобаластырады. Бул усынысы ушын Арой Баҳадырға үлкен рахмет айтады. Керикеткенлер усылайынша Бахадыр менен Тамара ҳәм олардың тез өсип, ер жетип атырған перзенти Сабырды қыймаслық пенен узатып салады. Космос кемеси тағы да өз пәрўазын даўам етеди.

«Сабыр саўлатлы жигит болып қалғандай. Ол күн сайын өсип, жетилип барады ... сораўлары кишкене бала түўели, үлкен адамларды да ойландырғандай.

-Атам қандай адам болған? - деди ол гүрриңлесиўлердиң биринде... Бул рет Сабыр Бахадырдың әкеси Махмудты да қоя берип, арғы атасы Кәрим ҳаққында билгиси келип тур...» (92-93).

Мине, усыған байланыслы шығармада және бир параллель сюжет, яғный, Баҳадырдың атасы Кәримниң өмирине байланыслы болған ўақыяларды сүўретлеў басланады ҳәм ол космонавтқа әкеси Махмуд тәрепинен жаслық ўақытларында айтып берген сыпатында сәўлеленеди. Солай етип, бул да ярым әпсаналық, бирақ, реалистлик шынлығы басым ис-ҳәрекет ҳәм ўақыялар менен берилип, бунда сюжет детальлары гәде алдағы, базда бизден бурын, гейде тап ҳәзирги ўақытлары болып атырған ҳәдийселер сыпатында романдағы ўақыт кенислигинде толқынланып, оқыўшыларды ойландырарлық дәрежеде лирикалық, психологиялық шегинислер, картиналық штрихлар менен берилгенлиги улыўма дөретпеде сюжет дүзиў поэтикасының өзине тәнлигин аңлатады.

Махмуд айтып берген Кәримниң әңгимеси ол разведчик сыпатында инсанларды путкиллей қырып жибериўши эксперимент заводқа келиўинен басланады да, ал, соңынан жазыўшы бирден сюжетти бираз «жумбақластырып», Кәримниң кушли жарылыстан жер қақ айырылып кетип, оның басқа әлемге, яғный, жер асты планетасына түсип кетиўин сәўлелендиреди. Ол жерде қуяш мудамы дәл аспанда шағырайып, күндиз де, түнде де усылай турар екен. Бунның сырын ол жердегилер де, басқалар да билмейди. Бирақ, ең өкинишли таманы сол, бул планетада да урыс болып атырған, урыс болғанда да тап бизиң планетамыздағы екинши жер жүзлик урыс сыяқлы фашистлик басқыншылықтың ҳәўиж алған ўақты екен.

Кәрим таў етегине қулап түсип, есине енген, соңынан Қуў Ман деген жас бала менен таныс болады. Оның аўылына барып, баланың әкеси Тео Ланның да ғамхорлығына бөленгенде, оларға Сахуан басшылығындағы фашистлик урыс кесент етип, урысқумарлар еки баланы да урысқа алып кетеди. Сондағы Тео Ланның сөзлери: «-Урыста бул Сахуан саў адамды қойды ма?! Бул елде ҳәр бир адам еки жыллық солдатлық миннетин өтеп урысқа қатнасыўы керек. Ҳәзир үлкенлерди де қоя берип, балаларды да урысқа барыўға мәжбүр етпекте».

«Қуў Ман, биз қайда барар екенбиз?

-Мениңше С.елине болса керек... Бизиң әскерлеримиз ҳәзир олар менен урыс жүргизип атыр» (125).

Романдағы негизги сюжетке параллель түрде сүўретленген бул қосымша сюжетке тийисли ўақыялардың көпшилиги бизиң планетамыз басынан кешкен екинши жер жүзлик урыстың ўақыяларына көбирек сәйкес келеди. Әсиресе, ондағы Кәримниң өз анасы менен үлкен қалалардың биріндеги (Москва ямаса т.б.) жасап атырған анасының үйине қыдырып барғанда урыс басланып кетип, олардың өз аўылына поезд бенен жолға атланыўы, бирақ поездың жол бойында фашистлер тәрепинен оққа тутылып, булардың

қашып қутылыўы, басқалар сыяқлы Кәримниң де партизанлар отрядына қосылыўы ҳәм Сергей, Виктор сыяқлы дослары менен бираз қаҳарманлықлар ислеўи, Қузьма ғарры сыяқлы Ўатан сатқынларын услап бериўи ҳәм соңынан болса жоқарыдағы Куў Ман, Тео Ланга ушырасып, ғаррынң академия системасында ислеўши илимпаз баласы Тайлан менен де ушырасыўы, Куў Ман тағы басқалар менен бирге ақ қалпақлылар жәрдеминде фашизмнен азат етилиўи, үлкен Академия залындағы ушырасыў, пикир алысыўлар, - булардың барлығы екинши жер жүзилик урыс дәўириниң ҳақыйқатлығына жүдә жақын ҳәм ҳәттеки, оның көпшилик эпизодлары менен детальлары, басым картиналары сол 1941-45-жыллардың дәл өзи десе де болғандай. Демек, бул қосымша сюжет бағдарлары өз реализмниң күшли екенлиги, обьективлиги менен парқ қылады ҳәм бул бағдардың ўақыяларының барлығын жазыўшы Баҳадыр тәрепинен баласы Сабыр айтып берген формасында берип, оны негизги сюжетке тығыз бириктирген. Ал, бул қосымша сюжет ўақыяларының биразын жазыўшы жер астында болып өткен түринде қыялый фантастикалық түс берип сүўретлеген ҳәм фашизмниң басқа әлем – жер асты планетасында да өмир өмир сүргенлигин айтыў менен пүткил әлемниң, бир тутас жаратылыстың тутаслығын, олардың ажыралмас бир жүрек екенлигин айтып, сол жер асты планетасына түсип кеткен Кәрим сыяқлы жерлеслеримизди Жер үсти планетасына қалай шығарыў кереклиги ҳаққындағы илимий-фантастикалық түсиниклеринде жәмлеп сүўретлеген. Әлбетте, булардың барлығы жазыўшы қыялының, улыўма, халқымыздың көркем ойлаў қәбилетлилигиниң де бир адым алға жылжығанлығының белгиси сыпатында баҳаланса артықмашлық емес деген пикирге келемиз.

Академия залында Кәрим, Тайлан, Куў Ман ҳәм т.б. қатнасқан үлкен илмий кеңесте мынадай гәплер айтылады: «Жер үсти адамлары қолайлы шараятта жасаса да өзлерине тән шешилмей атырған проблемалары бар екен... Жер үстине шығарыў бизлер ушын космосқа шығыў менен бирдей. Ата-бабамыздан қалған даналыққа сүйенсек, олар үстимизде де, астымызда да өзлеримиздей адамлар жасайды, - деўши еди. Енди билсек, бул болжам ҳақыйқат екен. Себеби, планетамыз домалақ екен... жер үстине қалай көтерилемиз... ашық аспан бизиң организмимиз ушын оғада қәўипли. Скафандр менен ғана қуяштың зыянлы нурларынан қорғаныўымз мумкин. Ал, жарық аспан менен ашық атмосфераға төзим бере алатуғын күш жоқ еле бизлерде... ол жерде сап таза суўдың аз болғанлығы себепли уўланып қалыўымыз да әжеп емес» (131).

Солай етип, усындай ойласықлардың нәтийжесинде олардың барлығы Жер үстине қалай шығыў ҳәм Кәримди өз планетасына жеткериў жолларын қарастырып, ўақытша мийманды сол жер астында қалыўды уйғарады. Соның менен қатар сол зал трибунасында мынадай гәплер де айтылады:

«-Биздеги урыслар ше, даўам ете бере ме?

-...Жаўызлықтың өмири қысқа. Фашизмге Жер үстинде де, жер астында да орын жоқ! Ол пүткил әлемнен сыпырып тасланыўы керек! Биротала жоқ етиледи де!...» (135).

Ҳақыйқатында да, бул қыялый сюжет түринде берилип, жер астында болып өткен ўақыялардың барлығы жер үсти ўақыяларын қайталап тәкирарлағандай болып туйылады ҳәм олардың барлығы негизинен улыўма гуманистлик, улыўмаинсаныйлық өлмес проблемаларды алға шығарып сүўретлеўдиң белгили бир поэтикалық формалары сыпатында алынғаны айқын сезиледи. Шынында да, булар усындай көркем поэтикалық мақсетте алынған.

Романдағы тәнҳә Баҳадыр ҳәм Тамара, оның баласы Сабырдың басынан өткен сюжет ўақыясының бири бул шексиз ҳаўа кеңислигинде тозығы жеткен космос кемесиниң табылыўы ҳәм оның тәғдириниң сүўретлениўи болып есапланады. Бизиңше, бул қыялый фантастикалық сюжет түринде орынлы түрде қыйыннан қыйыстырылған ҳалда ҳәм исенимли түрде ойлап табылған, шебер ҳәм қысқа, анық сәўлеленген. Ондағы ўақыялар сюжетке сол корабльде космонавтлар тәрепинен жазып қалдырылған борт журналындағы жазба хат түринде сүўретленген ҳәм ол да өзинше поэтикалық форма ретинде романдағы сюжетти сүўретлеўдиң аўыз-еки гурриң, қыялый елес,

галлюцинация, видеожазба ҳәм тағы басқа формаларды көркемлик жақтан және де толықтырып турады.

Енди усы гөне корабльдиң басынан өткерген ўақыяларға қысқаша тоқтаңқырап, оның улыўма сюжеттен ҳәм шығарманың бир тутас идеялық-эстетикалық сыпатынан алатуғын орнын белгилеп өтсек...

«...ол (Баҳадыр) оң тәрепинде қараўытқан бир затқа көзи тусти.

Анықлап қараса, самқалы шығып, тозығып жеткен ҳаўа кемесиниң қалдығы. Тартыў күшин жиберип, оны затлар жыйнайтуғын жүк салғышқа әкелди. Кабинасы еле пүп-пүтин, басқарыў пульти болса керек, бир неше приборлар жанында өлгенлердиң сүйеклери шашылып атыр... Тексериў нәтийжесинде корабльдиң затлары еле нурланыўдан аман, зыянлы толқынлар гүзетилмеди. Санитариялық робот оны қолындағы лазерлық аппарат пенен дизинспекциялап шықты...суў өтпейтуғын қабық пенен оралған борт журналы... Бир шетте жарты жағы жоқ глобусқа көзи түскени сол, ең жақын адамын көргендей көзи жарқ етти... Сыйпалап көрди. Ҳақыйқат өзи-глобус! Бул жердиң кишкене макети-қәсийетли глобус еди!» (139).

Мине, усы жердеги қуўаныштың өзинде Бахадырдың Жерге - Ўатанға деген шын мәнистеги таўсылмас пафосы жоқ па?! Бунда терең мәни бар ҳәм ол пүткил усы шығарманың жүрегинде турады.

Ҳақыйқатында, бул космос кеңислигинде шексизликте тосыннан набыт болған космонавтлардың алған бағдары «Тапсырма биреў - Баҳадыр ҳәм Тамара исмли космонавтлар басқарған космос кемесин излеў» (140) екен. Соңынан Баҳадыр борт журналына жазылған жазбалар арқалы олардың басынан өткен тәғдирин толық билип алады ҳәм оны жазыўшы қосымша сюжет ретинде анық ҳәм дәлме-дәл түрде, айқын ҳәм тәсирли етип сүўретленген.

Бул гөне корабльдеги космонавтлардың биреўи Нөкисли жигит Абат екен. Ал, оларды болса, өзлериниң ислеген азы-кем қәтелиги ушын балыққа мезгес өзге планета қәдимги шабақ жутқандай қалай болса, солай, жутып жибереди. Ал, ол корабльдиң сол планетаның ишинен қашан ҳәм қалайынша қайтадан сыртқа қалқып шыққанлығы ҳәш кимге де нәмәлим болып қалады.

Романда сүўретлениўи бойынша бул космос кемесиниң белгисиз планета қарнына жутылып кетиўиниң баслы себеби Абат исмли қарақалпақ жигитиниң үлкен корабльден оған кишкене кеме менен изертлеў ушын барыўы ҳәм бул кеме оған жутылып кеткенде оны қутқармақшы болып достының үлкен корабльдиң бортынан лазер пулеметлары менен оқ жаўдырыўы болған. Бирақ лазер нурларынан болған оқ жамғыры балық пишимли өзге планетаға бәле де келтирместен, қайтама оның қәҳәрин оятып, үлкен корабльди жутып набыт етеди.

Ал, соңынан Абаттың жолдас космонавты оған қарсы ҳүжим баслап, Абатты қутқарып алмақшы болғанда, балық сыяқлы мақлуқ тап буны да солайша жута баслайды.

Ҳақыйқатында да, мине, бул фантастикалық сюжет ҳәм оның аўызша ямаса басқа формаларда да емес, ал, борт журналында қалған хат, жазба түрдеги сюжет пенен берилиўи романның сюжетлик-композициялық қурылысында үлкен поэтикалық роль атқарып, ол усы дөретпениң ишки қурылысын өзинше безеўге алып келген. Солай етип, космонавтлардың өзлерин излеп шыққан жерлес космонавтларды өзинше контейнерге жерлеп, ески ҳаўа кемеси менен биргеликте шексиз ҳаўа кеңислигине ығызып жибериўи де жазыўшы тәрепинен қызықлы ҳәм терең мәнили образлы деталь сыпатында шеберлик пенен анық сәўлеленген.

«Жигит Жерли досларының денесин қәстерлеп жерледи. Жерледи деўге космоста топырақ жоқ. Денелерди, яғный сүйеклерди бир ящикке тығызлап салып, алтын ҳәриплер менен исмин ойып жазды. Соң оны кораблиниң ишине жайғастырды да, ушып кетпейтуғын етип беккем орналастырып қойды ...

...Жүкханадан контейнерге салынып шығарылған космослық корабльдиң қалдығы әлемде қалқып бармақта. Контейнерде салынған Жердиң - глобустың сүўрети алыстан көз тартады (143). «Бул космостағы биринши «қәбир» еди» (143).

Әлбетте, роман сюжетинен орын алған бул ўақыяларды майдалап, детальластырып сүўретлеўдиң де өзинше поэтикалық ҳәм улыўма гуманистлик, бир тутас философиялық әҳмийети бар екенлигин айрықша белгилеп өтиўимиз керек. Сонлықтан да, биз оны толығырақ келтирип, жазыўшының негизги идеялық-эстетикалық пафосын дурысырақ ҳәм айқынырақ көрсетиўге ҳәрекет етпектемиз. Жазыўшының өзи де усы концепцияны ҳәм өз идеалы менен негизги пафосты шығармада мынадай авторлық шегинислер тийкарындағы баянлаўлар менен былайша берген:

Буннан кейин автор тилинен ҳәм әдебий қаҳарман Бахадырдың ой-сезим, пикир-туйғылары ретинде де шығармада бир қанша терең философиялық сөзлер айтылған ҳәм олардың барлығы дөретпедеги негизги ҳәм қосымша берилген параллель сюжетлердиң негизинде пайда болған Жердеги ҳәм космос әлеминдеги ўақыяларды салыстырыўлардан, Ана-Жерди, туўылған мәкан менен биз жутып турған Ҳаўа Енени қәстерлеп абайлаўға, оны аман сақлап қалыўға қаратылған. Солардан Баҳадырдың улына айтқан мына сөзлери оғада дыққатқа илайық:

«-Улым, мине, бизлер анаң менен бирге әлемниң дерлик жартысын гезип шықтық. Ана журт тапсырмасын орынладық ... Бизлер айта алмаған сөзлеримизди өзиң жеткерерсең...бир нәрсени анық байқадым: Бул әлемниң өзи үлкен бир жүрек формасындағы тири галактикаға усар екен. Усы галактикалар дизбеги арасындағы Қус жолы галактикасы усы гиддиман жүректиң орайында, яғный, жан жеринде жайласқанын умытпаңлар! Жер патасланса, яғный ондағы экологиялық тең салмақлылық бузылса, бир қарын майды бир қумалақ шириткендей, мына шексиз әлем ширийди...» (147).

Бул сөзлер романның негизги гилти, негизги пафосы десе арзыйды. Усы идеялық бағдар космоста туўылып, Жерге аман қонған Сабырдың өмиринде ушырасқан ўақыяларды жазыўшының шеберлик пенен өзине тартымлы түрде шебер сүўретлеўи арқалы және де тастыйықлап берилген.

Романның Сабырға тийисли болған үшинши бөлиминиң сюжетлик барысы космос әлеминде туўылған жигиттиң Тахтакөпирге ушар тарелканың қонғанлығын ҳәм сол аймақтағы Атамурат исмли бир ғаррының өлип тирилгенлигин анықлаў мақсетиндеги сапары менен басланады. Яғный, бунда да жазыўшы жүдә сезгирлик ҳәм тапқырлық пенен реаль турмыслық ўақыялар менен фантастикалық сюжетлерди жүдә тығыз ҳәм исенимли түрде синтездеп бериўге ерискен. Анықлап айтқанда, Сабырдың излеп барған ғаррысы Атамурат, шынында да, өлип тирилген болып шығады ҳәм бул ўақыяларды жазыўшы тағы да басқа жоқарыдағы айырым палаллель сюжетлер сыяқлы сол Атамурат ғаррының өз аўзынан сүўретлеп жеткереди.

Негизинде Атамурат ғаррының өлип-тирилиўи - бул бизиң реаль турмысымыздағы айырым инсанлардың итибарсызлығы менен жаўызлығы, меҳрибанлығының кемислиги менен терең гуманизмниң, нәзик жүреклик ҳәм ақ көкирекликтиң гүресиниң нәтийжесинде болған екен. Себеби, Атамурат ғаррының еле шала, ҳәлсиз туўылған егиз ақлықларын туўыўханадағы итибарсыз ҳәм меҳирсиз гейпара мийирбийкелер өли туўылды, - деп суўық еденге сол турысына таслай салады. Ал, бас врач оны анықлап көрсе, олар белгили жыллылыққа алып келингенде, шынында да, тири екенлиги анықланады. Бәри бир, бурынғы медсестралар Атамурат ғаррыға тағы ақлықларың қайтыс болды, - деп хабарлаған соң, оларды үйге алып келип, кемпири печтиң қуўысында оралған нәрестелерди ашып қараса, олар тири екенлиги сезиледи. Бирақ, ғаррының бул қуўанышлары да узаққа бармайды. Олардың екеўи де көзлери жаўтаңлаўы менен түнниң бир ўақытлары жан береди. Олар менен бирге ғарры да шалқортасына қулап, жансыз қалған сыяқлы болады. Адамлар жыйналып, Атамурат ғаррыны өлдиге шығарып, оң жаққа жайғастырып, даўыс шығарысып, табытын да жайға сүйеп таярлап қойды.

Атамурат ғарры «өлип атырып» - пешеханада «түсинде» о дүньяға барып, шарқы пәлекти көрип, оның тисине аяғын салар салмас болып, қара кийимли әзирейли менен, Сәтим молла менен де ушырасып, бирақ меҳрибан ҳәм әдалатлы Нураний баба буның жанын алмаңлар, бул киси мениң есабымда жоқ еди, ал, буның орнына еки нәрестениң жанларына ҳазар берген нашарды дизимге алып, мениң алдыма алып келиң ҳәм оны зыйыққа отырғызыңлар, - деп тапсырма береди. Нураний баба атамурат ғаррының жанын өзине қайтарып тапсырыўды қара кийимли әзирейлиге қатал буйырады. Сөйтип, ғарры тирилип, өзин өли деп қурылған пешехананы жарып, сыртқа шығып, жайына сүйеўли турған табытты да теўип сындырады.

Ҳақыйқатында да, бул Сабыр сыяқлы саўатлы ҳәм илимге тийкарланған көреген инсанлар тәрепинен летаргиялық уйқы сыпатындағы қубылыс-деп дурыс түсиниледи. Демек, бул арқалы биз сөз етип отырған жазыўшының фантастикалық роман сюжетинде реалистлик турмыс шынлығының обьективлиги менен қыялыйлықты, фантастикалық сюжетти тығыз бириктирип бериўдеги ҳәм олардың барлығын негизги идеялық-эстетикалық бағдарға дурыс жумсай алыўдағы шеберлиги анық көринеди.

Романның келешек сюжетлик раўажланыўындағы ўақыяларды да жазыўшы негизги бағдарға шеберлик пенен бириктирип жибереди. Атап айтқанда, Сабыр Тахтакөпирге барып, Атамурат ғаррының үйинде оның менен әңгимелесип болғаннан кейин жайлаўларды, ашық даланлықты сезип қайтыў ушын атқа минип шыққанында оны басқа планеталылар ушар тарелка сыяқлы корабль менен келип алып кетеди. Ол усы басқа әлемлилик болған Ай Ман, Ая менен бирликте «балық -адамлар», «жартыбаслар», «жылан-адамлар», «шайтанлар» ҳәм «перилер» мәканларына саяхат етеди. Улыўма алғанда, бул Сабырға байланыслы үшинши бөлимдеги оның саяхат сюжетлери қарақалпақ прозасының соңғы басқышындағы М. Нызановтың «Жети журтқа саяхат» атлы повестиниң сюжетлик-композициялық формасына уқсаса да, буның өзиншеликлери бар. Негизинде бундай саяхат сюжетлерин фантастикалық шығармаларға негиз етип алыў сыпатының көпшилик фантастикалық дөретпелерге ортақ қәсийет екенлигин изертлеўшилер орынлы түрде дурыс ҳәм улыўмалық типик белгилердиң бири екенлиги атап көрсетеди[20]. Соның менен бирге, усы С.Исмайловтың «Жүрек галактикасы» романын, әсиресе, соңғы бөлимлериндеги әдебий қаҳарманларының биразының ҳайўанатлардың (балық, жылан, шайтан ҳәм т.б.) ҳәм адамлардың да сыртқы қәсийетлерин жәмлеп бериў де фантастикалық шығармаларға тән ортақ қәсийетлердиң бири «универсал усыл», яғный, «аггютинация»[21] деп аталатуғынлығын өзбек әдебиятында гүииңлерди изертлеўши Р.Рахимова орынлы түрде атап көрсетеди. Сонлықтан да, «Жүрек галактика»сының сюжетлик-композициялық қурылысы ҳәм әдебий қаҳарман образларына тийисли бул белгилер улыўма көркем-әдебий раўажланыўдың типик бағдарлары менен тығыз байланыслы қубылыслардың бири сыпатында да поэтикалық көз-қарастан да унамлы баҳаланыўы керек, - деп ойлаймыз.

Сондай-ақ роман-фантастикалық соңғы бөлимлериндеги ҳәм оннан алдыңғы гейпара орынлар да, былайынша қарағанда, өз сюжетлик раўажланыўы жағынан автор тәрепинен схематик формада қолдан жасалған сыяқлы болып сезиледи. Әсиресе, соңғы бөлимдеги балық-адамлар, жылан-адамлар, жартыбаслар, шайтанлар ҳәм перилер менен ушырасыўлар бириниң-изинен бири ўақыт бойынша да, избе-из ҳәм сюжетлик композициялық қурылысы жағынан да бир бири менен сабақласып, дизбеклесип келеди. Бирақ, олар базы бир заманагой, бирақ, сюжети менен композициясы жалығарлы түрдеги дәстүрий избе-из хронологияға қурылған сапасыз шығармалардағыдан басқаша түрде, яғный, тәсиршең ҳәм идеялық, социальлық көз-қарастан да проблематикалық өткирлиги басым болып сүўретленеди. Соның ушын да илимий-фантастикалық жанрды

---

[20] Степновска Т. Научная фантастика как вид фантастической литературы: Автореф дис.... канд. филол. наук. - Москва, 1985. -20 б.
[21] Ибрахимова Р. Узбек фантастикасининг илк намуналари. –Тошкент: Ўзбекистон, 1982, -13 б.

изерлеўшилер олардағы сюжетлик схематикалық қурылыстың басым келетуғынлығын ҳәм оның усы жанрға тән поэтикалық сыпат екенлигин дурыс аңғарып тусиндиреди[22]. Мине, усындай сыпатлары менен С.Исмайловтың «Журек галактикасы» романы ХХ әсирдиң ақырындағы қарақалпақ прозасындағы жаңаша поэтикалық қубылысларды өзине жәмлеген елеўли дөретпелердиң қатарына жатады ҳәм оның сюжетиниң сүўретлеўши обьектив менен материалы да, оны сәўлелендириў қурылысының қоспалылығы менен қурамалылығы, эмициональ-экспресивлик сыпаты да тутас миллий әдебиятымыздың ең соңғы табысларының қатарына жатады, - деп есаплаймыз.

БАТЫЛ ҲӘМ ӨТКИР КОНФЛИКТЛЕР-ПОЭТИКАЛЫҚ ШЕБЕРЛИК ТИЙКАРЛАРЫ.....

1. **Заманагөй романда конфликт ҳәм поэтикалық шеберлик**
2. **Тарийхый романда поэтикалық шеберлик ҳәм конфликт**

Конфликт ҳәр қандай көркем шығарманың да негизги тийкары болғанлықтан, оның шеберлик дәрежесин сол көркем дөретпедеги турмыс ҳәм өмир қарама-қарсылықларының қалайша сәўлеленгенлигин талламай түсиндириў ҳәм анықлаў мүмкин емеслиги түсиникли болса керек. Ал, егер де, биз 1970-2000-жыллар аралығындағы қарақалпақ романларында турмыс ҳақыйқатлығының сүўретлениўине дыққат аўдарып қарасақ, онда бәринен де бурын батыл ҳәм өткир конфликтлердиң өз ўақтында ортаға қойылып, олардың реалистлик пенен сәўлелениўи тек ғана сол дөретпелердиң социаль-жәмийтлик, руўхыйлық активлигин (белсендилигин) көтерип қоймастан, ал, сол конфликтлердиң көркем шығарманың басқа да компонетлери менен тығыз бирликте алынып шийеленистирилиўи ҳәм шешилиўи олардың объективлигин арттырып, улыўма, көркем реалистлик дөретпелердиң поэтикалық шеберлик дәрежесин де анықлаўға себепши болады. Усы себепли бурынғы Аўқам көлеминде де әдебий конфликтлердиң тәбияты ҳаққында илимий-изертлеў жумыслары алып барылды[23]. Өйткени, «... қаҳарманлардың өмириндеги конфликсиз (узақ түрдеги ямаса қысқа) оның сәўлеленген сюжетти көз алдымызға келтириўимиз қыйын»[24]. Анығырақ айтқанда, бул бағдарда биз тийкар етип алынып отырған жыллар ишинде Т.Қайыпбергеновтың «Көздиң қарашығы», О.Әбдираҳмановтың «Босаға», соңғы бууындағы жазыўшылардан А.Әбдиевтиң «Жин-жыпырлар уясы» романларындағы турмыс қарама-қарсылықларының батыл турде ортаға қойылыўы усы дәўир ишинде К.Мәмбетовтың «Имтихан», М.Сейтниязовтың «Ўатан гедайы» поэмасы ҳәм басқа да жанрлардығы дөретпелердеги турмыс қарама-қарсылықларының өткир сәўлелениўи пүткил оқыўшылар жәмийетшилиги менен әдебий сынның да дыққатын айрықша өзине қаратты. Ең бир сыпатлы (характерли) таманларының бири жәнe сонда, олардың айырымлары («Көздиң қарашығы», «Ўатан гедайы», «Имтихан», «Босаға») кең жәмийетшилик арасында ҳәм әдебий көркем сын майданында бир қанша қарама-қарсылықлы, түрлише пикирлерди келтирип шығарды, базылары болса надурыс түрде путкиллей қараланып, баспада басылар алдында өз иркинишлерине ийе болды. Булардың негизги себеби айырым сыншылардың олардағы турмыс қарама-қарсылықларының барынша ашықтан-ашық ҳәм өткир, батыл түрде ортаға тасланыўын дүрыс түсинбеўи ямаса түсингиси де келмей, «Қызыл империя» ға жағыныўы ҳәм сол дәўир идеологиясына жалтақлап қараўы ақыбетинде келип шыққан еди. Бул айтылған

---

[22] Степновска Т. Научная фантастика как вид фантастической литературы: Автореф дис.... канд. филол. [22] Степновска Т. Научная фантастика как вид фантастической литературы: Автореф дис.... канд. филол. наук. - Москва, 1985. -20 б.
наук. - Москва, 1985. -19 б.

[23] Ковский В.Е. Обновление системы художественных конфликтов. – В.Е.Ковский. Литературный процесс 60-70-х годов. –Москва: Наука, 1983. Б. 203-248.

[24] Хализев В.Е. Сюжет. – Введение в литературоведение. –Москва: Academia, 2000. -383 б.

себеп ҳәм ақыбетлер сол шығармаларға берилген ҳәр қыйлы унамсыз баҳалардан айқын көзге тасланып турады.

Мине, усындай тартысларға ҳәм қарама-қарсылықлы түсиниклер менен ҳәр қыйлы баҳаларға себепши болған «Көздиң қарашығы» романында тоталитаризм дәўириндеги бизиң республикамызда болып өткен баслы-баслы унамсыз ҳәдийселер: аўыл хожалығы-пахташылықтағы болған барлық бийбастақлықлар қосып жазыў, суўды, барлық жумсалатуғын материаллық ҳәм финанслық ғәрежетлерди де ысырап етиўшилик, ең баслысы, ҳәзир пүткил дүньялық проблемаға айланған Арал ҳәм суў, экологиялық мәселелер батыл түрдеги өз қарама-қарсылықлары менен ортаға тасланады. Роман ҳаққында өзбек, қарақалпақ әдебиятшы-алымлары өз пикирлерин билдирди[25].

Шығармадағы конфликтлер баслы қаҳарман Жақсылық Дәўлетов ҳәм бурынғы совхоз басшысы Ержан Сержановлардың арасында, олардың жеке түсиниклериниң өз-ара соқлығысыўлары тийкарында болып өтеди. Роман бирден усы еки қаҳарманның өз-ара тартысының шийеленисиўинен – биринши ҳәмел гүрсисине екиншисиниң отырыў пайытынан басланады. Жақсылық Дәўлетов «Жаңалық» атлы совхозға бурынғы директор Ержан Сержановтың орнына жаңа басшы болып келип атыр. Оның директорлыққа сайланыўына байланыслы барлық совхоз басшылары менен белсенди ағзалары жыйналысқа жәмленген. Тап усы жерден-ақ, жазыўшының турмыслық қарама-қарсылықлары менен ҳәр бир қаҳарманның өз ишиндеги қарама-қарсылықлы ой-пикирлер дүньясын, яғный, руўхый коллизияларды терең реалистлик пенен ҳәм батыл түрде өз ўақтында ортаға қойып сәўлелендириўдеги шеберлиги айқын көзге тасланады. Атап айтқанда, жазыўшы жыйналыста отырған Жақсылық Дәўлетовтың да, бурыңғы басшы Ержан Сержановтың да өз ойлары менен бәнт болып отырғанлығына баслы дыққатты қаратып, усы ой-пикирлерге конфликтлик, сюжетлик ўазыйпалар жүклеп сүўретлейди. Ержан Сержанов совхоз директорлығын қалайша қолдан бергенлигин еске түсирсе, ал Жақсылық Дәўлетов бул қарама-қарсылыққа толы хожалыққа қалайша басшы болып келип қалғанлығын, оған басшылық ете алыўы ямаса оны келистире алмаўы ҳаққында ой кеширеди. Ержан Сержановтың дурыс еслегениндей-ақ, барлық қарама-қарсылық, яғный, шығарма конфликти райондағы аўыл хожалығы хызметкерлериниң қуралтайында бурынғы директорды Жақсылық Дәўлетовтың сынап шығып сөйлеўинен басланған еди. Ол тексериў комиссиясы баслығы болып келгенинде, хожалықтағы барлық кемшиликлерди өз көзи менен көрип, жан-тәни менен сезинген еди. Сонлықтан да, Дәўлетов қуралтайда шығып сөйлеген сөзинде:

«- … жолдас Сержановтың мақтанып сөйлеген сөзлери маған унамады ... Оның басқарған «Жаңалық» совхозында өзи айтып өткен мақтанышлы сөзлер кем, күтә кем! ... Планлар жылма-жыл қандай жол менен орынланып киятыр?! Ҳақыйқатына келсек, совхоз бир орында қозғалмай турыпты. Бул нәрселер Әмиўдәрьяның ақпай қалған тынық суўын еске түсиреди ... Мен совхозда мынадай бир нәрсениң гүўасы болдым: ... үш машина қойылатуғын гараж салынған екен. Әне, усы гараждың ашылыўы совхозда үлкен салтанатқа айланды**...**

Ҳақыйқатында да, оны толық гараж деп те болмайды. Төрт дийўалы бар бастырмаға усайды...»[26] - дейди.

Мине, бул Жақсылық Дәўлетов тәрепинен қуралтайда көрсетилген бир ғана факт сыпатындағы кемшиликлердиң кишкене бир бөлекшеси еди. Негизинде, хожалықта буннан басқа да толып атырған елеўли кемшиликлер бар екени ырас еди. Соған

---

[25] Шермухамедов П. Мир писателя: его книги, его народ. –Нукус: Каракалпакстан, 1982. Б. 133-141; Орымбетова Н. Ҳәзирги қарақалпақ романында характер мәселеси (80-жыллар).: Дис. ... канд. филол. наук. –Нөкис, 2001; Усы автор. Проблема раскрытия характера героев в романе «Зеница ока» Т.Каипбергенова // Сб. науч. работ преподавателей НГПИ. –Нукус: Билим, 1995. Б. 87-93.

[26] Қайыпбергенов Т. Көздиң қарашығы. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1986. Б.9-10 (ендиги мысаллар усы басылымнан алынады, қаўыста тек бети көрсетиледи).

қарамастан, Ержан Сержанов аса кеткен менменлик пенен өз кемшиликлерин мойынламастан, көкирегине урып, бурынғы жалған атақ-абыройды күсейди. Ол усы пикириниң үстемлиги менен де районлық партия комитетине өзин директорлықтан босатыў ҳаққында арза береди.

Ержан Сержанов буның менен де шекленбестен, құралтай тәнеписинде Жақсылық Дәўлетовке бираз наразы гәплер айтып, ҳәттеки, оны қорқытпақшы да болып, өз өкпе-гийнелерин, ызалы ашыўларын ортаға салады.

Мине, бул Дәўлетов ҳәм Сержанов арасындағы өз-ара қарама-қарсылықлардың басламасы еди. Бул еки қаҳарманның ис-ҳәрекетлери арасындағы қарама-қарсылықларды сүўретлеў арқалы жазыўшы шығарманың баслы кескин конфликтлик бағдарын белгилеп береди. Себеби, олардың ой-пикирлери менен ислеген ҳәрекетлери барынша бир-бирине қарсы болып келеди. Сержанов ҳәттеки өз қәтеликлерин басқаларға да аўдарып, өзиниң сыналғаны ушын тәрепдары болған завмагты да айыплап таслайды:

«Бир күни ол завмагты алдына шақырып оған топылды:

-Мен саған баяғыда не деген едим ... Дәўлетовке қамары боярка кийгизбедиң бе?

Завмаг төмен қарады» (15-б.).

Солай етип, енди сол Ержан Сержанов Жақсылық Дәўлетовтың орынбасары лаўазымында ислей баслайды. Бул, әлбетте оған оғада аўыр соққы болған еди. Ҳақыйқатында, бул да оны хожалық апаратында сақлап қалыў ушын завмагтың усынысы менен исленген нәтийже сыпатында сәўлеленген. Себеби, Дәўлетовтың ҳәмелде турыўына қарамастан, оның түсиниги бойынша, усы лаўазымда Ержан ағасын сақлап турыў арқалы да бираз нәрселерди бежериў мүмкин, анығырағы, олар усы ҳәрекетлери арқалы буннан былай Дәўлетовқа қастыянлық та шөлкемлестире алады. Ҳақыйқатында да, усылай болады. Буған қосымша Ержан Сержанов өзи жумыс ислеп турған ўақытлары совхоздан бирталай тәрептарлар, қоллап-қуўатлаўшылар таярлап үлгерген еди. Буны жазыўшы романдағы мынадай диалоглик сүўретлеўлер арқалы да сәўлеленлиреди:

«-Жолдас директор, айтыңыз, басшы халық билген дәрежеде билиўи керек пе ямаса ол халықтан көп билиўи тийис пе?

-Сораўыңа түсиндим-деди Дәўлетов қайтадан түргелип, -Мениңше, ҳешким халықтан көп биле алмаса керек.

-Надурыс! - деп шуўласты биразлар...

-Дурыс! - деди оған қарсы даўыслар...

Адамлардың екиге бөлингени Елбай Қощановқа унап, тынышланың - деген мәниде қолын көтерди.

-Жолдас Дәўлетовтың жуўабы надурыс! Басшы халықтан көп билиўи тийис. Мәселен, Ержан аға бизлер ойламаған нәрселерди ойлап ис буйыратуғын еди. Бизлердиң ақылымыз жетиспейтуғын нәрселерге ақыл жуўыртып, жоқары басшылар менен де сөйлесе беретуғын еди. Ырасын айтқанда, Ержан аға ҳәммемиздиң устазымыз еди. Ол ҳәммемизге үйретуғын еди. Ақыллы еди» (37-б).

Көрип отырғанымыз сыяқлы, «Жаңалық» совхозында Ержан Сержанов усындай қарама-қарсылықлы климат пайда еткен ҳәм бул нағыз, ҳақыйқый түрдеги руўхыйлық қәделерине жат пикирлер болып, ол енди алды менен таза директор Жақсылық Дәўлетовтың минез қулқы менен ислейжақ ис-ҳәрекетлерине барынша қарама-қарсы келеди. Ақыр аяғында, Е.Сержановқа сол жердеги халықтың да көпшилик қатламлары қарсы болып шығады. Өйткени, Ержан Сержанов басшылық жумыста биротала менменликке берилген, ҳәкимшиликти де қолдан бергиси келмейтуғын, ҳәмелпаразлықтың да, даңқпаразлықтың да шегине жеткен адам. Бул сыпатлар Ержан Сержановтың ҳаялы Пәрийда менен мынадай сөйлесиўлеринде айқынласады:

«-Ержан, сеннен еркин жигит шықпайды. Көп жыллардан берли былқылдақ креслоға үйренгенсең...

-Былқылдақ креслоны таслаў еле де ойымда жоқ» (49-б).

Шынында да, бул Ержан Сержановтың ҳақыйқый принципиаль сөзлери, бас мақсетлери еди. Ол усы бағыттан өз тәрептарлары менен бирликте партком секретары Мамутовқа Жақсылық Дәўлетовтың үстинен аноним арза шөлкемлестиргени ҳәм ол районлық комитетте қаралғаны белгили болады.

Романдағы кескин ҳәм батыл түрде ортаға қойылған конфликт-Жақсылық Дәўлетов ҳәм Ержан Сержановлардың топары арасындағы базы бир майда қарама-қарсылықлардан тысқары, тийкарынан, совхоздың егислик майданларындағы артық егис гектарларын өлшеп анықлаўға байланыслы келип шығады. Хожалықтың егис жерлеринде артық гектарлардың бар екенлигин сезген Дәўлетов оны анықлаўды партком хатшысы Мамутовқа тапсырғанда, ол буған жүдә епшиллик пенен қарсылық көрсетеди - жыйналыс ўақытлары жолын таўып районлық партия комитетиниң биринши хатшысы менен телефон арқалы байланыс жасап үлгерип, жыйналысты белгили бир шешимге келмей-ақ, тарқатып жибериўге ериседи. Өйткени, райком хатшысы бул иске - артық гектарларды өлшеп тексериў мәселесине рухсат бермеген еди. Соңынан, бул исти Дәўлетов тек өз билдиги менен ислеп, ол ушын админстративлик (ҳәкимшилик) буйрық шығарыўға мәжбур болады.

«Дәўлетовтың жүзинен кеўиллиликтиң изи әлле қашан жоғалған еди. Және ойларға шүмди. Сержанов совхоздағы артық гектарлар ҳаққында биле ме, жоқ па, еле жумбақ. Сораған менен пайдасы шамалы. Усы ўақытқа шекем ашығын айтпаған адам ҳеш ўақытта да айтпайды. Бундай сырлы жағдайда басшы болып жумыс ислеў қыйын. Ертең болмаса, бир күни үсти көрпешеленген батпаққа өзиң шөмип кетиўиң мүмкин. Ең жақсысы комиссия дүзип, совхоздың барлық егис көлемин өлшеў керек» (176-б).

«Жаңалық» совхозына жаңадан директор болып келген ҳақыйқатгөй басшы Жақсылық Дәўлетовтың соңғы шешими, мине, усындай батыл ойларға келип тиреледи. Әлбетте, ол ўақытлары-жетписинши жыллары бундай қатал шешимге келиў, сол дәўир сиясатынан алып қарағанда, әўлийеге кесек атқан менен бара-бар сыяқлы болып көринер еди. Себеби, артық гектарлар есабынан пахтадан ҳәм салыдан да мол зүрәәт алыў, ҳәр жылы мәмлекетлик жобаны бир жүз елиў, еки жүз пайызға орынлаў усындай артықмаш жерлер есабынан болар еди. Бирақ, буның екинши тәрепи бар еди: артықмаш егилген жерлерге жобадан тыс финанслық ғәрежетлер менен жанар май, ҳәр қыйлы төгин ҳәм қол күшлериниң жумсалыўы есапқа алынбады. Бара-бара өндирис пенен хожалықтың ҳәр қыйлы тармақларында Жақсылық Дәўлетов сыяқлы ҳақыйқатшыл, шынлықты жақлаўшы, нағыз принципиаль жаңа әўладтың араласыўы менен ғана бундай қарама-қарсылықлардың бети ашылды. Бирақ, әлбетте, булар кескин қарама-қарсы гүреслер арқалы болып өтти. Жазыўшы пахташылық пенен аўыл хожалығындағы, мине, усындай қарама-қарсылықларды романға кескин ҳәм батыл конфликтлер сыпатында киргизгени ҳәм буны өз ўақтында кешиктирмей ортаға қойыўы үлкен социаль-жәмийетлик әҳмийетке ийе болды.

Жақсылық Дәўлетов басшы сыпатында сорастырып қараса, артықмаш ғәрежетлерге наразы екенлигин бас есапшы да жасыра алмайды. Ол «Жолдас Дәўлетов, мен айттым-ғой, планда көрсетилген гектардан артық бир сум төлеўге ҳақым жоқ» (205-б), - деп шыжа-пыжа болып турып алады.

Ал, айырым совхоз ағзалары менен механизаторлары болса, партком хатшысы Мамутовтан қыстаўлы түрде артық гектарларға да мийнет ҳақы төлеўи зәрүрлигин талап етеди:

«Ўәдеңиз қайда? - деп шуўласты механизаторлар. -Бизге ҳақыны баяғысынша кем төлеўге қарадыңыз. Бригаданың планлы гектарынан артық гектарларға төлемей атырсыз» (243).

Усылайынша, совхоздағы артықмаш зүрәәт ҳәм оннан көрип атырған мийнеткеш халықтың зыянлары айқынласқаннан кейин ғана Дәўлетов шешиўши ҳәрекетке өтеди. Бирақ, Сержанов баслаған бурынғы усылды қуўатлаўшы топарлар Дәўлетовқа барынша

қарсылық душпанлық ислейди. Мәселен, Сержанов оған бир неше мәртебе бетпе-бет келип, жобадағыдан тысқары артықмаш техника ҳәм жанар май,запас бөлеклер менен минерал төгинлер де алыў мүмкин емеслигин уқтырған сыяқлы болады .Ол совхозда салынған ферманың есабынан халықты ҳәр қыйлы қурылыс материаллары менен де тәмийинлегенлигин мақтанышлы түрде айтып, Дәўлетовтың өзи үстинен шығып урланып баратырған тахтайларды қайтып әкелгенде, оны сол урлық ҳалда сатып алған табельщикке қайтарып берилиўи кереклигин ҳәм бул нәрсе халық ғамын ойлаўшылық екенлигин уқтырғысы келеди. Бирақ, булардың барлығына да Дәўлетов принципиаль түрде қарсы шығады.

Ж.Дәўлетовке деген қарсылық оның семьялық турмысына да байланыслы келип шығады. Дәўлетов, өйткени, Светлана менен турмыс қурғанлы тек бир қыз перзентли болған. Светлана ҳәр сапары пикирлескенде табанлы түрде «Билесең бе, Жақсылық, усы бир қыз жеткиликли» (74) деп қайталай береди. Соның менен бирге ол өз түсиниклерин және де кеңейтириңкиреп, зайыбын былайынша исендирген болады:

«-Билесең бе, Жақсылық, ҳәр адамда муҳаббат биреў болады. Мениң муҳаббатым саған ҳәм Айларға бөлинген. Сениң муҳаббатың маған ҳәм Айларға бөлинген. Арамызда неше перзент туўылса, муҳаббатымыз сонша бөлинип майдаланады» (74). Ал, оған қарама-қарсы түрде Жақсылық: Орта Азияда ҳәр семьяда 7-8 балалы болыў тийислигин, ҳәтте, 3-4 балалылар да аз балалы семьялар қатарына киретуғынлығын айтып сырнығады...

«-Түсин, Светлана, бала семьяның түйини. Семьяда бала қанша көп болса, ата-аналар арасында сонша күшли татыўлык болады.

-Демек, сен мени Айлар ушын сүйеди екенсеңдағы?... - дейди Светлана.

-Олай емес, сүйиклим! Айналаға қара, халыққа қара, - дейди Жақсылық.

-Жоқ, Жақсылық! Бизлер Айларды бахытсыз қылыўға ҳақылы емеспиз. Және бөпе туўылса муҳаббатымыз оған бөлинип, Айларға болған муҳаббатымыз кемейеди...»(74).

Шаңарақ ағзалары арасындағы усындай келиспеўшиликлер менен қарама-қарсы түсиниклер, бәлким. Дәўлетов пенен Шәрийпаның арасындағы өз-ара қатнасықлардың келип шығыўына себепши болған болса керек. Буларға да қосымша бир сапары Айлар туўылған күни бурынғы директор Ержан Сержанов завмаг арқалы оларға қымбат баҳалы гүл саўға етип, оны жақын жерден ғана емес,ал узақ Ташкенттен алдырады, бир қозының гөшин сол турысында алып келеди.

Конфликтлердиң шийеленисиўин гә диалог, гә де ишки монологларды автор сөзлери менен қосып ислетип барыў романдағы поэтикалық шеберликтиң белгили бағдарларын қурайды. Өйткени, ... қаҳарманлар арасындағы қарама-қарсылықларды аша отырып, сюжет перипетиялары тиккелей мазмунлық функцияға ийе болады[27]. Диалог пенен монологлар, қаҳарманлардың ишки ой-пикир туйғылары менен көз-қарасларын, олардың руўхыйлық дуньясындағы қарама-қарсылық конфликтлерин оқыўшыларға тәсирли ҳәм қысқа, конкрет ҳалда жеткериўге хызмет етеди.

Шаңарақ турмысындағы мине, түсинбеўшилик ҳәм қарама-қарсылықлар шығармада әдебий конфликтлерге шеберлик пенен айландырылған. Усындай ўақытлардан кейин Дәўлетовтың, бәлким, өз қостарына наразы, ашыўлы ишки психологиялық кейип пенен де түнде үйинен шығып кетип, бурынғы кеўил берген қыз Шәрийпаның есигин қағыўы тәбийғый ҳалат ретинде романда конфликтти және де шийеленистириў ушын жүдә исенимли сәўлеленген. Сондай-ақ, бунда Шәрийпаның Дәўлетовтың нийетин жыға алмаўы да дөретпеде тәбийғый психологиялық, логикалық тийкарда дурыс ҳәм шебер сүўретленген, - деп ойлаймыз.

Солай етип, романда Дәўлетовтың буннан кейин де Шәрийпа менен бир неше рет ушырасыўлары, олардың пикирлери менен ойларының жақынлығы ҳәм ой-пикир түсиниклериниң көп орынларда: әсиресе, суў, Арал, Әмиўдәрья мәселелеринде бир

[27] Хализев В.Е. Сюжет. – Введение в литературоведение. –Москва: Academia, 2000. -386 б.

жерден шығып отырыўлары тәбийғый түрде сүўретленген. Сонлықтан да белгили өзбек илимпазы П.Шермухамедов Ж.Дәўлетов образы ҳаққында былай дурыс жазады: «Оның сүйиклиси Шәрийпаға қарата Арал қутқарыўдың зәрүрлиги ҳаққындағы толқынланып айтылған монологи (онда автор ҳаўазы айрықша сезилип турады) романның ең жақсы жери болып табылады»[28].

«Совхоз рабочийлары меннен биринши гезекте егислик жерлерге суў әкелиўди талап етти. Ал мен сууды қайдан табаман? Әмиўдәрья болса жылдан жылға қурып баратыр. Быйыл бәҳәрде адамлар көпирден емес, дәрьяны кесип өтетуғын болады...» (76-б).

Жақсылық Дәўлетовтың бул ишки ойлары менен монологлары ол директор болып сайланған дәслепки күни-ақ басына келген еди. Ол усындай ойлар жетегинде Әмиўдәрьяның бойына барып турып та былайша сөйленеди:

-Ҳай, Әмиў! - деди тек ғана дәрьяға ғәзепленгендей. - Сен неге меҳирсиз анаға усап баратырсаң? Кимге өкпеледиң? Сен төппелеме қылып толып турған Арал теңизи де саған өкпели секилли кирпидей жыйырылып киширейип баратыр. Түсин!» (77-б).

Жақсылық Дәўлетов дәрья бойында усылайынша өзи менен өзи сөйлесип турғанында тосаттан студентлик жыллардан кеўил берген қызы-гидролог Шәрийпа менен ушырасып қалады. Көп жыллардан соңғы бул ушырасыўлардың даўамы соңынан бир неше рет болып,олардың барлығы да романда конфликтлерди күшейтип, шийеленистириў ушын жоқарыдағыдай тәбийғый ҳәм исенимли түрде әмелге асады ҳәм орынлы сүўретленеди. Дәўлетов пенен Шәрийпа арасындағы бундай қатнасықлар менен байланыслар, атап айтқанда, роман конфликтиң шийеленистириў барысында Дәўлетовтың қарсыласларына сылтаў ушын, оны қаралаў ушын негизги себеплердиң бири болып хызмет етеди. Мәселен, завмаг Шәрийпаны әдеп- икрамлыққа жат қылўалар менен айыплап, Нуржан ғаррыны шағып сөйлейди. Буған жүрек қанасы, ишки руўхый сезим ҳалатлары шыдамаған ғарры завмагқа умтылып, қарсылық етемен деп кроваттан қулап, мойны қайырылып, жулыны үзилип набыт болады. Себеби, ол екинши жер жүзлик урыстың қатнасыўшысы,бираз нәренжан ҳәм қартайған адам еди.

Жақсылық Дәўлетовтың үстинен жоқарыға жазылған аноним арзаның көпшилик айыплаўшы бөлимлери де оның Шәрийпа менен болған өз-ара қатнасларын әдепсизликке санап қаралаў еди. Бирақ, бул қарым-қатнаслар олардың ой-пикирлериниң дүньяға, тәбиятқа, суў ҳәм Арал мәселелерине көз-қарасларының бирлигинен, улыўма гуманизми менен патриотизминен келип шығады. Сонлықтан да, Жақсылық Дәўлетов директор болып ислей баслағаннан-ақ дәслепки жыйналыстағы Худайберген ғаррының аўыл сыртындағы қойымшылықты қоршаў талабын толық түрде әмелге асырады. Ол Шәрийпаның Арал, суў ҳәм улыўма тәбият, экология туўралы түсиниклерине де өзинше баҳа береди ҳәм оларды әмелий түрде иске асырғысы келеди.

Жазыўшы роман қаҳарманы Дәўлетовтың ишки дуньясындағы бундай көзқараслар менен ой пикирлерди гейде туўра сүўретлеў, туўра түрдеги баянлаў ямаса диалог, монологлар менен ғана емес,ал, сол қаҳарманның көзлери менен бақлап сезилген тәбият көринислерин сүўретлеў, пейзажлар арқалы да берип барғанлығы, екинши тәрептен алып қарағанда, Ержан Сержанов ҳәм Жақсылық Дәўлетовлер арасындағы конфликтлерди жанлы түрде елеслеткендей болады. Бул бизиңше, жазыўшының романдағы конфликтлерди ҳәм улыўма проблематиканы сәўлелендириўдеги өзинше поэтикалық шеберликлерин белгилеўге мүмкиншиликлер береди. Мысалы:

«Сырттан қарағанда көзге бул әтирап бир иреңли болып көрингени менен жақыннан изертлесең, тереңирек үңилсең, ҳәр қыйлы, гейпара орынларға мисли сары шегени шашып таслағандай, ал, базы бир орынлар булт арасынан көринген ай киби жылтырайды. Оған алыстан қарасаң, мисли бир бөлек суўға мегзейди. Бул суў емес, кебирликлер. Буннан тысқары өркеш-өркеш қумлар бар...

---

[28] Шермухамедов П. Мир писателя: его книги, его народ. –Нукус: Каракалпакстан, 1982. -140 б.

...Қумлық - бурыңғы теңиздиң естелиги дейди илимпазлар. Бул гәп- ырас. Айнала әййемги теңиздиң ултаны болғанына исенесең» (173).

Жазыўшы романда усындай тәбият көринислерин сүўретлеп болғаннан соң, Дәўлетов ҳәм Ержан Сержанов арасындағы мынадай диалогти ислетеди:

«-Ержан Сержанович, - деди Дәўлетов әллеқандай бийпарўалық пенен. - Усы қатарда тораңғыл тоғайы болыўы керек еди. Көринбейди-ғой... ?

-Буны Сизге ким айтты? - деди Сержанов таңланып. - ... Ол тоғай әллеқашан сапластырылып,орны егисликке айналды. Анаў пахта атызлары сол тоғайдың орнында пайда болған, - деп бир ярым шақырым жерде көринген пахта атызын нусқады» (175).

Романда усындай конфликтлик характердеги ҳәр қыйлы сүўретлеў усыллары менен берилген орынлар көп. Мысалы: «Олар көп қыйланбай-ақ теңиздиң бойына шықты. Қайырдағы қумда шаң басып гөнерген баржалар жатыр. Ҳәр жерде күнге күйреген кемелер көринеди. Бул жағдай Дәўлетовтың ишки сезимлерине айрықша түртки салып: «Қандай ҳәсирет! - деп гүрсинди. Өз ойы менен киятырған Сержанов оның не дегенин еситпеди» (177).

Дәўлетовтың ишки дүньясындағы Сержановтың ой-пикирлери менен оның руйхый әлемине қарама-қарсы келетуғын бундай пикирлер бәрқулла Шәрийпаның ой-әрманлары, ҳәттеки, илимий изертлеўлериндеги тийкарғы концепцияларға келип биригетуғын еди. Сонлықтан да, олар арасындағы сөйлексик суў, Арал, экология машқалаларына байланыслы болып, бәрқулла бир орайға, ана тәбиятты, туўылған жерди, қолдан жасалған апатлардан қутқарыў ҳаққында ҳәм солардың жолларын қарастырыў ҳаққында пикирге бирлесип кете беретуғын еди. Ж.Дәўлетов ҳәм Е.Сержанов екеўи жоқарыдағыдай «саяхат» ўақытлары да Шәрийпа менен ушырасып қалады. Шәрийпалар болса, белгили илимпазлар менен теңиз жағалаўларын изертлеўлер ушын экспедицияда жүрген екен. Сондағы көринислер сыпатында мынадай пейжаз ҳәм диалогларды да жазыўшы романда конфликтлик мазмунда алып, шығармадағы әдебий қарама-қарсылықларды күшейтип, оларды образлы түрде, поэтикалық сыпатта сүўретлеген:

«...теңиз таманнан бурқасынлап, түтин сыяқлы бир нәрсе көринди. Сержанов шыдамай:

-Теңизге от тийди! - деп бақырды. Ҳәмме теңиз таманға қарады...

Теңиз тамандағы гөне қамыслықлар үстинен мисли қаралтым түтин киби көterилген нәрсе қуйын екенлигин ҳәзирше ҳеш ким аңғармады. Түтин мисли жыландай ийретилип, аспанға көтерилип баратыр. Жығылып сынған қамыслардың гөне жапырақлары, үпилдириклер қосылып көтерилип баратыр.

... -Ырастан да қум көтерилип атырған сыяқлы, - деди Шәрийпа.

Экспедиция басшысы еле үнсиз еди, бираз қарап турғаннан кейин:

-Жоқ, досларым, бул түтин емес, қуйын-деди. Өткен жылы жанған қамыслықлардың күлин уйтқытып баратыр. Енди ол суўдан шығып қалған орынлардағы қумлықтың да үсти менен өтеди...Қәндекке түсиңлер, көзлериңизди басыңлар, болмаса...-деди оның өзи орнынан қозғалмай» (179).

Ҳақыйқатында, дәўир қарама-қарсылықлар ретинде де алынған бундай кескин ҳәм терең мазмунға ийе көринислерди сәўлелендириў сол жетписинши ҳәм сексенинши жыллары оғада қыйын ҳәм ҳәр қандай қәлем ийеси ушын да қәтерли еди, - десек, онша асыра силтеўшилик емес. Бирақ, соған қарамастан, биз сөз етип отырған романда негизги конфликтлер сыпатында дәўирдиң тап усындай қарама-қарсылыққа, ҳәттеки, трагедияға да толы картиналары батыл ҳәм кескин түрде ортаға қойылады. Сондай-ақ, олардың жоқарыдағыдай ҳәр қыйлы усылларда конфликтлик сыпатта сәўлелениўи усы романның поэтикалық шеберлигиниң баслы өзгешиклерин көрсетеди.

Романда дәўирге тән болған қарамма-қарсылықларды әдебий көркем конфликтке айландырыўдағы ең баслы өзгешеликлердиң тағы бир тәрепи сонда, жазыўшы бир қаҳарманның өз ишиндеги, оның ишки руўхый дүньясындағы арпалысқан сезим ҳәм

ойларды, образдың ишки қарама-қарсылықларын шеберлик пенен сүўретлеўге ериседи. Әсиресе, булар шығармадағы дәслепки жыйналыс өтип атырған ўақытлардағы Жақсылық Дәўлетов ҳәм Ержан Сержановлардың өз ишки дүньяларындағы арпалысқан ой-сезимлердиң гүреси арқалы оқыўшыларға айқын белгили болады. Жоқарыда биз ескертип өткенимиз сыяқлы, олардың биреўи директорлықты қалайша қолдан бергенлигин, екинши болса, сол лаўазымды келешекте дурыс меңгерип кете алыўы ямаса оны қолға алыўды неден ҳәм қалайша ис баслаўы кереклиги ҳаққында толғанады. Усы бағдарда жазыўшы ҳәр бир қаҳарманның ишки монологларындағы конфликтке толы толғанысларды бериў менен бирге, оларды ядқа түсириў, көз алдына келтириў сыпатындағы қарама-қарсылыққа толы сюжетлик ўақыяларды көркем психологиялық принципте сәўлелендиреди. Улыўма, усы орынлар сюжетлик ҳәм конфликтлик сыпатта да субъектив психологиялық принципте сәўлеленген. Олар бираз орынларда қаҳарманлардың ишки монологлары менен байытылып, олардың барлығы ой-пикирлердиң ишки динамизмине қурылғанлығы менен көркем поэтикалық жақтан баҳалы болып есапланады. Көпшилик илимпазлар усындай диалог ҳәм ишки монологлардың поэтикалық хызметине айрықша әҳмийет береди[29].

Романда толық ишки монологлар менен қатар, белгили бир психологиялық ситуацияларға байланыслы ишки ой-пикир қарама-қарсылықларын әдебий конфликтлер сыпатында объектив сәўлелендириўде ретли орынларда қысқа-қысқа монологлар да ислетиледи. Ол мынадай мысалларда көзге тасланады:

«Сержанов ... мәжилис залына киретуғын жерде оған (Дәўлетовке - П.Н.) қапталласып, қолтығынан қолын өткерип алды. Оның бүйиткениниң мәниси басқалардың алдында өз абройын сақлап қалыў еди. «Мейли, адамлар көрсин. Дәўлетовтың шеңгелли сөзлерине ашыўланбай қолтығынан услап жүргенимди көргенлер, әлбетте, оның критикасына исенбей булар көзаба ушын бир-бирин критикалап жүрген дослар деп ойлап қалса тәәжип емес....» (14-б.).

Қосымша түсиндирмелерсиз-ақ сезилип турғанындай, булардың барлығы Сержановтың ишки руўхый әлеминдеги қарама-қарсылыққа толы пикирлер еди. Оларды жазыўшы дөретпеде ишки монологларды орынлы ҳәм өнимли түрде қолланыў арқалы шебер поэтикалық түрде хатқа түсирген. Бундай орынлы түрде көплеп қолланылған ишки монологлар улыўма усы романның поэтикалық сыпатын айрықша бир өзгеше түслерге бөлеп, кескин конфликтлерди де тереңлестирип ҳәм көркемлик, логикалық жақтан исендирип турады. Шығармадағы Сержановтың өзин барынша менмен тутып, Дәўлетовты сынап ғана қоймай, райкомға ол туўралы баянатнама жазып берсе де оны жумыстан, лаўазымынан түсире алмаслығы жөниндеги ойларын дәлийлеўши ишки монологларда, Дәўлетовтың Айлар қумға жерленген өз анасы менен тиллесип сөйлескен ҳәм совхоздағы артық гектарлар ҳаққында ойланып толғанған ишки монологлары ҳәм тағы басқалар да романнын поэтикалық жүйесинде айрықша әҳмийетке ийе болып, олардың барлығы да кескин конфликтлердиң және өткирлесиўи менен тәбийғыйлығына, исенимлилигине хызмет етеди. Солардың бири Жақсылық Дәўлетовтың өз анасының қәбири басындағы мынадай монологқа дыққат аўдарып өтиў орынлы болса керек.

«Апа, сен мениң атымды Жақсылық деп қойғанда ҳеш кимге жаманлық қылмасын деп ойлағансаң-ғой... Мен сениң нәсиятыңа садық боламан... Оларды қаматпайман, аўыр жазаға гриптар қылмайман. Бирақ жумысларынан босатаман ... Ал өтирикшилик, урлық, жалатайшылықлар менен бәри-бир жолдас бола алмайман! ... Сөйтсе де, усы жаман қәсийетлер ҳәр адамнан табылса керек ... Бул жаман қәсийетлер ҳәр адамға тән өз көлеңкеси сыяқлы. Усылай болса, сол адамның өзине зәлел

[29] Храпченко М.Б. Собр соч. в 4-х томах. -Москва: Советский писатель, Б. 446-456; Чичерин А.В. Идеи и стиль. –Москва: Советский писатель, Б. 1968, 196-206; Введение в литературоведение. –Москва: Academia, 2000. Б. 75-87; Коробан В. Современный молдавский роман. Перевод с молдавского. –Москва: Советский писатель, 1979. Б. 221-231; Рымаль Н. Введение в теорию романа. –Воронеж, 1989. Б.112-123.

келтирмей көлеңкесин қалай қуўып шығыў мүмкин!» .. (170). Улыўма, ишки монологларды шебер тийкарғы өзиншеллиги болып табылады. Бул ҳаққында оның дөретиўшилик изертлеўши илимпазлардың мийнетлеринде көп ғана дыққатқа ылайық пикирлерди табыўымызға болады[30].

Минекей, романның бас қаҳарманларының бири Дәўлетов өз-өзине улыўма инсаныйлық, философиялық сораў таслайды. Ол пүткил әлемниң, инсан жаратылысының қарама-қарсылыққа, конфликтке толы картинасын көз алдымызға келтирип, соларды қалай шешип, жаманлықлардан қалайынша қутылыўдың жолларын қарастырады. Бул да усы дөретпеде өмирдиң кескин конфликтлерин батыл түрде ортаға таслаўдың бирден-бир поэтикалық усыллары болып есапланады. Сонлықтан да, бизинше, романдағы ортаға қойылған қарама-қарсылықлардың кескин ҳәм батыллығын тек ғана жетписинши ҳәм сексенинши жыллардағы, бәлким, оннан да бурынғы дәўирлердеги өндиристеги, аўыл-хожалығы менен пахташылықтағы қарама-қарсылық, бийбастақлықларды ортаға таслаў деп түсинбеўимиз керек. Ал, бул романда усындай конкрет өндиристлик қарама-қарсылықларға байланыслы улыўма инсаният, адамзат жаратылысының ишки руўхый әдеп-икрамлық, моральлық келбетиндеги өтирикшилик, даңкпаразлық ҳәм көз боямашылықлар менен нағыз адамгершиликтиң, ҳақыйқатшыллықтың, гуманизм ҳәм меҳир-муҳаббаттың арасындағы өз-ара арпалысқан гүрес ҳәм конфликтлерде сәўлеленген. Бул ушын жазыўшы сол жетписинши ҳәм сексенинши жыллардағы ўақытларды негизги турмыслық, өмирлик материал етип алған десек, - дурыслыққа келеди.

О.Әбдирахмановтың «Босаға» романында Т.Қайыпбергеновтың жоқарыда биз таллап өткен шығармасындағыдан да өткирлеў, батылырақ болған социаллық-турмыслық, әдеп-икрамлық конфликтлер негиз етип алынған ҳәм олар тайсалмастан ашықтан-ашық сәўлеленген деп есаплаўға болады. Әдебиятымыздың орта буўынына киретуғын бул талант ийесиниң шығармасында тийкарынан екинши жер жүзлик урыстан соңғы халқымыздың турмысында жүз берген турмыслық қарама-қарсылықлар негиз етип алынған ҳәм ол Ташкент қаласында 60-жыллардың бас гезинде пүткил Өзбекстан аймағында болып өткен турмыс ҳақыйқатлығының көпшилик, типик бийбастақлықлары менен жүдә тығыз байланыслы алып сүўретленген. Улыўма алғанда, романның тап усы бағдарын, ондағы турмыс ҳақыйқатлығының барлық конфликтлерин ашықтан-ашық сүўретлеўдеги реализмниң басымлығын, ҳақыйқый турмысқа жақынлықты, батыллықты айрықша қуўатлаўға туўра келеди. Өйткени, ҳәзирги тарийх илиминиң терең түрде дәлиллеп көрсетип атырғанындай, тап усындай турмыс қарама-қарсылықлары менен бурмалаўшылық, өсек-өтириклер ҳәм жала-жабыўлар менен жазықсыз инсанларды набыт етиўлер, мәмлекет мүлкин талан тараж етиў сыяқлы унамсыз иллетлер, ақыр аяғында, пүткил жәмийетти, социализмди иштен ыдыратыўға ҳәм оны биротала қыйратыўға себепши болды. Олардың сабақлас, тәбийғый нызамлы түрдеги даўамы атақлы жазыўшы Т.Қайыпбегеновтың «Көз қарашығы» ҳәм жас жазыўшы А.Әбдиевтиң «Жин-жыпырлар уясы» атлы романларындағы сыяқлы унамсыз ҳәдийселерге де алып келгенлигин ҳеш ким бийкарлай алмайды.

О.Әбдирахмановтың «Босаға» романындағы конфликтлердиң сәўлелениўиндеги ең баслы өзиншеллик сонда, онда турмыслық қарама-қарсылықлар менен ҳәр қыйлы минез-қулық адамлары арасындағы қарама-қарсылықлар динамикалық (ис-ҳәрекет ҳәм ўақыялық) ҳәм аналитикалық (ой-сезимлер ағысындағы) сыпатта теңнен сәўлелендириўге умтылғаны айқын көзге тасланады ҳәм биз буны өз таллаўларымызда дәлийллеп көрсетиўге тырысамыз. Әлбетте, бул роман ҳаққында айырым

---

[30] Султанов Қ. Т.Қайыпбергенов прозасы. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1982. Б.68-171; Усы автор. Прозаның раўажланыў жоллары. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. Б.99-105; Ломунова М. Тайна древней степи. –Нукус: Билим, 2006. Б.113-121; Шермухамедов П. Мир писателя: его книги, его народ. –Нукус: Каракалпакстан, 1982. Б. 11-36.

изертлеўшилердиң пикирлери жарыққа шықты[31]. Бирақ та роман поэтикасынжа конфликттиң тутқан орны еле арнаўлы түрде изертленген жоқ.

Шығармадағы динамикалық сыпаттағы қарама-қарсылықлар урысқа қатнасып келип, өз аўылында муғаллим, соңынан мектеп директоры болып сайланып табыслы, абыройлы түрде ислеп атырған Төребай Әлиев деген жигиттиң жаңа мектеп жайы ушын совхоз директоры менен ойласпастан аўыл адамларына көмек салып атырғандағы ўақыялардан басланады. Төребай аўыллық кеңес тәрепинен ажыратылған жерге буннан алдын бир қанша терек нәллерин де егип таслаған еди. Ал, жаздың ыссы күнлеринде мектеп жайын тезирек питкерип таслаў ушын аўыл адамлары менен ғажжа-ғаж мийнет етип, пақсаға ылай атып атырғанында ол жерге совхоз директоры Таўбаев аўыл кеңести ертип келип, Төребайдың намысына тийетуғын сөзлер айтады, оны пахтаның отағы ўақтында рухсатсыз көмек салып, адамларды пахта тәрбиясы исинен шетлетип атырғанлығы ушын айыплы-жуўапкер екенлигин қатаң ескертеди. Директор буның менен де турмай, оны мектеп ушын ажыратылған пулларды нызамсыз өзлестирдиң, қунарлы пахта жерине терек нәллерин орынсыз ектиң, мектеп оқыўшысының биреўи еки қабат қусайды, солардың барлығына жуўап беретуғын ўақытлар келеди, еле де сениң менен көрермиз, - деген сыяқлы гәплер айтып, муғаллимниң абырой, ар-намысын аяқ асты етеди. «Ертеңнен баслап басқалар қатары өзиң де қолыңа орақ алып атызға түсип, отақ отайсаң!", - деп мәтибийлик те етип кетеди.

"Ҳаў, отағасы, басланғыш класслардың барлығы кетектей бир жайда оқыйды... Оның үстине мектептиң таза имараты ушын 10 гектар жер ажыратылсын, деп қарар шығарып берген өзиң-ғо!![32] -деген Төребайдың аўыл кеңес баслығына қарата айтылған сөзине де қарамастан, ол совхоз директорының сөзин сөйлеп, оған жағымпазлық етеди. Ал Таўбаев болса: «-... маған мына отақтың күнлери мектеп-сектебиниң кереги жоқ, егер ашыўлансам, ҳәзир бәрин тегислетип, орнына мәкке ектирип жиберемен» (Сонда: 14-бет), - деп менменлик көрсетеди.

Ҳақыйқатында да, бул нағыз 50-жыллардың ақыры менен 60-жыллардың басына тән болған бурынғы пүткил аўқамлық көлемдеги типик конфликтлердиң ең сыпатлы өзгешеликлериниң бири еди. Шынында да, сол ўақытлары аўыл хожалығын бир орайдан басқарыў, бул тараўда жергиликли миллий өзгешеликлер, жер, агротехникалық айырмашылықларды да есапқа алмай, аўыл хожалығы менен мал шарўашылығында да тек ғана мәккешилик пенен шошқашылықты раўажландырыў ушын буйрықлар шығарылды, ҳүкиметлик басшылықтың жини аўыллардағы ешеклер, жылқылар, түйелер менен қосыла ешкилерди жоқ етиўге қаратылды. Сонлықтан, Таўбаев сыяқлылардың бундай тапсырмаларды көзсизлик пенен бежергенлиги ҳәм мектеп жериниң орнына мәкке ектирип жибериў қыялы бос сөз емес, ал, жоқарыдан келген, асқынып кеткен буйрықлардың бюрократлыққа тийкарланғанын айтып өтиўимиз керек. Жазыўшы романда, мине, дәўирге тийисли болған усындай негизги қарама-қарсылықларды дурыс ҳәм дәл таңлап ала билгенлиги шығарманың негизги пафосын көрсетип турады.

Сондай-ақ, тек ғана алпысыншы емес, ал, жетписинши жылларға шекем көпшилик аўыллық мектеплердиң жергиликли мийнеткешлердиң қол көмеги менен питкерилип тапсырылғаны да анық турмыслық фактлердиң бири болып есапланады. Тап усындай мектеплердиң биринде, ўақтында көп ғана адамлардың оқып, тәлим алғанлығын жасырып болмайды.

---

[31] Орымбетова Н. Ҳәзирги қарақалпақ романында характер мәселеси (80-жыллар).: Дис. ... канд. филол. наук. –Нөкис, 2001; Усы автор. Время и характер героев в романе «Порог» О.Абдирахманова // Сб.науч. статей преп. НГПИ. –Нукус: Билим, 1999. Б.50-53: Усы автор. Основные тенденции развития каракалпакского романа 80-х годов. // Вестник ККО АН РУз. 2000. -№3. –Б. 81-82.

[32] Әбдирахманов О. Босаға. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1989. Б.14. (ендиги мысаллар усы басылымнан алынады, қаўыста тек бетлер көрсетиледи).

Сондай-ақ, бундай жағдайларда Төребай сыяқлы нағыз патриот ҳәм гуманист инсанларға жоқарыдағыдай қарама-қарсылықлар менен олардың ислерин бурмалаўшылар айтарлықтай зыян еткенлиги де ҳақыйқат турмыс шынлығына туўра келеди.

Романның тийкарғы конфликтинде жазыўшы бундай қарама-қарсылықларды да әдебий конфликтлер жаратыўда оларды өмирден дурыс таңлап алып, оны батырлық ҳәм өткирлик пенен дөретпе поэтикасында дурыс ислеткени айқын көринеди.

Романдағы усындай қарама-қарсылықлардың басланыўы барысында Таўбаев пенен аўыл кеңестиң баслығы мектептиң пақса көмегинде жүрген бир ғәрип ҳәм ақ көкирек, аңқылдақлаў жигит Мүптилла менен де тартысып, сөз жүзинде ерегисип қалады ҳәм усы қарама-қарсылықлар барысында да сол дәўирге тән болған конфликтлер менен басшысымақлардағы менменлик пенен өтлесип кеткен бюрократлықтың белгилерин жазыўшы өткир поэтикалық шеберлик пенен ашыўға ериседи.

Өзинен жоқарыдағы басшылардың ҳәмиринен қорқып кеткен бригада баслығы ең алды менен пақсаның басында турған Мүптиллаға жини тусип, оған кесеклеймен, жерге түсип, атызға-отаққа жүр - деп абай етеди. Ал ол болса: «-Ҳәй, бригад, мен енди айлықты совхоздан емес, мектептен аламан...мениң менен ойнама, билдиң бе?! Базар күн - дем алыс күн!» (15-б.), - дейди.

Ҳақыйқатында, мине, усындай Мүптилла қусаған нағыз ақ көкирек ҳәм хадаллықты да дурыс баҳалап, нағыз заң-закон менен жүретуғын ҳәм усы бағдардағы өз пикирлеринен де қайтпайтуғын инсанлардың бар екенлиги де сыр емес. Оларға ҳәр қандай басшың да, қосшың да, қара пухараң болса да, барлығы бирдей болғанлықтан, булар шынлықты қайтпай, тайсалмай айтады. Бирақ, ақылсыз ел басшылары – «басшысымақлар» болса олар менен ерегисип, ел-халықтың тынышын, берекетин кетиргенлиги де анық. Сонлықтан да совхоз директоры Таўбаев аўыл кеңеске қарата былай деп доқ урады:

«-...Мына мәжгүнниң неше малы бар?

-Бир ешеги менен бир ийти¨ - деди аўыл кеңес.

-Буны көширип жибериў керек¨ - деди Таўбаев ҳәм Төребайға бурылып:-Сениң менен мен еле көремен, совхоздың рабочийларын я сен, я мен жумсайтуғын боламан» - деп кетеди.

Ҳақыйқатында да, бул қарама-қарсылық барынша күшейип, Төребайдың ис-ҳәрекетлери менен «әдеп-икрамлық жағдайы» районлық партия комитетиниң бюро мәжлисинде қаралады ҳәм ол айыпкер деп табылып, иси прокуратураға тапсырылады.

Роман конфликтиниң барысындағы бул бағдардағы және бир қарама-қарсылықлартың бири сол, мектеп ушын жан пидә қылып, оның қурылысын питкериўге себепши болған Төребай менен аўыл мийнеткешлери болса да, ал, мектеп муғаллимлериниң районлық август кеңесинде бул қурылыстың питкерилиўи ҳаққында мектеп директоры Әлиев емес, совхоз директоры Таўбаев көкирек керип турып мақтанып шығып сойлейди ҳәм ол Төребай хаққында да аз-кем жыллы сөзлер айтып, жөгилик етеди. Төребайдың кеңесте шығып сойлемеў кереклигин ескертип, приципаль жигитке тосқынлық еткен дәслепки адамлардың бири районлық халық билимлендириў бөлиминиң баслығы да жөгилигин көрсетеди.

Соның ала мектеп директоры Төребай Әлиев мектеп қурылысына ажыратылған пулларды заңсыз өзлестиргенликте наҳақтан айыпланады ҳәм буның үстине оқыўшы қыз Зийба Мәтжанованың еки қабат болып қалғанлығы себепли прокуратураға тергеўге қатнай баслайды. Ал, шынында, булардың барлығы Төребайға жабылып атырған жала-дөҳметлер еди. Ол енди Зийба атлы бираз ересек болып қалған қыздың өз мектебинде оқығанлығын, бирақ, соңына таман оның көринбей кеткенлигин де еслейди. Бир муғаллимниң сабақ ўақтында сол қыздың дәптериниң арасынан мухаббат қосығын таўып алып, оны сабақтан шығарып жибергенлигин де ядқа тусиреди. Бизиңше, мине,

жазыўшы конфликтлердиң шийеленисиў барысындағы усындай базы бир қарама-қарсылықлы ўақыялардың тек ғана избе-из хронологиялық тәртипте емес, ал, субьектив психологиялық формада (усылда) алып сүўретлегенлиги улыўма бир тутас романның өзинше поэтикалық қунлылығын арттырған. Шығармада усындай конфликтлерди шийеленистириўге ямаса шешиўге тийисли болған ўақыя менен ис-ҳәрекетлердиң ядқа түсириў, көз алдыға елеслетиў, ишки монолог ямаса хат формаларында берилиўи сол қарама-қарсылықлардың исенимлилигин, олардың турмыслық әҳмийети менен қаҳарманлар образының да тереңнен сәўлелениўин келтирип шығарып, реализмди күшейтиўге де себепши болады.

Романдағы сәўлеленген бюро мәжлисиниң барысындағы айтылған (райком секторы менен Таўбаевтың айтқан сөзлери ҳәм басқалардың) гәплеринде де сол дәўир қарама-қарсылықлары әдебий конфликтлерге айландырылып, олар тәбийғый ҳалда сәўлеленгенлиги көринеди. Сонда биринши хаткер сыпатында бюрода сөйлегенде: - ...Әлиевтиң көмек салып, мектепке таза имарат тиклеп атырғаны қуўатлаўға турарлық баслама...жергиликли мүмкиншиликлер қарай адамлардың басламасынан пайдаланып, кемис-кутықларымызды толықтырғаны ушын жолдас Әлиевке миннетдаршылық билдириўимиз лазым. Деген менен ... ҳәзирги, тап бүгинги ўазыйпамыз неден ибарат? Пахтадан мол зүрәәт жетистириўмиз керек ... Жолдас Әлиев мине, усы әпиўайы ҳақыйқатлықты түсинбеген. Мектептиң имаратын август айында да салыўға болады ...(21), - дейди. Тағы да: «ертең азаннан баслап қолыңа орағыңды алып, өзиң атызға түсесең, бул биринши. Екиншиден, Таўбаев бюро ағзасы, оның айтқаны ендигиден былай сениң ушын хат пенен қәлем болсын...», - деп қатал тапсырады. Ал, Төребай болса «отақ отаў мениң тиккелей ўазыйпама кирмейди» (22), - деп қарсылық етеди.

Мине, булар жазыўшы тәрепинен романның кофликтлериниң негизги барысын, аналитикалық жол менен, яғный, қахарманлардың ой-сезимлери менен пикирлер дүньясындағы қарама-қарсылық ҳәм конфликтлерди өз аўзынан сөйлетиў усылында сүўретлеўи болып есапланады. Шығармада турмыс қарама-қарсылықлары, мине, усындай динамикалық (ис ҳәрекет ҳәм ўақыялар арқалы) ҳәм аналитикалық (ой сезим, пикирлир ағысы) формалар арқалы әдебий конфликтлерге айландырылып, олар оқыўшылардың дыққатын өзине тартып барады. Бул - романның негизги поэтикалық өзгешеликлериниң бири.

Төребай өзине жабылған жала-дөҳметлердиң негизги төркинлерин аўылкеңес баслығы менен бирге Мәтжан бригадтың үйине, яғный, еки қабат болған өз оқыўшысы Зийбаның жағдайын билиўге барғанда анықлайды.

«Жүкли қыздың көз жасы қан сорпа болып, ғайбар анасының алдында үрккен шөжедей қалтырайды. Анасының да қартайып баратырған күни жоқ, еле жүзиниң ажары кетпеген келиншек әтөшкир менен қызының жаўырнына қойып-қойып жиберди» (23).

Енди барлық қысқыларға да, ар-ҳүжданға да шыдамаған қыз: «Енди несине тартынаман, апа! Мен, мен ... мени ... директор ... - деп және жылап жиберди». Қызының айтқан бул сөзине толық түсинбеген ана Төребайдың бет алдына да қолындағы әтөшкир менен алдырып жибергенин билмей де қалады. Соңынан қыз өзин Таўбаев зорлағанын анық айтқан соң ғана ҳақыйқатлықтың бети ашылады. Бирақ, жолда қайтып киятырып, аўыл кеңестиң баслығы совхоз директорының жуўындыхоры болғанлықтан да бул исти бастырып жибериў ушын Төребайды бираз үгитлейди. Төребай да болар истиң аңғысын аңлағысы келгенликтен де, оған мейил берген сыяқлы көринип, онша сыр да алдырмайды. Бул ҳәрекеттен дурыс пайдаланғысы келген совхоз директоры ҳәм аўыл кеңестиң баслығы оңашада ойласық өткерип, жүкли қызды Елемес деген мектепке жаңадан келген жүдә жуўас, ақ көкирек жигиттиң мойнына шөгириўге қарар етип, жигитти де мәсликтиң күши менен қайыл етеди. Оған келеси ўақытлары мектеп директорлығы ҳәмелин алып беремен деп ўәде етип, олар сумлық ҳәм ҳәкимшилик, жөгилик, дөҳмет жалалардың күши менен Төребайды қаматып жиберип, Елемести мектеп директоры етип қояды. Нәтийжеде, жас жигит алданып қолға түсип, еки қабат

қызға үйленеди, суд мәжилиси ўақтында қыздың ишиндеги нәресте меники деген көрсетпе де береди. Қыз болса еки көзиниң жасына ғана күши жетип, үнсиз қалады. Анасы: «Мен анаман, қызымның бахтына бийпарық қарай алмайман. Қудайға шүкир, ҳәзир ақлық сүйип отырман, енди бизиң тынышымызға қойсаңыз екен» (40) деген сөзлерди айтады.

Бизиң ойымызша, конфликтлердиң булайынша шийеленисиўи бираз исенимсизлеў ҳәм жасалма сыяқлы көринеди. Негизинде, бизиң халқымыз бундай бийбастақлық, әдеп-икрамлық, моральлық қылмысларға көнип жасаўы мүмкин бе? Әсиресе, он гүлинен бир гүли ашылмаған муғаллим жигиттиң бул жөгилик пенен жасалмалылыққа шыдам ҳәм келисим берип жасаўы ҳақыйқат турмыс шынлығына сәйкес пе екен? - деген сораўлар алдымызда турады. Ал ҳақыйқатында, романда Төребайдың қамалыўы ушын мың сом ақшаның өзи-ақ жеткиликли емес пе еди деп ойлаймыз. Бизинше, автордың конфликтлерди булайша шийеленистириўинде жасалмалылық анық көринип, ол роман поэтикасына бираз көлеңкесин түсирген.

«-Гәп мынада, ғошшым! - деди Таўбаев аўылкеңестиң гәпин шарта бөлип. Мәтжан бригадтың сизиң мектепте оқыўын таслап кеткен қызы бар-ғой, соны мына аўылкеңес ағаң айттырып әперсе қалай көресең?

Елемес мүлгип отырып шоршып тусти.

-Ана жүкли қызды ма? Алла-жалла ағажан,...ала алмайман» (30).

Мине, усылайша қарсылық көрсеткен жигит қандай үгитлерсе де ҳәм пул көрсетип, оған ҳәмел, ўәделер еткенде де бирден көне қойыўы-бул шынлыққа бираз қарсы ҳәм исенимсиз. Тағы да ол еки «ақсақал» ға қарата:

«Яқшы, ағам ушын мен  не барымға да барайын, бирақ сол қызды алғаннан соң мектепте не бетим менен бала оқытаман?» - деп те батыл қарсылық етеди-ғой! Булардың барлығын есапқа алғанда, бизинше, конфликлердиң булай шийеленистирилиўи бираз жасалма деген ойымызды тағы да тәкирарлағымыз келеди.

Шығармада айыпланып қамалып кеткен Төребайдың босанып, өз аўылына қайтып келиўи менен роман конфликти тағы да шийелениседи. Ол ең дәслеп тиккелей өзиниң үйине де бармастан, жер төледе жасап атырған Мүптиллалардың үйине кирип, жалғыз баслы кемпирдиң қолынан алып кетиў нийетинде барса, сол жерде түнниң бир ўақытларында баласы Назар отырғанын көреди. Баланың да нәзери бираз төмен, жүзлери ойшаң екен. Ҳал-аўҳал сорасықтан соң Төребай үйине барса, ҳаялы өз ерин қаматып жибериўге себепши болған Таўбаев пенен бир төсекте жатқанлығының үстинен шығады. Мүптилланың: үйиңде қонақ бар, мумкин, ол Таўбаев шығар, бизиң аўылға үш-төрт жыл қамалып келгеннен соң бөлим баслық болып келип еди, қонақ сол киси шығар, - деген болжамлы пикирлери дурыс шығады.

Мине, Төребай өз хадал төсегин ыласлаған ҳәм бурын да буны дөҳмет пенен қорлаўға себепши болған Таўбаевтың еркеклик ағзасын кесип алыў арқалы оны өлтирип, прокуратураға өзи барады. Конфликттиң шийеленисиўине себепши болған бул ўақыяларды автор турпайы түрде, натурал ҳалында сүўретлеместен, ал, оны былайша береди:

«-Яқшы, онда мен үй беттен бир хабар алып келейин ... Назар сен усы жерде отыра тур, келип алып кетермен...

...Бир заманлардан соң Төребайдың үйинен әўели ер адамның қулындағы даўысы шығып, кейин Әсияның үйди басына көтерген жоқлаўы тал-тал тарады» (45). «-Өлтиргеңизди дәлийллейтуғын неңиз бар?

-Мине ... - Төребай столдың үстине ләңкиниң жүниндей айдар менен қанжарды қойды...» (45).

Ҳақыйқатында да, биреўдиң ҳадал төсегин былғаў дәрежесине жетискен адамды усылай жазалаўды, бизиңше, нақ мәўритлердеги психологиялық ҳалатларға тийисли болған исенерли ҳалат деп есаплаўға болады. Ал, бизиң ойымызша, Төребайдың ҳаялы Әсияның Таўбаев тәрепинен қолға түсирилиў моментлери де оның ядқа түсириў, көз

алдына елеслетиў сыяқлы субъектив психологиялық принцип тийкарында дурыс ҳәм исенимли сәўлелендирилген. Таўбаев Әсияның изине еки жыл бойы ерип жүр, ақыр аяғында, оны курортқа жиберип, өзи изинен барып қолға түсирген екен. Еле отыздан жаңа ғана өтип, жаслықтың да, муҳаббаттың да маўқына дурыс қанып үлгермеген келиншек ушын бул бир жағынан аўыр соққы ҳәм екиншиден, жанысый ҳәўеслик ҳәм қумарлықты да пайда етип, оны биротала қәтелесиўге баслайды. Нәтийжеде, еле бул д,ньяда бар, қамақта болса да ҳадал ҳәм қайсар, бир сөзли ери Төребайдың көзине шөп салып, биротала бахытсыз ҳалға түседи. Сол себепли де, ол соңынан баласы Назардың жүзине де тик қарай алмай, оның бет әлпети менен көз-қарасларынан ери Төребайды көрген сыяқлы сескенип кете беретуғын болады. Ал Әсияның соңын ала Қәдир майшыға басын шатыўы оның шыдамсызлығы менен турақсызлығын биротала тастыйықлайды. Сол себепли баласы Назар оны өз перзенти болса да жек көретуғынлығын сезеди.

Жазыўшы романда негизги конфликтлерден де тысқары сол дәўир ўақыяларын романлық кең эпикалық масштабта алып сүўретлеў нийетинен келип шыға отырып,Төребай, Әсия ҳәм аўыл кеңестиң арасындағы қарама-қарсылықлы ўақыяларға қосымша Мүптилла менен Гөне Үргеништеги тәўип ҳәм Дурды деген ақ көкирек түркмен Адамы, Мүптилла менен сол аўылдағы Қәдир майшылардың арасындағы бир-бирине қарама-қарсы болған ўақыяларды сүўретлеў арқалы да бир қанша исенимли ҳәм тәсирли болған көркем-әдебий конфликтлер келтирип шығарады. Атап айтқанда, аўылдың ең бир ақ көкирек адамларының бири Мүптилла түркменлер арасында тәўип излеп, анасын емлетиўге барғанда оны ҳеш ким қудайы қонақлыққа қабыл етпесе де, ал, оны Дурды атлы бир қарапайым киси өз үйинде қонақ етип қабыллаў менен де шекленбей, балаға дәри пулы да берип жибереди. Мүптилладан тәўип анасына дәри ушын бир жуз елли манат талап етеди, жуз манат бергенде наразы болып: «Көк ешегимнен басқа түгим жоқ» деген балаға «Көк ешегиң-кәпек» деп дәри бермей жибереди. Ал, ақ көкирек, меҳрибан Дурды оған қәтереге келсе де: «Бай болсаң өзиң бер елли манатты» деп сыртқа да шықпай иштен тоңқылданады. Дурды болса оған қарата: «Сен, сен ... түркмен емессең, оңбаған» - деп өзиниң баласына Мүптилланы жумсап ақша алдырады. Сөйтип, ол кемпири берип жиберген бир буўат ақшаны санамай-ақ Мүптиллаға нусқап: «Ана ақшаның татын жалағанға апарып бер, керегинше алсын» (7-бет), - дейди ҳадалыйлық көрсетип. Мүптилла дәрини үйине - аўырып атырған анасына алып барса, ол шынында, дәри де емес, ал, қәдимги мектеплерде тахтаға жазатуғын пордың унтағы болып шығады.

Демек, бундай қарама-қарсылықлы ўақыялар арқалы Мүптилла менен Дурдының ақ көкирек ҳәм ҳадалыйлығы белгили болса, ал, оған қарама-қарсы тәўип Аширмәт пенен Қәдир (соңынан майшы) сыяқлылардың адамгершиликке жат ислери, өтирикшилиги менен сүтхор дүньяпаразлығы да ашылып барады ҳәм және усыған байланысды романға негиз етип алынған турмыслық конфликтлерде исенимли және жарасымлы сүўретленген, - деген ойдамыз.

Қәдимги аўыл адамы Мүптилланың айрықша адамгершилик минез-қулық белгиси оның Әсияның, яғный Назардың анасының Қәдир майшы үйине лампа май алыўға келгендеги ўақыяларда анық белгили болады. Май алып кетип баратырған келиншектиң жүги бираз аўырлаў болғанлықтан, Қәдир Мүптилладан Әсияға жәрдем бериўин өтиниш еткенде, ол бул ҳаялды өз ериниң көзине шөп салғаны себепли жек көргенликтен жәрдемнен бас тартып, ешегин сабалап кетип қалады. Бирақ, ол бираз жерге барып қайтып келеди.

«Мүптилла оның қасына келип, ешегинен еңкейип дүңгирди жулып алды да, кейин қайрылып ешегин жорғалатып кетти. Таяқ таслам жерден мойнын бурып:

-Мен Төребайдың руўхы менен Назаржан ушын хызмет етемен, - деп бақырды ол» (60-бет).

Көрип отырғанымыз сыяқлы бул ўақыя ҳәм диалоглық сөзлерде бир адамның психологиясы менен сана сезиминдеги еки түрли пикир, еки түрли қыялдың гүреси

айқын сәулеленген. Оның бири Мүптилланың Әсияны сатқынлығы, опасызлығы ямаса шыдамсызлығы ушын жек көргенлиги себепли оған жәрдемнен бас тартыўы болса, екиншиден, оның баласы менен мәрт ери ушын мәжбүрий түрде қол көмек бериў нийетиниң өз-ара гүреси бир-бири менен арпалысады. Бул өз-ара ҳақыйқат, шынайы түрде сәулеленген әдебий конфликт сыпатында, әсиресе, Мүптилланың соңғы сөзлеринде, улыўма диалогларға авторлық конфликтлик ситуацияларды дурыс жүклей алыўында айқын көзге тасланады

.

# Әдебиятлар


1. Адабий турлар ва жанрлар (тарихи ва назариясига оид). Уч жилдлик. 1-жилд. – Тошкент: Фан, 1991. -384 б.
2. Александров С. Поэтика Константина Иванова. Вопросы метода, жанра, стиля. – Чебоксары: Чувашское книжное издательство, 1990
3. Анализ литературного произведения. –Ленинград: Наука, 1976. -236 б.
4. Апухтина В. Современная советская проза (60-е – начало 70-х годов). –Москва: Высшая школа, 1977. -176 б.
5. Аристотель. "Поэтика". М., 1957
6. Атымов М. Қазақ романдарының поэтикасы. –Алматы: Ғылым, 1975. -312 б.
7. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. –Нөкис: Билим, 1994. -240 б.
8. Ахметов С., Худайбергенов К. Писатели Советской Каракалпакии. –Нукус: Каракалпакстан, 1983. -220 б.
9. Ахметов С. Қарақалпақстан Республикасының әдебиятшы-алымлары ҳәм сыншылары (биобиблиографиялық көрсеткиш). –Нөкис: Билим, 1993. -136 б.
10. Ахметов С., Есенов Ж. Қарақалпақстан Республикасының жазыўшылары. –Нөкис: Билим, 1995. -112 б.
11. Ахмедов Н. Тарихий шахс талқини. –Тошкент: Ғ.Ғулом номидаги адабиёт ва санъат нашриёти, 1989.
12. Баранов В.И. Трилогия А.Н.Толстого «Хождение по мукам». –Москва: Высшая школа, 1984. -79 б.
13. Барабаш Ю. Алгебра и гармония. О методологии литературоведческого анализа. – Москва: Художественная литература, 1977. -224 б.
14. Барабаш Ю. Вопросы эстетики и поэтики. –Москва: Современник, 1983. -416 б.
15. Барахов В.С. Литературный портрет (Истоки, поэтика, жанр). –Ленинград: Наука, 1985. -312 б.
16. Белецкий А.И. В мастерской художника слова. –Москва: Высшая школа, 1989.
17. Бельчиков Н.Ф. Литературное источниковедение. –Москва: Наука, 1983. -258 б.
18. Баҳадырова С. Роман ҳәм дәўир. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1978.
19. Бахадырова С. Фольклор и каракалпакская советская проза. –Нукус: Каракалпакстан, 1984.
20. Гегель. Эстетика. Т. I. М., 1968.
21. Белинский. Разделение поэзии на роды и виды. ПСС. В. 13 ти т. Т.5. М., 1954
22. Поспелов Г.Н. Проблема историчного развития литературы. М., 1977.
23. Бахтин М.М. Вопросы литературы и эстетики. М., 1977.
24. Кожинов В. Происхождение романа. М., 1963.
25. Чернец Л. Литературные жанры. М., 1982.
26. Чичерин А. Возникновение романа-эпопеи. М., 1972.
27. Нарымбетов Ж. Каракалпакский роман. Т., 1974.
28. Қожықбаев Ә. Қарақалпақ романы. Нөкис, 1980.